O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

*Qol jazba huqi’qi’nda*

UDK: 82-1/-9-3+943.11

Qalilaev Nurlan

# M.Ni’zanov prozasi’nda qaharman obrazi’n jasaw wo’zgesheligi

**Magistratura bo’limi 5A120101–A’debiyattani’w qa’nigeligi (Qaraqalpaq a’debiyati’)**

**Magistr akademik da’rejesin ali’w ushi’n jazi’lg’an dissertaciya**

MAK da jaqlawg’a ruxsat berildi
Magistratura bo’limi basli’g’i’
___________doc., Gulimov A.

Kafedra basli’g’i’:_____________f.i.k. doc., Yusupov Q.

Ilimiy basshi’:________________f.i.k. doc., Nurjanov P.

**No’kis-2015**

**Mazmuni':**

**Kirisiw…………………………………………………………………...3-8**

**I bap. M.Ni'zanov gu'rrin'lerinde qaharman obrazi'n jasaw wo'zgesheligi…………………………………………………………...9-32**

I.1. Gu'rrin'nin' janrli'q ta'biyati' ha'm qaharman obrazi'n izertlewdin' ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri……………………………………………………..9-12

I.2. M.Ni'zanov gu'rrin'lerinde qaharman obrazi'n jasaw wo'zgesheligi…….12-26

**II bap. M.Ni'zanovti'n' povestlerinde qaharman obrazi'n jasaw sheberligi…………………………………………………………………...27-46**

II.1. Povest janri'nda qaharman obrazi'n jasawdi'n' wo'zgesheligi…………..27-29

II.2. M.Ni'zanovti'n' «Yeki qanxor» povestinde turmi's shi'nli'g'i' ha'm ko'rkem haqi'yqatli'q…………………………………………………………...30-39

II.3. M.Ni'zanovti'n' «Aqshagu'l» povestinde qaharman obrazi'n jasaw wo'zgesheligi…………………………………………………………40-43

II.4. M.Ni'zanovti'n' «Aqi'ret uyqi'si'» povestinde ko'rkem sheberlik……...43-48

**III bap. M.Ni'zanovti'n' «Dushpan» romani'nda syujet, konflikt ha'm qaharman obrazi'……………………………………………………....49-71**

III.1. Roman janri'nda qaharman obrazi'n jasawdin' wo'gesheligi…………..49-51

III.2. M.Ni'zanovti'n' «Dushpan» romani'nda qaharman obrazi'n jasawda syujettin' tutqan worni'………………………………………………..51-62

III.3. M.Ni'zanovti'n' «Dushpan» romani'nda konflikt ha'm qaharman obrazi'……………………………………………………………...62-74

**Juwmaq……………………………………………………………75-78**

**Paydalani'lg'an a'debiyatlar…………………………………………...79-81**

# KIRISIW

**Jumi’sti’n’ aktualli’g’i’:** Yelimizde g’a’rezsizliktin’ wornawi’ menen a’debiyati’mi’z jan’a ideyali’q-tematikali’q ha’m janrli’q-stillik bag’darlarda rawajlana basladi’, ko’rkemlik sapasi’ artti’. Ko’p a’sirlik rawajlani’w da’stu’rine iye poeziya menen bir qatarda, milliy proza bul da’wirde wo’zinin’ rawajlani’wi’ni’n’ jan’a basqi’shi’na wo’tti. A’sirese bul na’rse turmi’s shi’nli’g’i’n ken’ yepikali’q maschtapta su’wretleytug’i’n roman janri’na tiyisli. G’a’rezsizlik da’wirindegi roman janri’ni’n’ rawajlani’wi’nda buri’nnan qa’lem terbetip kiyati’rg’an T.Qayi’pbergenov, Sh.Seyitov, A.Paxratdinov, A.Sadiqov, K.Ma’mbetov h.t.basqalar menen birlikte Q.Ma’tmuratov, M.Ni’zanov, H.Ayi’mbetov, K.Allambergenov, A.A’bdiev qusag’an jazi’wshi’lardi’n’ do’retiwshiligi u’lken a’hmiyetke iye. Bulardi’n’ qatari’nda belgili jazi’wshi’, dramaturg ha’m kinoscenarist M.Ni’zanovti’n’ g’a’rezsizlik da’wirindegi gu’rrin’, povest ha’m roman janri’n rawajlandi’ri’wdag’i’ worni’ yelewli boldi’. Woni’n’ satira ha’m yumorli’q gu’rrin’ler toplamlari’, povestleri woqi’wshi’lardi’n’ u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n woyatti’. Na’tiyjede woni’n’ shi’g’armalari’ qaraqalpaq, wo’zbek ha’m wori’s tillerinde basi’li’p shi’qti’. Usi’ ko’z qarastan woni’n’ g’a’rezsizlik da’wirinde jazi’lg’an «Jat jurttag’i’ jeti ku’n», «Aqi’ret uyqi’si’» ha’m «Aqshagu’l» povestlerinin’ wo’zbek tilinde basi’li’p shi’g’i’wi’ milliy prozami’zdi’n’ pu’tkil O’zbekistan ko’leminde belgili boli’wi’na tiykar saldi’. Sonday-aq jazi’wshi’ kinodramaturgiya tarawi’nda da jemisli miynet yetpekte. Woni’n’ qa’lemine tiyisli «Tanka», «Uri’», «Kurort» kinofilmlerinin’ pu’tkil O’zbekistan kino i’qlasbentlerinde u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatti’. Jazi’wshi’ni’n’ «Yeki du’nyani’n’ a’weresi» atli’ komediyasi’ «Noyob nusqa» degen at penen Wo’zbek milliy akademiyali’q teatri’ saxnasi’nda tabi’sli’ tu’rde qoyi’li’wi’ g’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq milliy dramaturgiyasi’ tariyxi’nda yelewli iz qaldi’rdi’. Jazi’wshi’ jan’a a’sirdin’ basi’na kelip XX a’sirdin’ birinshi yari’mi’ndag’i’ qi’yan kesti waqi’yalardi’ su’wretlewge arnalg’an «Dushpan»[1] atamasi’ndag’i’ romani’n baspadan shi’g’ardi’. Jazi’wshi’ jan’a

[1] Нызанов М. Душпан. Роман. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010.

a'sirdin' birinshi won ji'lli'g'i'nda wo'zinin' tan'lamali' shi'g'armalari'ni'n' IV tomli'g'i'n baspadan shi'g'ari'wdi' baslap jiberdi. Woni'n' tan'lamali' shi'g'armalari'ni'n' I-II tomi'na gu'rrin'leri kiredi. Bul gu'rrin'lerde avtor ja'miyetlik, siyasi'y-ekonomikali'q ha'm ruwxi'y turmi'si'mi'zdag'i' ju'z berip ati'rg'an ko'plegen unamsi'z illetlerdi a'shkaralawg'a umti'ladi'. Basqasha aytqanda ati' atalg'an yeki tomdag'i' shi'g'armalarini'n' derlik barli'g'i' yumor satirali'q bag'darda jazi'lg'an. Biraq ta, jazi'wshi'ni'n' bul shi'g'armalari' tuwrali' arnawli' izertlew jumi'slari' joq. Bul na'rse bizin' magistrlik dissertaciya jumi'si'mi'zdi'n' aktualli'g'i'n belgilep beredi.

G'a'rezsizlik da'wirindegi ha'r bir a'debiy tulg'ani'n' ha'm woni'n' shi'g'armalari'ni'n' xalqi'mi'zdi'n' ruwxi'y turmi'si'ndag'i' tutqan worni'n ani'qlaw bizin' aldi'mi'zda turg'an wori'nlani'wi' tiyis a'hmiyetli ma'selelerge kiredi. Wo'ytkeni Prezidentimiz I.A.Karimovti'n' aytqani'nday: «Insandi', woni'n' ruwxi'y du'nyasi'n ashatug'i'n… bir qu'diretli qural bar, wol da bolsa so'zdin' qu'direti, ko'rkem a'debiyat boli'p tabi'ladi'. A'debiyatti'n' insandi' tani'wshi'li'q dep, shayi'r ha'm jazi'wshi'lardi'n' bolsa, insan ruwxi'ni'n' injenerleri dep ta'riypleniwi biykarg'a yemes, a'lbette. …Yeger biz O'zbekistani'mi'zdi' du'nyag'a tani'tpaqshi', woni'n' a'yyemgi tariyxi' ha'm jarqi'n keleshegin uli'g'law, woni' a'wladlar yadi'nda ma'n'gilik saqlamaqshi' bolsaq, yen' da'slep ulli' jazi'wshi'lardi', ulli' shayi'rlardi', ulli' do'retiwshilerdi ta'rbiyalawi'mi'z kerek. Nege degende, ulli' jazi'wshi' Sholpanni'n' aytqani'nday, a'debiyat jasasa – millet jasaydi'»[1].

**Izertlew obekti ha'm predmeti:** Magistrli'q dissertaciya jumi'si'mi'zdi'n' izertlew obekti M.Ni'zanov prozasi'nda qaharman obrazi'ni'n' jasali'w wo'zgesheligin, obrazlar du'nyasi'ni'n' wo'zine ta'nligin ani'qlaw boli'p tabi'ladi'. Usi' maqsette biz izertlew predmeti si'pati'nda M.Ni'zanovti'n' «Tan'lamali' shi'g'armalari'»ni'n' I-II-tomi'na kirgen ayi'ri'm gu'rrin'lerin, «Aqshagu'l», «Yeki qanxor», «Aqi'ret uyqi'si'» povestlerin ha'm «Dushpan» romani'n tan'lap aldi'q. Za'ru'r jerinde M.Ni'zanovti'n' gu'rrin', povest ha'm

[1] Karimov I. A. Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. Tashkent, «Manaviyat», 2008, 136, 139-140-bb.

romanlari’ basqa da jazi’wshi’lardi’n’ usi’ janrdag’i’ shi’g’armalari’ menen sali’sti’rma-tipologiyali’q usi’lda sali’sti’ri’p u’yrenildi.

**Izertlewdin’ tiykarg’i’ ma’seleleri ha’m gipotezalari’.** Biz izertlew jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ ma’seleleri si’pati’nda jazi’wshi’, dramaturg, kinocenarist M.Ni’zanov prozasi’nda qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgesheligin ashi’wdi’ tan’lap alg’an yedik. Na’tiyjede biz jazi’wshi’ni’n’ milliy qaraqalpaq prozami’zdi’ gu’rrin’, povest ha’m roman janri’ salalari’n rawajlandi’ri’wg’a u’lken u’les qosqanli’g’i’n da’lillewdi maqsetke muwapi’q dep tapti’q. Keleshekte de, bizin’ woyi’mi’zsha, jazi’wshi’ turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wda uli’wmainsaniyli’q, gumanistlik principler boyi’nsha su’wretlewin dawam yetedi.

**Jumi’sti’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’:** M.Ni’zanov qaraqalpaq prozasi’nda wo’zine ta’n worni’ bar jazi’wshi’ boli’p tabi’ladi’. Jazi’wshi’ gu’rrin’lerindegi, povestlerindegi, romani’ndag’i’ qaharman obrazi’ jasaw wo’zgesheliklerin, obrazlar du’nyasi’ni’n’ wo’zine ta’nligin talqi’lay woti’ri’p, woni’n’ indvidual stilin, milliy prozami’zg’a qosqan u’lesin belgilew jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti boli’p yesaplanadi’. Usi’ maqsette to’mendegidey wazi’ypalardi’ sheshiwdi maqsetke muwapi’q dep woylaymi’z: -gu’rrin’nin’ janrli’q ta’biyati’ haqqinda ilimiy-teoriyali’q pikirlerge analiz jasaw;

-G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq prozasi’nda qaharman obrazi’n jasawdi’n’ wo’zgesheliklerin ani’qlaw;

-M.Ni’zanov gu’rrin’lerinde qaharman obrazi’n jasawdag’i’ wo’zine ta’nligi;

-M.Ni’zanovti’n’ povestlerinde qaharman obrazi’n jasawdi’n’ wo’zgesheligin ani’qlaw;

-«Yeki qanxor» povestinde turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wda avtordi’n’ sheberligin belgilew;

-«Aqshagu’l» povestinde qaharman obrazi’n jasawdi’n’ wo’zine ta’nligi;

-«Aqi’ret uyqi’si’» povestinde ko’rkem sheberlik ma’selesine toqtaw;

-M.Ni’zanov romanlari’ni’n’ g’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq prozasi’nda tutqan worni’n belgilew;

-M.Ni’zanovti’n’ «Dushpan» romani’nda qaharman obrazi’n jasawda syujettin’ tutqan worni’n belgilew;

-M.Ni’zanovti’n’ «Dushpan» romani’nda konfliktlerdin’ qaharman obrazi’n jasawdag’i’ xi’zmetin ani’qlaw;

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m metodologiyali’q negizi:** Biz izertlew bari’si’nda Prezident I.A.Karimovti’n’ a’debiyat ha’m ko’rkem wo’nerdi rawajlandi’ri’w haqqi’ndag’i’ ko’rsetpelerin basshi’li’qqa aldi’q. Sog’an qosi’msha bizin’ jumi’si’mi’zdi’n’ teoriyali’q ha’m metodologiyali’q tiykari’ retinde «Adabiy turlar va janrlar» (Toshkent, 1991), «Hozirgi wo’zbek adabiyotining milliy wo’ziga hosligi» (Toshkent, 1984), T.Boboevti’n’ «Adabiyotshunoslikka kirish» (Toshkent, 2009), ye.Qudayberdievti’n’ «Adabiyotshunoslikka kirish» (Toshkent, 2003), N.Hotamov ha’m B.Sarimsoqovti’n’ «Adabiyotshunoslik terminlarining ruscha-o’zbekcha izohli lug’oti» (Toshkent, 1979), S.Axmetov, Q.Sultanovti’n’ «A’debiyattani’w» (No’kis, 1987), S.Axmetov, J.Yesenov, Q.Ja’rimbetovti’n’ «A’debiyattani’w atamalari’ni’n’ wori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi» (No’kis, 1994), S.Bahadi’rovanin’ «Ha’zirgi qaraqalpaq gu’rrin’leri» atamasi’ndag’i’ kandidatli’q dissertaciyasi’ (1970), sonday-aq, usi’ avtordi’n’ «Gu’rrin’ ha’m jaslar tvorshestvosi’» («A’miwda’rya», 1970, №3), jas ilimpaz Z.Qi’taybekovani’n’ «G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq gu’rrin’i» atamasi’ndag’i’ miynetinen, h.t.b miynetlerdegi ilimiy-teoriyali’q pikirlerden paydalani’ldi’. Bir qansha teoriyali’q miynetlerden metodologiyali’q tiykar si’pati’nda paydalani’ldi’. Sonday-aq jumi’si’mi’zdi’ jazi’w bari’si’nda qaraqalpaq a’debiyatshi’ ali’mlari’ M.Nurmuxammedov, Q.Sultanov, S.Bahadirova, K.Mambetov, Q.Worazi’mbetov, I.Wo’tewliev ha’m tag’i’ basqa a’debiyatshi’ ali’mlardi’n’ miynetindegi ilimiy-teoriyali’q juwmaqlardi’ basshi’li’qqa aldi’q.

**Jumi’sti’n’ izertleniw da’rejesi:** M.Ni’zanov milliy prozami’zg’a wo’zinin’ yumor-satirali’q gu’rrin’leri, povestleri menen wo’tken a’sirdin’ 80-ji’llari’ kirip keldi. Avtordi’n’ jaqi’n ji’llar ishinde woqi’wshi’li’ri’na usi’ng’an

«Tan'lamali' shi'g'armalari'»ni'n' II tomli'g'i' (2008, 2009), «Yeki qanxor», «Aqshagu'l» ha'm «Aqi'ret uyqi'si'» povestleri ha'zirgi da'wirdin' aktual problemalari'n ko'tergenligi ha'm woni' sheber ashi'p bere alg'anli'g'i' menen kitap qumarlardi'n' ju'reginin' to'rinen wori'n aldi'. Sonli'qtan da, jazi'wshi'ni'n' prozali'q shi'g'armalari haqqi'nda K.Mambetov[1], K.Quramboev[2], J.Yesenov[3], Q.Worazi'mbetov[4], P.Nurjanov[5], J.Sag'iydullaeva[6] ha'm tag'i' basqa ilimpazlar wo'z pikirlerin bildirdi. Woni'n' gu'rrin' ha'm povestleri a'debiy ja'miyetshilik ta'repinen joqari' bahalandi'. Biraq ta, jazi'wshi'ni'n' 2008-2009-ji'llari' «Qaraqalpaqstan» baspasi'nan jari'q ko'rgen «Tan'lamali' shi'g'armalari'»ni'n' I-II tomli'g'i' tuwrali' a'debiy-si'n pikirler yele bildirilgen joq. Al, «Aqshagu'l», «Aqi'ret uyqi'si'» povestleri tuwrali' tek g'ana prof.Q.Worazi'mbetov ha'm J.Sagidullaevalardi'n' pikirlerinen basqa usi' waqi'tqa shekem pikirler bildirilgen joq. Sonli'qtan da biz wo'zimizdin' magistrlik dissetaciyami'zda joqari'da ati' atalg'an ilimpazlardi'n' miynetlerindegi ilimiy-teoriyali'q juwmaqlarg'a su'yengen halda jazi'wshi' prozasi'nda qaharman obrazi'ni'n' jasali'w wo'zgesheligin arnawli' tu'rde izertlewdi maqul ko'rdik.

**Jumi'sti'n' ilimiy jan'ali'g'i'.** M.Ni'zanov milliy prozami'zg'a wo'zinin' gu'rrin', povest ha'm romanlari' menen ideyali'q-tematikali'q ha'm janrli'q ko'zqarastan bir qansha jan'ali'qlar yendirgen jazi'wshi'. Usi'g'an qaramastan, jazi'wshi' do'retiwshiliginde qaharman obrazi'ni'n' jasali'w wo'zgesheligi qi'sqasha maqalalardi' yesapqa almag'anda derlik izertlenbedi. Bizin' bul jumi'si'mi'z M.Ni'zanovti'n' prozasi'nda qaharman obrazi'ni'n' jasali'w wo'zgesheligin, woni'n' shi'g'armalari'ni'n' obrazlar du'nyasi'ni'n' ayri'qshali'g'i'n magistrlik dissertaciya talaplari'na muwapi'q ken' tu'rde

---

[1] Мамбетов К. Ғәрезсизлик дәуириндеги қарақалпақ әдебияты ҳәм оның гейпара мәселелери //«Еркин Қарақалпақстан», 2001, 16-январь.

[2] Қурамбоев К. Қорақалпоқ сатирасининг дарғалари-Адабий жараён. Ижод маъсуляти. Адабий алоқалар. Тошкент, 2009. 355-373-бб.

[3] Есенов Ж. Таныл ған тулғалар (жазыўшы портретине штрихлар). Нөкис: «Қарақалпақстан», 2006, 84-92-бб. Усы автор. Талантты ң гейпара сырлары //«Қаракалпақстан жаслары», 2011, 2-июнь.

[4] Оразымбетов Қ. Тынышсыз руўх толғаныслары. Алғы сөз-М.Нызанов. Ақырет уйқысы. Повесть. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2008. Усы автор. Кеўил дүньямызға ҳүжим (жазыўшы дөретиўшилигине штрихлар)-Ҳәзирги филология илиминиң актуал мәселелери. Нөкис: 2011, 122-126-бб. Усы автор. Инсанный руўхый кеширмелери жазыўшы дөретиўшилигине штрихлар//«Еркин Қарақалпақстан», 2011, 14-май.

[5] Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәуириндеги қарақалпақ прозасы. No'kis: «Билим», 2003.

[6] Сағыйдуллаева Ж. «Ақырет уйқысы»ндағы кеўил толғаныслары// «Еркин Қарақалпақстан», 2009, 21-май.

u'yreniwge bag'i'shlang'an da'slepki arnawli' jumi's boli'p yesaplanadi'. Bular jumi'si'mi'zdi'n' ilimiy jan'ali'g'i'n belgilep beredi.

**Izertlewdin' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti.** Magistrlik dissertaciya jumi'si'mi'zdi'n' juwmaqlari'nan ha'm ilimiy izertlew bari'si'nda ali'ng'an analiz na'tiyjelerinen a'debiyatqa qi'zi'g'i'wshi'lar, a'debiyat ilimi menen shug'i'llani'wshi'lar, woqi'wshi'lar, izleniwshiler paydalani'wg'a boladi'. Sonday-aq, XX a'sir qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha lekciya tekstlerin qayta islewde, sabaq wo'tiw bari'si'nda paydalani'wg'a boladi'.

**Jumi'sti'n' quri'li'si':** Bizin' jumi'si'mi'z «Kirisiw», yeki bap, «Juwmaq» ha'm paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen ibarat. I bap «M.Ni'zanov gu'rrin'lerinde qaharman obrazi'n jasaw wo'zgesheligi» dep atali'p, wol wo'z na'wbetinde yeki: «Gu'rrin'nin' janrli'q ta'biyati' ha'm qaharman obrazi'n izertlewdin' ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri» ha'm «M.Ni'zanov do'retiwshiliginde gu'rrin' janri'ni'n' tutqan worni'» bo'limlerinen turadi'. II bap «M.Ni'zanovti'n' povestlerinde qaharman obrazi'n jasaw sheberligi» dep atali'p, wol da wo'z na'wbetinde to'rt bo'limnen turadi': 1-bo'lim «Povest janri'nda qaharman obrazi'n jasawdi'n' wo'zgesheligi», 2-bo'lim «M.Ni'zanovti'n' «Yeki qanxor» povestinde turmi's shi'nli'g'i' ha'm ko'rkem haqi'yqatli'q»; 3-bo'lim «M.Ni'zanovti'n' «Aqshagu'l» povestinde qaharman obrazi'n jasaw wo'zgesheligi» dep atalsa; 4-bo'lim «M.Ni'zanovti'n' «Aqi'ret uyqi'si'» povestinde ko'rkem sheberlik» dep ataladi'. Jumi'si'mi'zdi'n' III babi' «M.Ni'zanov romanlari'nda syujet, konflikt ha'm qaharman obrazi'» depatali'p,wol wo'z na'wbetinde: «Roman janri'nda qaharman obrazi'n jasawdin' wo'gesheligi», «M.Ni'zanov romanlari'nda qaharman obrazi'n jasawda syujettin' tutqan worni'» ha'm «M.Ni'zanov romanlari'nda konfliktlerdin' qaharman obrazi'n jasawdag'i' xi'zmeti» dep atalg'an u'sh bo'limnen turadi'. «Juwmaq»ta biz ilimiy jumi's bari'si'nda kelgen ilimiy teoriyali'q pikirlerimiz i'qshamlasti'ri'li'p berildi. Paydalani'lg'an a'debiyatlar jumi'sti'n' aqi'ri'nda ha'zirgi bibliografiya iliminin' qa'delerine muwapi'q jaylasti'ri'ldi'.

## I bap. M.Ni'zanov gu'rrin'lerinde qaharman obrazi'n jasaw wo'zgesheligi

### I.1. Gu'rrin'nin' janrli'q ta'biyati' ha'm qaharman obrazi'n izertlewdin' ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri

Gu'rrin' adam xarakterin ken' ashi'p beretug'i'n, turmi's shi'nli'g'i'n ha'r ta'repleme su'wretleytug'i'n a'debiyatti'n' belgili bir tu'ri. Gu'rrin' yepikali'q tu'rge kiretug'i'n kishi ko'lemli janr boli'p, wol bir-yeki yepizodti' su'wretleytug'i'n waqi'yali' prozali'q shi'g'arma, boli'wi menen birge, wo'zine ta'n imkaniyatlari'na ha'm turmi'sli'q masshtabti' ken' su'wretlep beriw qa'siyetine iye. Gu'rrin'de su'wretlenip ati'rg'an waqi'ya wo'zinin' a'hmiyetliligi ta'repinen yepikali'q tu'rdin' roman, povest si'yaqli' janrlari'nan pari'qlanbasa da, biraq su'wretlew ko'lemi, syujet ha'm kompoziciysi'ni'n' a'piwayi'li'g'i', bayanlani'wi' tiykari'nan bir shaxs ta'repinen ali'p bari'li'wi' jag'i'nan aji'rali'p turadi'[1]. Gu'rrin'ler geypara jag'daylarda proza tilinen ti'sqari' qosi'q penen de jazi'la beriwi mu'mkin.

Epikali'q janrdi'n' basqa tu'rleri menen sali'sti'rg'anda gu'rrin'nin' wo'zine ta'n belgileri bar ha'm wolar to'mendegilerden ibarat: gu'rrin'ge qatnasi'wshi' qaharman az, waqi'ya bir yamasa bir neshe adamni'n' aylanasi'nda ji'ynaqlani'p beriledi, qalg'anlari' yekinshi da'rejeli qaharman si'pai'nda boladi'. Waqi'yani'n' yepizodi' sheklengen boladi'. Gu'rrin'de su'wretlew basli' wori'ndi' iyeleydi ha'm adam xarakteri, ko'binshe, dialog penen ashi'ladi'. Xarakter gu'rrin'de sheshiwshi wori'ng'a iye.

Rus a'debiayti'nda A.P.Chexov, Gorkiy, Sholoxovti'n', wo'zbek a'debiyati'nda A.Qodriy, A.Qahhor, G'.G'ulom, wo.Yoqubov, S.Axmad, S.Zununova, wo'.O'morbekov si'yaqli' jazi'wshi'lar ta'repinen gu'rrin'nin' jaqsi' u'lgileri jazi'ldi'. Al, qaraqalpaq a'debiyati'na gu'rrin' janri' XX a'sirdin' 30-ji'llari' payda boldi'. Bul da'wirde jazi'lg'an gu'rrin'lerge N.Da'wqaraevti'n' «Internatta» ha'm «Partizanlar» atli' do'retpelerin kirgiziwimizge boladi'.

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша қысқаша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: «Билим», 1994, 162-б.

Soni'nan J.Aymurzaev, I.Yusupov, Q.Sultanov, Wo'.Xojaniyazov, G.Yesemuratova, S.Saliev tag'i' basqalardin' shi'g'armalari' menen bayi'di'. Al, qosi'q penen jazi'lg'an gu'rrin'lerge X.Da'wletnazarovti'n' «Xosh qal, jasli'g'i'm» atli' kitabi'na kirgizilgen do'retpelerin kirgiziw mu'mkin. Wolarda bayanlaw prozali'q si'patqa iye bolg'ani' menen lirikali'q su'wretlewler, qaharmanni'n' ishki ruwxi'y halatlari'n beriw basi'm wori'nlardi' iyeleydi. Son'g'i' da'wirlerde Wo.A'bdiraxmanov, K.Smamutov, M.Tawmuratov, M.Ni'zanov, S.Jumag'ulovlardi'n' gu'rrin' jazi'wdag'I' izleniwshilikler gu'rrin' janri'ni'n' bunnan bi'lay da rawajlani'wi'na wo'z u'leslerin qosi'p kiyati'r.

«Obraz-ko'rkem a'debiyat penen ko'rkem wo'ner shi'g'armalari'nda turmi's haqi'yqatli'g'i'n belgili bir usi'llarda sa'wlelendirgen ja'miyetlik qubi'li'slar, ta'biyiy ko'rinisler ha'm adamlardi'n' minez qulqi', a'dep-ikramli'li'g'i' (xarakteri). A'debiy do'retpelerde ko'birek obraz atamasi'nda jazi'wshi' ta'repinen su'wretlengen insan minez-qulqi', woni'n' du'nyag'a ko'zqarasi', woy-pikiri ha'm sezimler a'lemi tu'siniledi»[1]. Jazi'wshi' ko'rkem obraz arqali' du'nyani' an'laydi', wo'zi an'lag'an tu'sinikti ha'm wo'zinin' an'lap ati'rg'an na'rsege yemocionalli'q mu'na'sibetin sa'wlelendiredi. Usi' ko'zqarastan obraz a'debiyat ha'm iskusstvoni'n' pikirlew formasi', usi'li' yesaplanadi'. A'debiyatta jazi'wshi'lar obraz arqali' tek g'ana ja'miyetlik rawajlani'wdi'n' uli'wmali'q, wortaq bolg'an basil' belgilerin sa'wlelendirip qoymastan, al shi'g'armag'a qatnasi'wshi' qaharmanlardi'n' jeke minez-quli'q belgilerin de ashi'p beredi ha'm sol sebepli wol a'debiyattag'i' «qaharman» tu'sinigi menen ti'g'i'z baylani'sli'. Al, bul na'rse bolsa wo'z gezeginde jazi'wshi'ni'n' qaharmanlardi'n' ishki ruwhi'y a'lemin ashi'p beriwdegi sheberligin keltirip shi'g'aradi'. Wo'ytkeni, M.Gorkiy ayi'tqani'nday «birew-saqi'y, birew-si'qmar, birew-mi'lji'n', birew az so'yleydi, birew-mehriban, birew-tas bawi'r». Mine, bulardi' wo'z worni'nda do'retpenin' negizgi bag'dari'na baylani'sli' ashi'p ko'rsete biliw jazi'wshi' ushi'n an'sat yemes. Demek, obraz terminin konkret insang'a qollani'liwi'na qarap, obraz

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша қысқаша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: «Билим», 1994, 148-б.

tu’sinigin to’mendegishe ta’riyiplew mu’mkin: jazi’wshi’ni’n’ baqlawlari’ tiykari’nda payda bolg’an, woni’n’ fantaziyasi’ na’tiyjesinde do’regen, belgili bir ideyani’ tasi’wshi’ insan wo’mirinin’ konkret ha’m uli’wmalasqan ko’rinisi obraz dep ataladi’.

Yeger de buri’n ko’pshilik a’debiyatshi’-ilimpazlar ta’repinen obrazlar jazi’wshi’ni’n’ yestetik ideali’na sa’ykes keliwi yaki sa’ykes kelmewine baylani’sli’ sha’rtli tu’rde yekige: unamli’ ha’m unamsi’z obrazlar dep bo’linip ju’rgen bolsa, ha’zir bul atamalardi’n’ ilimde ha’m ko’rkem a’debiyatta ma’nisinin’ tarayi’p barati’rg’anli’g’i’n ko’remiz. Sebebi turmi’sti’n’ wo’zinde de tap yerteklerdegidey su’tten aq, suwdan taza adamlardi’ tabi’w qi’yi’n. Sonli’qtan da biz obrazlardi’ shi’g’armada tutqan worni’ ha’m wazi’ypasi’na qarap a’debiyattani’wda tu’rlishe: personaj, bas qaharman, yekinshi da’rejeli qaharman, xarakter, tip si’yaqli’ terminler menen ataladi’.

Ko’rkem shi’g’armadag’i’ obrazlar wo’zinin’ shi’g’armadag’i’ worni’ ha’m atqaratug’i’n wazi’ypasi’na qarap, yeki tu’rli boladi’. Yeger personaj shi’g’arma waqi’yalari’ni’n’ worayi’nda turi’p, syujet waqi’yalari’n ha’reketke keltirse, shi’g’arma konfliktinin’ sheshiliwinde jetekshi ro’l woynasa, jaziwshi’ni’n’ alg’a qoyg’an ideyasi’n ashi’p bere alsa, bunday personaj shi’garmani’n’ bas qaharmani’ boli’p yesaplanadi’. Ko’p jag’daylarda ko’rkem shi’g’arma worayi’nda bir yemes, bir-biri menen ten’ wazi’ypani’ atqaratug’i’n bir neshshe obrazlar turadi’. Bunday obrazlardi’n ha’r qaysi’si’ bas qaharman boli’p yesaplana beredi. Yeger personaj ko’rkem shi’g’armani’n’ worayi’nda turmasa da, qa’legen bir ta’repi menen jaziwshi’ni’n’ alg’a qoyg’an ideyasi’n ju’zege shi’g’ari’wg’a, woni’ tolti’ri’wg’a xi’zmet qi’lsa, bunday obrazlar yekinshi da’rejeli obrazlar boli’p sanaladi’.

Ko’rkem obrazdi’n’ belgileri haqqi’nda so’z ketkende, birinshi gezekte, woni’n’ indviduallasti’ri’lg’an uli’wmali’q si’pati’nda ko’rinetug’i’nli’g’i’na toqtali’w kerek. Barli’qtag’i’ ha’r bir na’rse-ha’diysede tu’rge ta’n uli’wmali’q belgiler ha’m soni’n’ menen birge woni’n’ wo’sine g’ana ta’n belgileri bar. Roman ushi’n obraz jarati’wda ko’rkem obraz to’mendegi belgige iye boli’wi kerek: uli’wmali’li’q, konkretlilik, indvidualli’q, ko’rkem toqi’madan paydalani’w,

su'wretlewde ta'sirshen'likke yerisiw. Bular ko'rkem obrazdi'n' belgileri boli'p, wolardi' sha'rtli tu'rde, ha'r bir jazi'wshi'ni'n' obraz jasawdag'i' tiykarg'i' qurallari' dep atasaq qa'telespeymiz.

Jazi'wshi' du'nyani' obrazlar arqali' ko'redi. Woni'n' ushi'n janli'-jansi'z zat ha'm qubi'li'slardi'n' ha'mmesi de obrazlar du'nyasi'. «Obrazli' pikirlew barli'qta janli' baqlawdan, seziwden baslanadi' ha'm Sali'sti'ri'w na'tiyjesinde tuwi'latug'i'n jan'dan-jan'a sezimler ha'm qa'liplesip, rawajlani'p baratug'i'n ideyalar, pikirlerdin' sheksiz ag'i'mi'nan ibarat boladi'»[1]

M.Ni'zanov 30 ji'ldam aslam waqi'ttan beri qaraqalpaq satirasi'n rawajlandi'ri'wg'a u'les qosi'p kelmekte. Biz, joqari'da keltirilgen pikirlerge su'yengen halda bul bo'limde M.Ni'zanovti'n' gu'rrin'lerindegi obrazlar sistemasi'na toqtap wo'temiz.

### I.2. M.Ni'zanov gu'rrin'lerinde qaharman obrazi'n jasaw wo'zgesheligi

Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiyati'ndag'i' satira ha'm yumor jani'rlari'nda yerisilgen tabi'sli'r, yele paydalani'lmag'an imkaniyatlar tikkeley M.Ni'zanov, S.Jumag'ulov h.t.b talantli' ha'm belgili satirik jazi'wshi'lardi'n' atlari' menen baylani'sli' desek boladi'.

Wolardi'n' ishinde, a'sirese, M.Ni'zanov haqi'yqat professional satirik jazi'wshi' da'rejesine ko'terilgen, shi'g'armalari' arqali' tek Qaraqalpaqstanda g'ana yemes, al qon'si' respublikalarda da tani'lg'an ha'm ta'n ali'ng'an talant iyesi boli'p tabi'ladi'.

M.Ni'zanov 30 ji'ldam aslam waqi'ttan beri qaraqalpaq satirasi'n rawajlandi'ri'wg'a u'les qosi'p kelmekte. Ko'plegen gu'rrin'leri ha'm povestleri Qaraqalpaqstan, O'zbekistan gazeta-jurnallari'nda basi'ldi', kitap formasi'nda wo'z woqi'wshi'lari'na jetip bardi'. Komediyalari' «Qaraqalpaqstan teatrlari'nda g'ana yemes al, Worayli'q Aziya republikalari'ni'n' bir qatar teatrlari'nda saqnalasti'ri'li'p u'lken tabi'slardi' qolg'a kirgizdi. Kitaplari' basqa tillerge awdari'li'p, baspalarda jari'q ko'rdi. Tek g'ana g'a'rezsizlik ji'llari'nda woni'n'

[1] Худайбердиев Е. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, 2003, 47-б.

«O’zga sayyorada yetti kun», «Tekin tarvuz» kitaplari’ni’n’, «Aqshagu’l», «Aqi’ret uyqi’si’» povestlerinin’ «Jahon adabiyoti» betlerinde basi’li’p shi’g’i’p, pu’tkil O’zbekistan kitap woqi’wshi’lari’na belgili boli’wi’, sonday-aq, woni’n’ gu’rrin’lerinin’ «Mushtum», «Yoshlik» jurnallari’, «O’zbekiston adabiyoti va san’ati» gazetasi’ betlerinde jari’q ko’riwi M.Ni’zanovti’n’ milliy prozami’zdi’n’ rawajlani’wi’na salmaqli’ u’les qosi’p ati’rg’anli’g’i’nan derek beredi.

M.Ni’zanov shi’g’armalari’nda satirali’q bag’dar basli’ wori’n iyeleydi. Bul qa’siyet, a’sirese, woni’n’ gu’rrin’lerinde attan ani’q ko’zge taslanadi’. Soni’n’ menen birge, woni’n’ ayi’ri’m gu’rrin’lerinde jazi’wshi’ni’n’ ideali’na mas kelmeytug’i’n geypara adamlardi’n’ xarakterindegi kemshilikler jen’il yumor, ku’lki arqali’ sheberlik penen si’ng’a ali’ng’an. «Pashshayi’ ko’ylegim» gu’rrin’i sonday xarakterdegi komik shi’g’arma. Menimshe, «Pashshayi’ ko’ylegim» M.Ni’zanovti’n’ satirali’q gu’rrin’lerindegi jan’ali’q boldi’. Gu’rrin’ xalqi’mi’z arasi’na belgili boli’p ketti. Wo’zbek tiline de awdari’ldi’. Wo’zbek aktyorlari’ atqari’wi’nda «Televiziyali’q miniatyuralar teatri’» arqali’ pu’tkil O’zbekistan xalqi’na ko’rsetildi. Gu’rrin’ a’hmiyetli bir temag’a bag’i’shlang’an. Yeger qosi’qshi’ wo’z ustinde izlenip, repertuari’n bayi’ti’p barmasa, bir waqi’tlari’ u’yrenip alg’an qosi’g’i’ menen maqtani’p ju’re berse, adamlardi’n’ hu’rmetinen bos qali’wi’ attan ani’q na’rse. Pu’tkil wo’miri dawami’nda ayti’la berip si’yqasi’ shi’qqan bir qosi’g’i’ menen «ku’n ko’rip», adamlardi’n’ jani’na tiyip ju’rgen qosi’qshi’lar ha’zir de joq yemes. «Pashshayi’ ko’ylegim» de a’yne usi’nday yerinshek qosi’qshi’lar ku’lki asti’na ali’ng’an. Gu’rrin’nin’ qaharmani’ Toti’gu’l Tajievna usi’nday tiptegi qosi’qshi’lardi’n’ wa’kili. Wol woti’z ji’ldan berli bir qosi’qti’–«Pashshayi’ ko’ylegim» di atqari’p kelgen. Shet yel sayaxatlari’nda da usi’ qosi’q penen saxnag’a shi’g’adi’. Woni’n’ yubileyi ku’ni de usi’ qosi’q aytti’ri’li’p qoyi’ladi’. Radio plastinkasi’na da «Pashshayi’ ko’ylegim» di jazdi’rg’an h.t.b. Sebebi, woni’n’ bisati’nda basqa qosi’q joq. Basqasi’ qoli’nnan da kelmeydi.

Bul gu’rrin’ a’yne bu’gingi ku’nnin’ shi’g’armasi’. «Pashshayi’ ko’ylegim» Toti’gu’l Tajievnag’a uqsag’anlarg’a sabaq boli’wi’ ushi’n jazi’lg’anday tu’yiledi

bizge. Gu'rrin'nin' bayanlaw formasi' da ju'da' woriginal. Waqi'ya radio xabarshi'si' menen shi'g'arma qaharmani' wortasi'ndag'i' dialogqa quri'lg'an. Xabarshi'ni'n' sorawlari' menen tu'siniklerinde sa'wbetlesinin' iskerligine baylani'sli' qanday da bir si'rli' ku'lki, qosi'qshi'ni'n' u'stinen ku'liw, woni' masqaralaw ma'nisinin' barli'g'i'n woqi'wshi' bayqaydi'. Uli'wma, jazi'wshi' yeki yari'm-u'sh betlik gu'rrin'de ha'zirgi wo'mirimiz, ma'deniyati'mi'z ushi'n ju'da' a'hmiyetli bolg'an bir ma'seleni ko'tergen ha'm ibratli' juwmaq shi'g'arg'an.

M.Ni'zanovti'n' ko'rkem-estetikali'q woylaw da'rejesi ken' ha'm biyta'krar, pikir ju'ritiw usi'li' ra'n'be-ra'n'. Wol alg'a ilgerilewimizge tosqi'nli'q yetip ati'rg'an ha'r qanday kemshilikti teren' an'lap, satirali'q bag'darda sheberlik penen su'wretley aladi'. Wol wo'mirdi na'zik tu'rde baqlap ju'retug'i'n jazi'wshi'lar topari'na kiredi. Jazi'wshi' wo'z ideali'na say yemes turmi's faktlerin tez tan'lap aladi' ha'm wonnan u'lken ja'miyetlik ma'ni shi'g'ari'w ushi'n sheberlik penen paydalanadi'. Bir so'z benen aytqanda turmi's haqi'yqati'nan u'lken ko'rkem haqi'yqat jarati'wg'a sheber jazi'wshi'. Ku'ndelikli turmi'sta derlik ha'r ku'ni ushi'rasi'p turatug'i'n siz benen biz wonday itibar bere bermeytug'i'n a'piwayi' waqi'yalardan da avtor woqi'wshi' ushi'n sabaq bolatug'i'n da'rejedegi gu'rrin'ler jarata aladi'. Mi'sali', yemlewxanada dawalani'p shi'qqan bir awi'ri'wdi'n' kewlin ko'teriwdin' worni'na «Yemi joq da'rtke joli'qqan qusaysan'. Bet a'lpetin'e qara, di'm g'ana boldi'ri'p qali'psan' g'oy. «Awi'ri'w atani' sho'ktiredi» degen balam. Shi'm-shi'rqaday ballari'n' bar» si'yaqli' so'zleri menen bir biyshara jigittin' den sawli'g'i'n to'menletiwge sebepshi bolg'an bazi' bir kimselerdin' parasatsi'zli'g'i' a'shkara yetilgen. «Awi'ri'p qaldi'n'i'z ba?» gu'rrin'i bir dastu'rxan basi'nda qan basi'mi' ba'lent bolg'an u'sh ma'keme basli'g'i'na xi'zmet qi'laman dep wo'zi de usi'nday da'rtke shali'ng'an bir jas jigittin' halati' ku'lki asti'na ali'ng'an. «Qan basi'mi'» satirasi', jas u'lkenlerdin' u'git-na'siyatlari'n naduri's qabi'llap, wolardi' yeskishe pikirlewde, zamannan artta qalg'anli'qta ayi'plap, u'stinen ku'letug'i'n jaslardi'n' is-ha'reketleri si'ng'a ali'ng'an. «Adamni'n' yeskisi» atli' gu'rrin'i

ha’m tag’i’ basqa bir du’rkin gu’rrin’lerindegi satirali’q halatlardi’n’ su’wreleniwi ju’da’ turmi’sshi’n’ ha’m teren’ ma’nige iye.

M.Ni’zanovti’n’ ayi’ri’m gu’rrin’lerinde su’wretlengen waqi’yalar mayda-shu’yde ga’plerge usap ketiwi mu’mkin. Biraq, bul waqi’yalardi’n’ tami’ri’na teren’irek na’zer taslansa, negizinde insan ta’g’diri menen baylani’sli’ sonday na’zik ta’replerdin’ bar yekenligin abaylawg’a boladi’, wolarg’a biypa’rwa qarawg’a bolmaydi’. Bul kemshiliklerdin’ aldi’n ali’w, ha’r birine wo’z aldi’na qarsi’ gu’res apari’wi’ za’ru’rligi ha’r bir satirik jazi’wshi’ moyni’ndag’i’ juwapkerli wazi’ypa boli’p tabi’ladi’. M.Ni’zanovti’n’ gu’rrin’leri mine usi’ za’ru’rlikten tuwi’lg’an. Usi’ ko’zqarastan, avtordi’n’ «Fatima», «Ayi’p wo’zimde», «Biz yelestirmeydi yekenbiz» ha’m tag’i’ basqa bir talay gu’rrin’leri turmi’si’mi’zdag’i’ ha’r qi’yli’ unamsi’z isler, insan xarakterindegi anaw ya mi’naw kemshilikler ga’ ha’zil, ga’ ashshi’ satira joli’ menen qaralanadi’. Jazi’wshi’ qaysi’ bag’dardi’ tan’lamasi’n turmi’s haqi’yqati’na a’mel qi’ladi’. Soni’n’ ushi’n da biz, woni’n’ satirali’q gu’rrin’indegi qaharmanlar siz benen bizin’ arami’zda ju’rgen zamanlasi’mi’z yekenligin sezip turami’z.

M.Ni’zanovti’n’ satirali’q shi’g’atmalari’ndag’i’ yen’ basli’ ko’zge tu’setug’i’n ko’rkemlik poetikali’q sheberlik poetikali’q qa’siyetlerdin’ yen’ a’hmiyetli ta’replerinin’ biri–bul syujet du’ziw ha’m sog’an sa’ykes tu’rdegi ishki konfliktlerdi wori’nli’ tan’law, syujetlik kompoziciyali’q bir tutasli’q penen ha’r bir gu’rrin’inin’ wo’zine sa’ykes uzaq ya’ki qi’sqa tu’rdegi si’rtan birden–aq ko’zge tu’setug’i’n suli’wli’g’i’n, poetik go’zzlli’g’i’n ta’miyinlew boli’p tabi’ladi’. A’piwayi’raq yetip aytqanda, jazi’wshi’ni’n’ geypara gu’rrin’leri biraz uzaq syujetlerge quri’lg’an bolsa, al woni’n’ ayi’ri’m shi’g’armalari’ si’rttan qarag’anda ju’da’ qi’sqa, kitap betlerinen bir–yeki betten aspaydi’, biraq wol wo’zinin’ ideyali’q yestetikali’q ha’m poetikali’q wazi’ypalari’n toli’q atqarg’an boli’p keledi. Mi’sali’, woni’n’ «Da’rwaza», «Deputatti’n’ minnet», «Turdi’baydi’n’ balasi’», «Taza hawa» si’yaqli’ gu’rrin’leri biraz uzaq turmi’sli’q waqi’yalardi’ wo’z ishine qamti’p, a’debiy qaharmalardi’n’ wo’mirinin’ bir qansha basqi’shlari’n su’wretlewi menen, yag’ni’y yepikali’q tu’rdegi biraz ken’ligi

menen si'patlanadi'. Al, woni'n' ja'ne bir syujetlik–kompoziciyali'q toparg'a kiretug'i'n «Taraq», «Qa'tesiz jazatug'i'n adam» si'yaqli' gu'rrin'lerinde bolsa, qaharman wo'mirinin' qi'sqa bir ma'wiritlerindegi tiyimli ha'm poetikali'q jaqtan uti'mli' bolg'an waqi'yalar tiykarg'a ali'ni'p, sol arqali' tan'lang'an obrazlardi'n' ishki du'nyasi' ashi'ladi'. Wo'mir menen turmi'si'mi'zdi'n', social–ja'miyatlik, psixologiyali'q si'patlardi'n' unamsi'z qa'siyetleri teren'nen ashi'ladi'. Solardi'n' ayi'ri'mlari'na tallaw jasasaq, «Qa'tesiz jazatug'i'n adam» gu'rrin'inde M.Ni'zanov bir jazi'wshi' tipindegi a'debiy qaharmanni'n' mashinka basi'wshi' kelinshek penen bolg'an qatnaslari'ndag'i' tiyimli, uti'mli ha'm za'ru'rli bir waqi'yag'a tiykarlani'p, yag'ni'y wol jibergen, biz joqari'da ko'rsetken ayi'ri'm leksiko–grammatikali'q qa'telerdi keltiriw arqali'–aq,a'debiy qaharmanni'n' unamsi'z si'patlari'n wo'tkir satirali'q usi'lda teren' ha'm ta'sirli su'wretlewge yerisken. Sonday-aq, «Taraq» gu'rrin'inde bolsa, bir yerli–zayi'pli'lardi'n' demali's u'yine kelgenligin, wolardi'n' da'slepki ku'ni wo'zlerine tiyisli jataq wori'n tappay biri gezekshinin' qasi'nda, ja'ne birewi sanatoriya da'lizinde tu'newge ma'jbu'r boli'p, yerten'ine bolsa basqa birewlerdi: yeki qi'z–kelinshek jatqan bo'lmege jaylasqani', sol bo'lmedegilerdin' joqarg'i' qabatqa ko'shirilgeni, son'i'nan wolardi'n' birewi kelip, yerli zayi'pli'lardi'n' nashari' arasi'ndag'i' tosi'nnan bolg'an konfliktlerdi wo'tkir ha'm qi'sqa sa'wlelendiriw arqali' wo'mirdegi an'si'zli'q penen itibarsi'zli'qti', shan'araq, semya, turmi's ma'selesindegi qi'zg'anshaqli'q penen asi'g'i'sli'qti'n' unamsi'z ha'reketlerin wo'tkir satira–yumarli'q bag'i'tta ashadi'.

Jazi'wshi' wo'mirdin' qi'sqa ma'wiritlerindegi waqi'ya arqali'-aq, insan balasi' menen a'debiy qaharmandag'i' an'si'zli'qtan, itibarsi'zli'qtan kelip shi'qqan qi'zg'ani'sh wotlari'ni'n' unamsi'z na'tiyjelerin ashadi'. Basqasha so'z benen aytqanda, M.Ni'zanov bul arqali' wo'mirde tosi'nnan ushi'rasi'p turatug'i'n ha'diyselerdin' de jaman aqi'betlerin, ba'lkim, yumorli'q motivtin' basi'mli'g'i' menen de sheber su'wretlewge yerisken.

Jazi'wshi' wo'zinin' geypara gu'rrin'lerinde turmi'stag'i' bir qansha waqi'tlar dawami'nda, yag'ni'y waqi'tti'n' ken'irek, uzag'i'raq ken'isligimde

bolatug'i'n ha'diyselerdi tiykar yetip aladi'. A'lbette, gu''rin'–bul qi'sqali'qti' talap yetetug'i'n bolg'anli'qtan, yendi avtor bul uzaq waqi'tlardi' qi'sqarti'p beriwdin' za'ru'rligin keltirip shi'g'aradi'. Sebebi, sol ko'p tarmaqli' ha'm bir neshe waqi'yalar dizbegin povest ya'ki romandag'i'day su'wretlep woti'ri'w «gu'rrin'nin'» janrli'q mashtabi'na si'ymaydi'. Sol sebepli de, jazi'wshi', satirik M.Ni'zanov bulardi' qi'sqarti'p beriwdin' joli' retinde, sol syujetlik waqi'yalardi' geypara a'debiy qaharmanni'n' ta'sirli–ta'sirli awi'zeki gu'rrin'leri menen su'wretlep beriwge basli' di'qqat awdaradi'. Usi' usi'ldi' ko'pshilik povestleri menen romanlari'nda qollani'lsa da, al M.Ni'zanov bulardi' gu'rrin'lerinde de sheber isletip, syujetlik–kompoziciyali'q bag'i'tti'n' ta'sirliligine, bir pu'tinligine yerisiw menen qatar wo'mir qubi'li'slari'ni'n' bir neshshesin juwmaqlasti'ri'p, qi'sqarti'p beriwde sheberlikke qaray jol ashqan. Solardi'n' qatari'nda, jazi'wshi'ni'n' biz atap ko'rsetken «Da'rwaza» gu'rrin'inde belgili bir ma'kemege bir neshshe basli'qlardi'n' jumi'sqa keliw payi'tlari'nda ha'r qaysi'si'ni'n' wo'zinshe da'rwaza quri'wi'n, aqi'r ayag'i'nda woardi'n' barli'g'i'ni'n' da ma'mleket, xali'q mu'lkin ji'ri'p jewge bag'darlang'anli'g'i'n a'debiy qaharmanni'n' awi'zsha so'ylewi, awi'zsha gu''rin' yetiwi, a'n'gimesi menen berip, wo'mir qubi'li'slari'n juwmaqlasti'ri'p beriwge, ideyali'q–tematikali'q bag'i'tti'n' ani'qli'g'i' menen naqma–naqli'g'i'na, uli'wma poetikali'q sheberlikke yerisken. Jazi'wshi' «Tog'i'rtqa» atli' gu'rrin'inde de usi' usi'ldi' uti'mli' paydalang'anli'g'i' seziledi. Wonda basli' a'debiy qaharman bir ku'nleri kafede awqatlani'p woti'rg'anda wolardi'n' qasi'ndag'i' stolg'a bir jigit kelip woti'ri'wdan, buni'n' joldasi' wog'an qarata, al «Tog'i'rtqa keldi!» degen xabardi' aytadi'. Buni'n' ma'nisin bul jigit ju'da' «ishewik», ha'tteki, bir «Jiguli» mashinasi' menen jayi'nda qosi'p sati'p ishken degen lap ga'pti wog'an isegendey yetip aytadi'. Woylap, sali'sti'ri'p woti'rsa, dosti'ni'n' ga'pi i'rasqa usaydi'. Sebebi, jan'ag'i' «tog'i'rtqa» atli' jigit keliwden–aq, woficiantkalarg'a shekem tani'p «keldin'iz be?!»-dep qoya beredi ha'm woni'n' buyi'rtpasi'z–aq, ju'z gramm konyak penen shokolad a'kelip ketedi. Bul a'debiy qaharmang'a dosti' Qasi'mni'n' so'zon da'lillegendey boladi'. Son'i'nan da tap sol jigit tuwrali' basqa

birewlerden de «tog'i'rtqa» degen atamani' yesite beredi. Solay yetip , wol aradan jeti ay wo'tkennen son' wo'z mashinasi' menen ketip barati'ri'p sol «tog'i'rtqa» menen ushi'rasi'p qali'p, woni' mashinasi'nda rayong'a ali'p ketedi. Retin tawi'p zorg'a degende woni' ne sebep «tog'i'rtqa» atalg'ani'n, qalaysha woni'n' bir mashina menen bir jaydi'n' puli'n iship tawi'sqani'n soraydi'. Sonda jigit qatti' ku'lip jibergenin de bayqamay qaladi'. So'ytip wol bul ga'plerdin' sebebin aytsa, wol bi'lay yeken. Jigit bir waqi'tlari' Tashkent qalasi'nda abi'rouli' jumi'slarda islep, wol jaqta jayli', mashinali' da bolg'an. Jumi's babi'nda yelimizge qaytarsi'n jigit, wolardi' sati'p amanat kassasi'na salg'an yeken. Belgili bir waqi'tlardan keyin qayti'p bari'p sol aqshalardi' alsa, wol infliyaciyani'n' «ku'shi menen» tek g'ana bir shiyshe araq penen segiz ju'z gramm kolbasag'a jetetug'i'n summani' qurapti'. Soni' dosti'si' yekewi Tashkent qalasi'nda bo'lisip iship–jep qaytqan qusaydi'. Soni' jari'li'p aytp, jigit bi'lay deydi:

«Ne qi'lari'mdi' bilmedim. Ishime si'ymadi', aqi'ri', sol ku'nleri kamandirovkada boli'p ati'rg'an bir dosti'mdi' miymanxanag'a shaqi'ri'p, yekewimiz soni' «tariyxi'y araq» dep iship yedik. «Adamg'a aytpag'ayli'» dep shappat uri'si'p yedik. Woni'n' da ishine si'ymag'an g'o!»(28-bet).

Son'i'nan, jigit usi' da'rt, ma'mlekettin' finans siyasati'ndag'i' unamsi'z qubi'li's–infliyaciyani'n' sebebinen nerv awi'ri'wi–uyqi'si'zli'qqa griptar boladi'. Doktorlar wog'an ku'nine yeki ayg'a shekem jigirma bes gramnan konyak ishesen' dep buyi'rg'an yeken. Wolardi'n' kafede konyak iship woti'rg'anli'g'i'n ko'rgeni usi' waqi'yalar sebepli yeken.

Mine, sezip woti'rg'ani'mi'z si'yaqli', jazi'wshi' belgili bir a'debiy qaharmanni'n' wo'tken wo'mir waqi'yalari'n, yag'ni'y syujettin' qosi'msha bo'leklerin sol qaharmanni'n' wo'z tilinen, wo'z awi'zi'nan awi'z gu'rrin'I tu'rinde aytqi'zi'p su'wretlep u'lken poetikali'q uti'sqa, gu'rrin'ge sa'ykes qi'sqali'qqa ha'm tas'irlilikke, ideyali'q–estetikali'q ani'qli'qqa yerisken. Usi'nday a'debiy poetikali'q usi'l woni'n' bunnan basqa da ko'plegen shi'g'armalari'n uti'mli' qollani'lg'an ha'm wolardi'n' barli'g'i'n atpa–at tallap woti'ri'w bizin'she sha'rt yemes dep woylaymi'z.

M.Ni’zanovti’n’ satirali’q gu’rrin’lerindegi ja’ne bir sheberlik izlenislerinin’ jemisli ni’shani–bul nag’i’z ani’q, naqma–naq kartinali’q ko’rinislerdi sol turi’si’nda janlandi’ri’p su’wretlew desek qa’telespeymiz. Mi’sali’, jazi’wshi’ni’n’ yen’ bir ta’sirli, sapali’ shi’g’armalari’ni’n’ biri «Din’gektegi dani’shpan» gurrin’indegi dialok penen berilgen mi’naday ko’rinislerge di’qqat awdarayi’q:

Bir waqi’tlari’ ja’riyali’q ha’m demokratiya menen milliyliktin’ jan’a baslang’an waqi’tlari’ ji’ynali’slarda sovxozdi’n’ jan’a atamasi’n qoyi’w bari’si’nda woni’n’ ati’n «Dambal ketken» dep ataw kerekligin usi’ni’s yetip mi’naday so’ylesikler boladi’:

«… Wol saydi’n’ ati’ jaqi’ng’a deyin «Dambal ketken» atani’p ju’rgen.

—Dambal ketken? Wol qalay ketken?

—Qaydan bileyin, shi’raqlari’m’. Qa’telesip ketsem qudaydi’n’ wo’zi keshirsin. A’kelerimizdin’ ayti’wi’nsha jan’ag’i’ saydi’n’ suwi’ ti’p–ti’ni’q ha’m salqi’n boladi’ yeken. Tu’s waqti’nda hayallardi’n’ tasaraq jerge bari’p, u’stindegi keyimlerin sheshpestsn shomi’latug’i’n a’deti bar goy. Sondayda bir qati’n ju’ziw bilmey, i’g’i’p barati’ri’p, «ja’rdem berin’» dep baqi’ri’pti’. Yele de ju’rimi bar paqi’r qusaydi’, sol ka’rag’a jaqi’n jerde birew qos aydap ati’r yeken, dawi’sti’ yesitip kelip, wo’ldim azarda tarti’p ali’pti’.

—Hesh kim ketpegen g’oy sonda?

—Men adam ketti dep ati’rg’ani’m joq g’oy, qaraqlari’m–aw, dambal ketken.

—Adam qutqari’lg’anna keyin, dambal qalay ketedi?

—Haw, suwg’a tu’skennen keyin, dambal qampayi’p ketpeyme? Adamdi’ tarti’p alg’anda sol si’pi’ri’li’p tu’sip qalg’an.

Adamlar janlani’p, ku’lise basladi’» (113-bet).

Ba’lkim, bul yersirek bosa da nag’i’z kartinali’q ha’m forma sxemali’q tu’rdegi yemes, al janli’ ha’rekettegi detalli’q kartina. Solay yetip, jazi’wshi’ usi’ni’ tag’i’da dawam yetip wo’tkirlestirip, ironiyani’ teren’letip, bi’laysha su’wretlewler menen gu’rrin’di juwmaqlasti’rg’an: «Gu’zdin’ aqi’ri’na kelip, ko’semnin’ tulg’asi’ turg’an din’gek qolg’a ali’ndi’. Woni’n’ si’rti’ ji’lti’r ma’rmer taslar menen qaplandi’, u’stine kishkene za’ren taqlette yetip tastan woyi’lg’an

ko'ldin' su'wreti qoyi'ldi'. Suwdi'n' betinde bolsa ko'mpeyip i'g'i'p barati'rg'an dambal su'wretlengen yedi» (114-bet).

Mine, bul da haqi'yqat kartinali'q su'wretlew ha'm detal xi'zmetin atqari'p wol u'lken poetikali'q a'hmiyetke iye boli'p, ja'riyali'q ji'llari'ni'n' biybastaqli'qlari' menen ta'rtipsizliklerin, ko'p so'zlilik penen bassi'z alamanli'qti' da ashshi' satira ku'lkisine ali'p tur. Usi'nday kartinali'q su'wretlew jazi'wshi' M.Ni'zanovtin' basqa da bir qatar gu'rrin'lerinde wori'nli tu'rde isletilgen ha'm wol ta'sirshen'likti ku'sheytiw menen qatar shi'g'armalag'a ko'rkemlik ku'sh, ideyali'q yestetikali'q ani'qli'q bag'i'shlaydi'.

Tag'i' bir ayti'p wo'tetug'i'n bir na'rse sol, joqari'dag'i' «Dingektegi dani'shpan» shi'g'armasi'nan ali'p keltirilgen a'debiy qaharmanlardi'n' awi'zsha gu'rrin'leri de usi' shi'g'armadag'i' syujetlik bag'i'tti' bari'nsha qi'sqarti'p, wog'an yekspressiv–emocianalli'q si'pat yengizip turg'anli'g'i' bizin' budan aldi'ng'i' usi' forma tuwrali' avtor sheberligine tiyisli pikirlerimizdi tasti'yi'qlag'anday boladi'.

M.Ni'zanov wo'z shi'g'armalari'nda qa'dimgi, a'piwayi' awi'l adamlari'ndag'i' bazi' bir kemshilikler menen unamsi'z minez quli'q belgileri bolg'an sadali'q penen isengishlik, qarapayi'm na'rselerdin' de parqai'na bara almawshi'li'q, wo'sekshilikten baslap, maqtanshaqli'q, wo'jetlik, al yen' biyik xi'zmettegi woti'rg'an basshi'si'maqlardag'i' menmenlik penen dan'qparazli'q, kisi haqi'n jewshilik, paraxorli'q, yeki ju'zlilik, jag'i'mpazli'q si'yaqli' illetlerdi, soni'n' menen Qatar tvorchestvo xi'zmetkerlerindegi dan'qparazli'q penen yele de sadali'q ha'm do'retiwshilik tu'siniktin', talantti'n' kemisligi, wo'z-wo'zin qaytalawshi'li'q, ayi'ri'm den sawli'q xi'zmetkerlerindegi insapsi'zli'q penen bilimsizlikti, itibarsi'zli'qti', ja'riyali'q ha'm demokratiya, g'a'rezsizlik ji'llari'ndag'i' ju'z bergen bazi' bir yersi qi'lwalar menen biybastaqli'qti', ta'rtipsizliklerdi de ha'm tag'i' basqalardi' wo'tkir ku'lki asti'na ali'p su'wretlegen. Solardi'n' ayi'ri'mlari'na tallaw jasap toqtap wo'tsek. Jazi'wshi'ni'n' tabi'sli' shi'g'armalari'ni'n' biri **«Bizler direktor sayladi'q»** gu'rrin'inde awi'l adamlari'ni'n' sadali'g'i' menen sol bir ja'riyali'q dep atalg'an

ji'llardi'n' ko'plegen siyasi'y-ja'miyetlik qa'teliklerin de bati'lli'q penen a'shkaralag'an.

«Anagu'ni bizin' awi'lda tamasha boldi'»[1]-dep baslanadi' gu'rrin' a'debiy qaharmanni'n' awi'zeki ayti'p beriw, so'ylew tilinin' yekspressiyasi' menen, yag'ni'y a'debiy qaharmanni'n' awi'zeki gu'rrin'inin' inerciyasi' shi'g'armani' ayi'ri'qsha bir poetikali'q ku'shke yendirip, wol shi'g'armani'n' basi'nan aqi'ri'na shekem woqi'wshi'ni' izine yertip, sol basli' a'debiy obraz benen birge tolg'andi'ri'p woti'radi'.

Gu'rrin'nin' basli' qaharmani', yag'ni'y shi'g'armani'n' syujetin ayti'p beriwshi Ziyatdin degen awi'l adami'ni'n' an'qi'ldag'an haq peyili menen ashi'q kewilliligi jazi'wshi' ta'repinen ju'da' jaqsi' ashi'lg'an. Wol do'retpenin' basi'nda-aq, mi'naday so'zlerde belgili boladi':

«…Direktor sayladi'q. Pay, sizler ko'rmey qaldi'n'i'z. Awi'ldan ha'mme bardi'. U'yme-u'y ju'rip, telejka menen a'ketti. Men-a'm bardi'm. Ziliyxa «si'yi'rdi' izlep qaytasan'» dep jibergisi kelmey turi'p yedi, –ra's-s, Tawnazar sha'ddes baqi'rdi'–g'o, brigad» (331-332-betler).

Mine, usi'lay wo'z si'ri'n, ha'tteki hayali'ni'n' si'yi'rdi izlew haqqi'ndag'i' tapsi'rmasi'n da bulji'tpay wori'nlag'i'si' kelip turg'anli'g'i'n jasi'rmay ayti'p woti'rg'an Ziyatdin sol bir director saylaw jumi'slari'n tosi'nnan-aq, basli'qti'n' ko'pshiliktin' ko'zinshe wog'an qarata «Solay yemes pe, Ziyatdin ag'a!?»-degen so'zi ushi'n aq ko'p waqi'tlarg'a shekem ko'terilip basi'li'p, kewli toli'p tasi'p ju'redi. Al, biraq wol bul saylaw ji'ynali'si'ni'n' ma'nisin, woni'n' bag'i'ti' menen menen mazmuni'n toli'q tu'sinip jetpeydi.

Jazi'wshi' sol ja'riyali'q ji'llari'ndag'i' usi'nday halatlardi', a'sirese, Ziyatdin si'yaqli' awi'l adamlari'ni'n' ha'm basqa da tiptegi insanlardi'an' minez-qulq belgilerin teren'nen sa'wlelendiriw arqali', sol da'wir qarama-qarsi'li'qlari menen wolardi'n' umamsi'z ko'rinislerin duri's ha'm wobektiv tu'rde bati'lli'q penen teren'nen ali'p isenimli tu'rde sa'wlelendiriwge yerisken.

[1] Нызанов М. Шығармалары, IV томлық. Нөкис: «Билим», 2008,т-1, 331-б.

A’debiy qaharmanni’n’ usi’nday haq ko’kireklik penen qosa geypara unamsi’zqi’lwalar ha’m wo’jetlik, istin’ parqai’ menen woni’n’ aqi’rina tu’sinbewshilik si’yaqli’ qa’siyetler jazi’wshi’ni’n’ **«Shegirtke», «Shi’pabag’i’sh suw», «Ja’nnetten sa’lemnama», «Deputatti’n’ minneti»** ha’m tag’i’da basqa gu’rrin’lerinde de ayqi’n ja’mlep berilgen. Biraq, bulardi’n’ ha’r qaysi’sinda da tu’rlishe turmi’s materiallari’ menen qa’dimgi qatardag’i’ insanlar menen awi’l adamlari’, a’piwayi’ puxaralardi’n’ tu’rlishe minez-qulq belgileri ashi’lg’an. Wolardi’ ja’mlep turatug’i’n bir na’rse sol, wolardi’n’ barli’g’i’ da ashi’q kewil, ishki du’nyalari’ sawdi’rag’an adamlar boli’p yesaplanadi’. Wolardi’n’ barli’g’i’ da ne aytsa ishki kewil du’nyasi’nan jasi’rmay, asi’rmay haq kewilinen jari’li’p aytadi’, yamasa xali’q iygiligi, xali’q tilegi ushi’n so’yleydi, wo’z qa’teliklerin de jasi’rmaydi’, jasi’ri’p turg’ani’n’ yamasa qalay qa’telesip ati’rg’anli’g’i’n da bilmestan, haq kewli menen piker ayti’p so’yley beredi. Solardi’n’ biri biz joqari’da ayti’p ati’rg’an Ziyatdin bolsa, al **«Shi’pabag’i’sh suw»** atli’ gu’rrin’nin’ qaharmani’n da jazi’wshi’ qa’dimgi u’ylerde saqlanatug’i’n yeshkinin’ i’lag’i’ni’n’ awi’ri’wi’ arqali’ ayqi’nlasti’ri’p, daralandi’ri’p tap bu’gingi wo’mirgi tipik bolg’an ha’diyse qubi’li’slardi’n’ to’rkinin, jeke adamlar g’ana yemes, al ha’tteki bizin’ ja’miyetlik wortali’g’i’mi’zdi’n’ sadali’g’i’n teren’ tu’rde satirali’q usi’lda ashi’p bere alg’an. Atap aytqanda, gu’rrin’nin’ qaharmani’ wo’zinin’ u’yindegi anasi’nan jetim qalg’an i’laqti’n’ awi’ri’wi’n ta’rip yete baslaydi’. Al woni’n’ anasi’ bolsa sol u’ydin’ sharbag’i’ndag’i’ qawi’nni’n’ pa’llesinen jep awi’ri’p, yag’ni’y za’ha’rlenip wo’lgen. Buni’ jazi’wshi’ «za’ha’rlenip wo’ldi» demeydi, al woni’ sezimtal woqi’wshi’ ha’zirgi wovoch ha’m pali’z wo’nimlerindegi za’ha’rli ximiyali’q yelementlerdin’ basi’mli’g’I’ bilip woti’ri’p, an’lap sezedi. Usi’ yeshkinin’ i’lag’i’ni’n’ ishine bolsa qurt tu’skenge usaydi’. Buni’ gu’rrin’nin’ qaharmani’ mal doktori’n shaqi’ri’p biledi. Biraq, wol i’laqti’n’ uemleniwinin’ tu’rli-tu’rli jollari’n qollani’p, i’laqti’ tik ayag’i’na turg’i’zi’w mu’shkil boladi’. U’y iyesine birew qati’qqa qosi’p pencillin ishkizsen’ ta’wir boladi’ dese, ja’ne birew aq aralasti’ri’p solyarka mayi’n jutqi’z deydi. Ba’ri bir i’laq awi’ri’wi’nan ayi’qpaq tu’we worni’nan tura almaytug’i’n da’rejege jetedi. So’ytip a’debiy

qaharman sanatoriyag’a dem ali’sqa ketip, tu’nletip u’yine qayti’p kelse, bayag’i’ i’laq qaqan’lap aldi’nan shi’g’adi’. Hayali’nan sorasti’ri’p qarasa, i’laqqa A’miwda’ryani’n’ si’zatlani’p ati’rg’an i’lay suwi’nan jutq’zi’pti’. Sonda qurtlar tomp-tomp tu’se bergen qusaydi’. Na’tiyjede i’laq sappa saw qa’lpine yengen. A’lbette, bul bizin’ turmi’si’mi’zda naqma-naq bolg’an ba, bolmag’an ba, wonnan qa’ttiy na’zer jazi’wshi’ wo’mirge jaqi’n, woag’an si’yi’mli’ ha’diyseni gu’rrin’ syujetine yengizip duri’s, a’hmiyetli bolg’an siyasi’y ja’miyetlik ha’tteki ilimiy ideyani’ wortag’a taslag’an. Bundag’i’ syujetlik detallar, uli’wma avtordi’n’ su’wretlew motive-usi’li’ satirali’q stilde berilse de, al tema ha’m ideya teren’ realistlik wobektivlik si’patqa iye boli’p wol wo’z woqi’wshi’lari’ni’n’ di’qqati’n qaratpawi’, wo’zine qi’zi’qsi’ndi’rmawi’ mu’mkin yemes. Sonday-aq, a’debiy qaharmanlardi’n’ sadali’g’i’ menen aq ko’kirekligi de bizin’ ja’miyetimiz ushi’n u’lken ruwxi’yli’q ha’m joqari’ a’dep ikramli’q, social-psixologiyali’q a’hmiyetke iye obraz boli’p su’wretlengenligi baxali’ dep yesaplanadi’.

Usi’nday ashi’q peyillik, aq ko’kireklik penen haqi’yqatshi’lli’qti’n’, wolardi’ su’wretlewdegi jazi’wshi’li’q teren’ realizmnin’ qa’siyetleri woni’n’ qi’sqa bolsa da, yen’ a’hmiyetli ideyalardi’ wortag’a taslag’an gu’rrin’lerinin’ biri **«Ja’nnetten sa’lemnama»** shi’g’armasi’nda ayqi’n ko’zge taslanadi’. A’lbette «ja’nnetten» sa’lemnama jollaw mu’mkin yemes yekenligi tu’sinikli bosa da, bunday usi’l du’nya a’debiyati’ klassikasi’nda da ko’plep qollani’lg’an formalardi’n’ biri yekenligi belgili bolsa kerek. Jazi’wshi’ usi’ si’nalg’an formani’ duri’s ha’m tabi’sli’ islete woti’ri’p, bir g’a’riyp «mo’min» minezli insanni’n’ wo’z hayali’na jollag’an xati’nda tiyimli-tiyimli mi’naday qatarlardi’ keltirgen:

«So’ytip, sag’an wo’tirik, mag’an shi’n, meni jerlep ketkennen keyin jeti ku’n karantinde boldi’m. Son’ Mu’n’kir-Na’n’kirler kelip soraw aldi’. Yag’ni’y keshirersen’, soraw berdi, biraq juwap alg’an joq. Menin’ minezin wo’zin’e belgili, teginlikte tilge kiremen be! …Di’m u’ndemeytug’i’n bolg’an son’ ga’pti qi’sqartti’.

—Qa’ne, yen’ son’g’i’ soraw,–dedi iynime qoli’n sali’p. Quday haqi’, jani’m shi’g’i’p ketti. Biz wo’kshe tufliyin’nin’ ushi’ tiygen won’ iynimnin’ basi’ za’ha’rdey ashi’di’ ma deysen’, tisimdi-tisime qoyi’p zordan shi’dadi’m.

—Esigin’de mal saqlap ko’rdin’ be? –dedi so’ytip jan’ag’i’.

Qarap tursam, buni’n’ wobal-sawapqa di’m qatnasi’ joq qusag’an.

—Yaq,–dedim…

—Du’kanni’n’ suyi’q su’tine tan’i’lg’an sorli’ yeken, bar yendi, jigirma bes procent gu’nasi’nan kesheqoyayi’q,–dedi qasi’ndag’i’ perishtelerge» (326-bet).

Sezilip turg’ani’nday –aq, bul haqi’yqat bu’gingi turmi’s shi’nli’g’i’na duri’s sa’ykes keledi. Buni’ jazi’wshi’ wo’lgen insanni’n’ so’zi formasi’na yengizip pikirlerdin’ ta’sirliligin ha’m wolardi’n’ ironiyali’q si’pati’n artti’ri’p satirali’q obraz do’retiwde sheberlik wori’nli’ isletilgen.

Jazi’wshi’ ta’repinen wo’timli a’debiy forma –ko’rkem su’wretlew usi’li’ bolg’an «xat» tu’rinde qollani’lg’an ha’m wolar wo’z turmi’sli’q a’hmiyeti, ruwxi’yli’q a’hmiyeti, social ja’miyetlik, psixologiyali’q si’pati’ni’n’ wo’tkirligi menen si’patlani’p turadi’. Yen’ basli’si’ wonda satirali’q qaharman obrazlari’ teren’nen ashi’lg’an ha’m wolar wo’mirde bar socialli’q qubi’li’slarg’a say tu’rde isenimli halda su’wretlengen.

Jazi’wshi’ni’n’ ja’ne bir wo’timli, tabi’sli’ shi’g’armalari’ni’n’ bir bolg’an «**Shegirtke**» atli’ gu’rrin’inde de qa’dimgi qarapayi’m awi’l adamlari’ni’n’ an’qi’ldag’an ashi’q peyilliligi, aq ko’kirekliligine qosa wolardi’n’ aldi’n boljawshi’li’g’i’ menen sezgirligi ha’m bug’an qarama-qarsi’ ayi’ri’m basshi’ xi’zmetkerlerimizdin’ ko’p so’zliligi menen maqtanshaqli’g’i’, qurg’aq dilwarli’g’i’ jaqsi’ ashi’p berilgen. Bunda da basli’ a’debiy qaharmanni’n’ awi’zeki gu’rrin’i shi’g’armani’n’ syujetlik kompoziciyali’q birligin saqlap, wog’an «jan yendirip», yen’ basli’si’ woni’n’ ishki du’nyasi’, kewil ku’yleri, ishki halatlari’ arqali’ negizgi ideya wortag’a taslanadi’, yemocionalli’g’i’ artti’ri’li’p su’wretlenedi. Mi’sali’: «Tawnazardi’ jurt «sha’ddes» dep quri’ qustana qi’la beredi. Ne qi’ladi’ sha’ddes bolg’anda, minezi. Men –a’m geyde Zliyxani’n’ aytqani’n’ qi’lg’i’m kelmey moyi’ntawli’q yetip turaman. Yen’ basli’si’,

Tawnazardi’n’ qoli’nan is keledi, basli’q aytti’. Bolmasa anaw–mi’naw adam brigad bola ma?! Wol aqi’ri’ brigad!» (338-bet).

Demek, bunda da basli’ satirali’q tiptin’ ashi’q kewilliligi, aq ko’kirek yeden insan yekenligi, awi’lda tek g’ana brigad penen basli’q ku’shli degen isenimge qatti’ berilgeni ayqi’n ko’zge taslani’p tur. Soni’n’ menen qatar usi’ ayti’lg’an Tawnazar sha’ddes yen’ aldi’ menen awi’lg’a ha’m yel basshi’lari’na qarata jaqi’nda shigirtke keletug’i’nli’g’i’n ayti’p dawri’q sala baslaydi’. Haqi’yqati’nda da, ko’p uzamay qara bulttay boli’p shegirtke tu’se baslaydi’. Bul qubi’li’s ha’m waqi’yalardi’ jazi’wshi’ a’debiya qaharmanni’n’ tilinen qi’zi’qli’ yetip, satirali’q til menen ayti’p su’wretlegen. Yen’ aldi’ menen basli’ qaharman Tawnazar sha’ddes dep atalg’an zamanlasi’n bunnan basqa bir qaharman, basqa ja’ne bir brigadier bolg’an adam menen Sali’sti’ri’p ko’rsetedi. Wol usi’ bag’i’tta wo’z ti’n’lawshi’lari’na qarata bi’lay degen:

«Bayag’i’da yeki ji’l brigadshi’li’qtan shi’g’ari’p qanday boldi’? Worni’na qoyg’an Ta’jimurat pasomi’ ku’n uzaq velosipedten tu’speydi. Velosiped penen paxta paxta bola ma? Wog’an at kerek. Tawnazar sha’ddes at minedi, ja’ne punktte de tani’slari’ bar. Keyninde Berdali’ woni’ qaytadan saylap aldi’» (338).

Mine, bunda da jazi’wshi’ isletken usi’ldi’n’ tabi’sli’ shi’qqani’ satirali’q bayanlawdi’n’ ideyali’q ku’shi ayqi’n sezilip tur. So’z sheberi a’debiya qaharmanni’n’ tilinen an’g’armag’an siyaqli’ yetip «… punktte de tani’slari’ bar…» dep qoyadi’. Buni’n’ menen saterik yeki qoyandi’ bir woq penen atadi’ desek, da’slep a’debiy obrazdi’n’ ishki si’rlari’n–woni’n’ aq ko’kirekligi manna a’n’go’dekligin ashi’wg’a yerisse, yekinshiden, wol arqali’ da’wirge sa’ykes tu’rdegi realizmdi teren’lete woti’ri’p, shi’g’armani’n’ problematikali’q a’hmiyetliligin ko’terip, waqi’tti’n’ qa’teligin: qosi’p jazi’w, paraxorli’q, tani’s bilislik si’yaqli’ illetlerdin’ betin ashi’wg’a yerisip woti’r. Bulardi’n’ barli’g’i’, a’lbette, satirali’q su’wretlewdin’ tek g’ana usi’ shi’g’armadag’i’ yemes, al son’g’i’ ji’llarda qol jetken ideyali’q-estetikali’q ha’m poetikali’q jetiskenlikleri si’pati’nda bahalansa wori’nsi’z yemes si’yaqli’.

Solay yetip a'debiy qaharman–jazi'wshi' Ta'jimurat sha'ddesti basqa bir brigadir menen sali'sti'ra woti'ri'p: «…aspang'a qarap turi'p jawi'nni'n' iysin biledi. Woni'n' bilmeytug'i'ni' joq. Bolmasa, jaqi'nda, «g'awashani' jiytug'i'n shegirtke kiyati'r» degen xabardi' birinshi boli'p kim bildi? Usi' sha'ddesin' bilip ju'rgen. Berdali' quri' sovxozdag'i' ji'ynali'slarda joqari'g'a shi'g'i'p woti'rg'ani' menenb ati'zdi'n' shelinen ju'rmeydi. Jol menen kelip, jol menen qaytadi'. Hu'kimet wog'an portovoy berip qoyi'pti'» (338-bet).

Jazi'wshi' buri'n yeskertkenimiz si'yaqli' yen' aldi' menen qatardag'i' puxaralardi'n', a'piwayi' miynetkeshlerdin' satirali'q tiplerin teren'nen ashi'w menen de da'wir haqi'yqatli'g'i'ni'n' unamsi'z ta'replerin teren'nen su'wretlewge yerisedi ha'm teren' realizmge boy uradi'.

Bul, a'lbette, jazi'wshi' basqa tiptegi zamanlaslari'mi'zdi'n' satirali'q obrazlari'n ashi'p bere almag'an degen tu'siniklerdi keltirip shi'g'armawi' tiyis. Ani'g'i'nda so'z sheberi si'pati'nda M.Ni'zanov intelegentler topari'ndag'i' satirali'q tippler bolg'an «Pashshayi' ko'ylegim» gu'rrin'indegi Toti'gu'l Tajievani'n' wo'mir boyi' «Pashshayi' ko'ylegim» degen qosi'qti' qaytalay beriwshiligin de, «Shonti'q shayi'r»dag'i' ayi'ri'm shay'isi'maqlardi'n' yersi qi'lwalari'n da, «Darwaza» si'yaqli' shi'g'armasi'ndag'i' geypara basshi'lardi'n' mekemedegi basqalarg'a di'm bildirmesten hu'kimet, xali'q mu'lkin, woni'n' qa'rajetlerin ji'ri'p jew usi'llsri'n da, «Zi'yapet» gu'rrin'indegi bizin' bu'gingi wo'mirimizdegi ko'p qatlamli' kemshilikler menen jetispewshiliklerimiz, den sawli'q salasi'ndag'i' unamsi'z ko'rinislerdi de, «Qa'tesiz jazatug'i'n adam» shi'g'armasi'ndag'i' maqtanshaq mashinistka kelinshetin' «Won somg'a g'arbi'z aldi'm» degen so'zdi «won somg'a g'arg'i's aldi'm», «ha'mmesin i'laydan tapti'» degen so'zdi «ha'mmesin qudaydan tapti'», «Shi'mbay volosti'nda wo'ldi» degendi «Shi'mbay bala u'stinde wo'ldi» ha'm tag'i' basqalar dep jazi'wshi' yersi qi'lwalari'n da ha'm tag'i' basqa qi'lwalardi' ju'da' ku'lkili detallar, ironiyasi' basi'm so'z ha'm so'z tirkesleri menen qi'sqa syujetler arqali' beredi.

## II bap. M.Ni'zanovti'n' povestlerinde qaharman obrazi'n jasaw sheberligi

### II.1. Povest janri'nda qaharman obrazi'n jasawdi'n' wo'zgesheligi

XX a'sir qaraqalpaq prozasi'ni'n' pu'tkil milliy a'debiyati'mi'zdi' O'zbekistan, buri'ng'i' Awqam, ha'tteki, ayi'ri'm shet yellerde de tani'ti'wi'nda basli' wori'n iyeleytug'i'ni' bu'gingi ku'nde a'debiy-estetikali'q woy-du'nyami'zda moyi'nlang'an shi'nli'q. Bunda roman janri'ni'n' salmaqli' wori'n iyeleytug'i'nli'g'i'na daw joq. Degen menen, turmi's shi'nli'g'i'n epikali'q jobada su'wretlewdin' ja'ne bir tu'ri bolg'an povest janri' da wo'zine jarasa ju'kti tarti'p ju'rmekte. Wol XX-XXI a'sirdin' a'debiyati'nda da'wirden' yen' quramali' ha'm qospali' ma'selelerin su'wretlewde, zamanlaslari'mi'zdi'n' ruwxi'y kelbetin ashi'p beriwde wo'zinin' i'layi'qli' worni'na iye boldi'. Bul jo'ninde qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde M.Nurmuxamedov, S.Axmetov, Q.Maqsetov, K.Ma'mbetov, S.Allayarov, Z.Nasrullaeva, A'.Nasuri'llaev, G.Yesemuratov, S.Bahadi'rova, keyin ala, Q.Ja'rimbetov, K.Allambergenov, I.Wo'tewliev, J.Yesenov, Q.Worzi'mbetov, P.Nurjanov, Z.Bekbergenova, H.Wo'temuratova ha'm t.b. a'debiyatshi'lari'mi'zdi'n' miynetlerinde bahali' pikirler bar. Bul janrdi'n' tuwi'li'wi'n, qa'liplesiwin, rawajlani'w evolyuciyasi'n, sonday-aq, wonda ko'rkem psixologiyali'k su'wretlewdin' a'hmiyetin qaraqalpaq a'debiyatshi'-ali'mlari'nan Q.Kamalov, J.Yesenovlar arnawli' tu'rde izertledi ha'm wo'zlerinin' ilimiy-teoriyali'q juwmaqlari'n «Qaraqalpaq povesti», «Sheberliktin' si'rlari'» atli' monografiyalari' arqali' baspadan shi'g'ardi'. G'a'rezsizlik da'wirine kelip 1980-ji'llardag'i' povestlerdin' stillik wo'zgeshelikleri boyi'nsha J.Sag'idullaevani'n' kandidatli'q dissertaciyasi' jaqlandi'. Woni'n' bul bag'darda bir qansha di'qqatqa i'layi'q maqalalari' jari'q ko'rdi. Bunnan basqa da bul janrdi'n' qaraqalpaq prozasi'ndag'i' tutqan worni' ayi'ri'm shi'g'armalardi'n' ko'rkemlik wo'zgeshelikleri, turmi's shi'nli'g'i'n su'wretlewdegi a'hmiyeti ha'm t.b. boyi'nsha bir qansha maqalalar, recenziyalar jari'q ko'rdi. Degen menen, bu'gingi ku'ni payda bolg'ani'na 70 ji'ldan aslam waqi't wo'tken, wo'zinin' sani' ha'm sapasi' boyi'nsha da prozami'zda salmaqli' wori'n iyelep u'lgergen. Bull

janrdi'n' izertleniwin bu'gingi ku'n talabi'na juwap beredi depaytvwg'a bolmaydi'. A'sirese, qaraqalpaq milliy povestinin' janrli'q ham stillik wo'zgesheliklerin teren'irek, bir teoriyali'q problema a'tirapi'na ja'mlep izertlewge arnalgan miynetler joqti'n' qasi'nda. Al, Q.Kamalovti'n' «Qaraqalpaq povesti» miynetinde bul janrdi' izertlewde wobzorli'q si'pat basli' wori'ng'a shi'g'i'p ketken. Buni'n' u'stine wonda ju'da' ken' ko'lemli material ilimiy talqi'g'a tarti'lg'anli'g'i' ilimpazg'a 1950, 1960 ha'm 1970-ji'llardag'i' qaraqalpaq milliy povestinin' rawajlani'wi'ndag'i' sheberlik ma'selesin teren' ha'm analitikali'q bag'darda ashi'wg'a mu'mkinshilik bermegendey ko'rinedi, bizin'she. Al, 1990-2010-ji'llar arasi'ndag'i' povestlerimiz ara-arasi'nda «Ji'ldi'n' juwmag'i'»na arnalg'an maqalalarda, ayi'ri'm recenziyalarda g'ana so'z yetilgen bolmasa, yele arnawli' tu'rde izertlengen joq. Degen menen, bul da'wir povestlerin arnawli' tu'rde ilimiy talqi'g'a tarti'w bu'gingi ku'ndegi a'hmiyetli ma'sele boli'p tabi'ladi'. Wo'ytkeni bul da'wir povestleri XX a'sirdin' alg'a qoyg'an a'hmiyetli waqi'yalari'n, zamanlaslari'mi'zdi'n' ruwxi'y kelbetin, totalitar du'zimnin' bar qarama-qarsi'li'qlari'n, jeke adamg'a si'yi'ni'wshi'li'qti'n', yekinshi jer ju'zlik uri'sti'n', xali'q xojali'g'i'ni'n' ko'plegen tarawlari'ndag'i' ko'zboyamashi'li'q penen ni'zamsi'zli'qti'n' aqi'betlerin su'wretlewde a'dep-ikramli'li'q, moral problemalari'n ashi'wda aytarli'qtay tabi'slarg'a yeristi. Buni'n' u'stine usi' waqi'tqa shekem povestlerimiz ko'binese ideyali'q-tematikali'q, mazmunli'q ko'zqarastan g'ana izertlenip kelgen yedi. Al, woni'n' janrli'q-stillik salalardag'i', qaharman wobrazi'n jasaw bari'si'ndag'i', ko'rkem tilindegi wo'zgeshelikler yele izertleniwin ku'tip turi'pti'.

Ha'zirgi da'wirge kelip milliy povestimizdin' a'skeriy, detektiv, liriko-psixologiyali'k, memuarli'q, wo'mirbayanli'q, tariyxi'y, fantastikali'q, mistikali'q, hu'jjetli povest si'yaqli' tu'rleri, sonday-aq povest-esse, qosi'q penen jazi'lg'an povest t.b. formalari' payda boldi'. Wolarda turmi's shi'nli'g'i'n su'wretlewdin' realistlik formasi'nan basqa romantizm metodi'na ta'n wo'zgesheliklerdi, keyingi da'wirlerde janlani'p qalg'an modernizm, absurd a'debiyati'ni'n' belgilerin de ko'riwge boladi'. Bul na'rse ha'zirgi zamanlasi'mi'zdi'n' quramali' ta'biyati'n

isenimli tu’rde su’wretlewge degen jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’ umti’li’si’nan, wolardi’n’ janrli’q ha’m stillik, sonday-aq, ko’rkem metod salasi’ndag’i’ izlenislerinen tuwi’li’p woti’r. A’ne, usi’ si’yaqli’ ma’selelerdi bu’gingi ku’n talabi’nan, buri’ng’i’ steoreotiv ha’m dogmalardan quti’lg’an halda ilimiy talqi’g’a tarti’w yen’ a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri. Buni’n’ u’stine povest janri’ XX a’sir qaraqalpaq prozasi’ni’n maqtani’shi’ bolg’an roman janri’n do’retiw joli’nda da jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’ wo’z ta’jiriybelerin artti’ri’w mektebi boldi’, wog’an jetiw joli’nda ko’pir xi’zmetin atqardi’ desek asi’ra siltewshilik bolmaydi’. Demek, bas janrdi’n’ wo’zgesheligin iyelewde povest janri’ni’n’ a’hmiyeti u’lken. Demek, jazi’wshi’lari’mi’zda romanli’q woylaw qa’biletin qa’liplestiriwdegi povest janri’ni’n’ tutqan worni’n ashi’p beriw bu’gingi a’debiyattani’w ilimimizdin’ aldi’nda turg’an ja’ne bir a’hmiyetli ma’selenin’ biri boli’p tabi’ladi’. Buni’n’ u’stine lirikali’q ha’m epikali’q ha’tte lramali’k si’patlardi’n’ sintezin wo’zinde ja’mlew joli’nda u’lken ta’jiriybe mektebi bolgan povestimiz XX a’sir qaraqalpaq romani’na liriko-psixologiyali’q, psixologiyali’q, dramali’q su’wretlew usi’llari’n yendiriw, wolardi’n’ a’debiy qaharmanlardi’n’ quramali’ ta’biyati’n ashi’p beriw qusag’an a’hmiyetli funkciyalari’n ashi’p beriw ma’selesi de ashi’q turi’pti’. Demek, lirikali’q ha’m epikali’q, ha’tte–janrlardi’n’ wo’z-ara ta’sirinen, wo’z-ara bir-birin bayi’ti’wi’nan tuwi’lg’an ko’p g’ana povestlerimiz a’debiyati’mi’zdag’i’ aralas janrlardi’n’ qa’siyetlerin izertlewge de i’layi’qli’ obekt bolatug’i’nli’g’i’ ta’biyiy na’rse. Sonday-aq, ha’zirgi da’wirde wo’zinin’ ko’rkem quri’li’si’nda epikali’q ha’m dramali’q si’patlardi’ ja’mlegen povestlerimiz benen romanlari’mi’z da barshi’li’q. Wolar u’lken bir ko’rkem bag’darg’a aylanbaqta. Bug’an T.Qayi’pbergenovti’n’, K.Raxmanovti’n’, Q.Ma’tmuratovti’n’, M.Ni’zanovti’n’ h.t. basqalardi’n’ ayi’ri’m shi’g’armalari’ mi’sal bola aladi’. Demek, ha’r qi’yli’ a’debiy tu’rlerdin’, janrlardi’n’ qa’siyetlerin wo’zinde ja’mlegen povest ha’m roman janri’ yele ko’plegen ilimiy jumi’slarg’a i’layi’q ko’rkem obekt bolatug’i’nli’g’i’ ta’biyiy na’rse.

## II.2. M.Ni’zanovti’n’ «Yeki qanxor» povestinde turmi’s shi’nli’g’i’ ha’m ko’rkem haqi’yqatli’q

Milliy g’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ qaraqalpaq prozasi’ konfliktler ha’m qaharmanlar obrazi’n ashi’w joli’nda jan’asha izlenislerge bet burdi’ desek arzi’ydi’. Bunda povest janri’nda jazi’lg’an shi’g’armalar salmaqli’ wori’ndi’ iyeleydi. Usi’ ko’zqarastan usi’ ji’llar ishinde basqalarg’a qarag’anda mol tabi’slar menen woqi’wshi’lar na’zerine tu’sip kiyati’rg’an jazi’wshi’lardi’n’ biri M.Ni’zanov boli’p tabi’ladi’. Wol bul da’wirlerde wo’zinin’ «Eki qanxor», «Aqi’ret uyqi’si’», «Aqshagu’l», «Hawa kemesindegi yekew» si’yaqli’ povestleri menen milliy prozami’zda jan’asha janrli’q-stillik, ko’rkemlik izlenislerdin’ rawajlani’wi’na belgili u’les qosti’. Bul povestlerde jazi’wshi’ salmaqli’ social-ja’miyetlik mazmundi’ wo’z boyi’na teren’ sin’irgen a’debiy qaharmanlar obrazi’n do’retti. Avtor a’debiy qaharmanlardi’n’ yen’ jaqsi’ a’dep-ikramli’q, moralli’q qa’siyetlerin woqi’wshi’larg’a u’lgi tuti’w menen birge, usi’ a’diwli minez-quli’q belgilerine qarama-qarsi’ keletug’i’n barli’q social-psixologiyali’q a’lamatlardi’ keskin tu’rde qaralap bardi’. Jazi’wshi’ni’n’ «Yeki qanxor» atli’ povesti wo’zinde sheber sintezlegen boli’p, bul na’rse shi’g’armani’n’ janrli’q wo’zgesheligin, qaharman obrazi’n jasawdi’n’ ayri’qshali’g’i’n keltirip shi’g’arg’an. Sonli’qtan da bul povest tek M.Ni’zanov prozasi’nda g’ana yemes, al, pu’tkil g’a’rezsizlik da’wiri qaraqalpaq prozasi’nda yelewli wori’ng’a iye shi’g’arma si’pati’nda bahalawg’a boladi’. Povesttin’ jan’ashi’l si’patlari’ yen’ birinshi gezekte woni’n’ konflikti menen ko’rkem obrazlar sistemasi’nda ko’rinedi. Ma’selen, wonda «eki qanxor»–Miyirbek ha’m Olge–Wori’nbay dep atalg’an jigitlerdin’ asa jawi’zli’q penen islengen ji’nayatlari’ ushi’n tergelip-sorasti’ri’li’p, sud hu’kimi menen wolar wo’lim jazasi’na griptar yetiledi. Bul jaza ma’resimi ko’pshiliktin’ aldi’nda bazardi’n’ qaq wortasi’nda a’melge asi’ratug’i’n boladi’. Povestte usi’ ko’rinislerdi su’wretlew menen baslanadi’. Yeger de usi’ ko’rinistin’ wo’zi saxnalasti’ri’lsa yamasa videofilmge tu’sirile qoysa tamashago’ylerde bir jag’i’nan ayri’ksha bir qi’zi’g’i’wshi’li’q, yekinshi jag’i’nan wolarda ha’m tragediyali’q, ha’m komediyali’q si’patlarg’a toli’ psixologiyali’q keshirmelerdi keltirip

shi’g’aratug’i’ni’ turg’an ga’p. Wo’ytkeni, bul yeki «qanxor» da awi’r ji’nayat islegen–ekewi de hayallari’n jawi’zlarsha wo’ltirgen. Biraq bul ji’nayatlardi’n’ u’lken sebebi, tiykari’ bar yekenligin yele hesh bir woqi’wshi’ bilmeydi, ha’tteki, sezbeydi de. Avtordi’n’ sheberligi usi’nda. Jazi’wshi’ waqi’yani’n’ sheshimin aldi’n ala woqi’wshi’g’a toli’q bildirmey, woni’ belgili bir waqi’yalar dawami’nda jumbaqli’ tu’rde saqlawg’a, usi’ arqali’ woqi’wshi’lardi’ buri’ng’i’dan da beter i’nti’qti’ri’p qi’zi’qsi’ndi’ri’wg’a umti’ladi’. A’ne usi’ usi’ldi’ M.Ni’zanovti’n’ bayanlaw poetikasi’ salasi’ndag’i’ belgili bir sheberliginen da’rek beredi dewge boladi’. Buni’n’ u’stine avtordi’n’ shi’g’armani’n’ baslamasi’ndag’i’ prologli’q a’hmiyetke iye ko’rinislerdin’ de kartinali’q ha’m poetikali’q si’pati’ joqari’ boli’p tabi’ladi’. Qaran’i’z:

«–Qashi’n’lar! Joldi’ ashi’n’lar!

–Qashi’n’lar! Jaqi’nlaspan’lar!

–Kimde kim ja’rdem beriwge uri’nsa yeskertiwsiz ati’ladi’!

–Qanxorlarg’a wo’lim!

–Qanxorlarg’a na’let!

…–Bular neshe adam wo’ltirgen yeken?!

–Kim biledi diysen’, won beslegen bar shi’g’ar?!

–Ko’p! Ana, won’ jag’i’si’ndag’i’ni’n’ wo’zi to’rt shan’araqti’n’ na’restesinen g’arri’si’na deyin qi’ri’p ketken!

–Bergisin men tani’mayman, wol na’she shegip, yes-aqi’li’n joyti’p, wo’z hayali’n malday jiliklep bo’lgen!

–Miyrimsizler, nege turi’psi’z? Uri’n’lar wolardi’!

–Xalayi’k, qanxorlardi’ uri’n’lar!

Bunday g’a’zepli qi’yqi’ri’wlar ha’r bir ju’zlegen qa’demnen ta’kirarlani’p turdi’ ha’m izinshe qol-ayag’i’ baylawli’ ji’nayatshi’larg’a ga’ tas, ga’ kesek, ga’ qayi’sti’n’ tog’asi’ kelip tiyip ati’r. Wolar qorg’ana almas yedi, qol-ayag’i’ baylawli’. Tek g’ana arman-berman basi’n tawlaydi’, ko’zin jumadi’. Izinshe

awzi'-murni'nan ziyrek-ziyrek qan ag'adi'. Qanxorlardi' tiyegen mashina dar maydani'na irkilmey wo'tip ketti»[1].

Mine, usi' ko'rinis ha'm dialoglardi'n' wo'zi shi'g'armadag'i' keskin dramatizm menen saxnali'q ko'rinislerge toli' kartinani' woqi'wshi'ni'n' ko'z aldi'na yelesletip turadi'. Bul ko'rkem qa'siyetler povesttin' bir tutas syujetlik bag'dari'nda tag'i' da keskinlestirip, ja'ne de ayqi'nlasti'ri'li'p, detallasti'ri'li'p su'wretlengen.

Di'qqatqa i'layi'q jeri sonda, povesttegi waqi'ya-ha'diyseler personajlardi'n' qi'ymi'l qozg'ali'slari', ha'reketleri, uli'wma, shi'g'armani'n' bir pu'tin bayanlaw quri'li'si' tu's formasi'–eki «qanxor»di'n' Miyribek penen woleg-Ori'nbaydi'n' sudyag'a ayti'p bergen awi'zeki gu'rrin'leri arqali' su'wretlenedi. Bul su'wretlew usi'llardi' povesttin' bayanlaw poetikasi'n wo'zgeshelendirip, bolg'an waqi'yalarg'a degen woqi'wshi'ni'n' isenimin artti'ri'wg'a xi'zmet yetedi. Buni'n' u'stine jazi'wshi' qollang'an geypara ulg'ayti'p su'wretlewlerdin' de jarasi'mli'li'g'i'n bayqaw qi'yi'n yemes. Qullasi', povesttin' emocionalli'q-ekspressivlik ta'sirshen'ligin ku'sheytip, ko'rkem tildin' wo'zgeshe tu's ha'm boyawlarg'a do'niwine ali'p kelgen. Jazi'wshi' syujet du'ziw ha'm wog'an kirgizilgen waqi'yalardi'n' kompoziciyali'q jaylasti'ri'li'wi'n ta'miyinlewde tu's ko'riw menen a'debiy qaxarmanlardi'n' awi'zeki so'ylew usi'llari'ni'n' jigin bildirmey biriktirip jiberiw bari'si'nda wo'z sheberligin ko'rsetken. Usi' yeki usi'ldi'n' ti'g'i'z birligi povesttin' ayri'qsha ko'rkemlik ku'shin ta'miyinlewge xi'zmet yetken.

Jazi'wshi' ta'sirli dialoglar arqali' ku'ndelikli turmi's tirishiligine ta'n waqi'yalardi' syujetke arqaw yetiw arkali'-aq woni'n' astari'ndag'i' teren' ma'nini woqi'wshi'g'a jetkeriwge umti'ladi'. Ma'selen avtor a'debiy qaharmanni'n' turmi'si'ndag'i' jeke shan'araqli'q xarakterdegi konfliktlerdin' a'ste aqi'ri'nli'q penen baslani'w ma'writlerin an'latar yedi. Buni' Meyirbektin' wo'zi de, ha'tteki, woki'wshi' da tap povesttin' aqi'ri'na shekem birden an'lay almaydi'. Jazi'wshi'ni'n' sheberligi de mine usi'nda. Wol a'debiy qaharman xarakterinin'

[1] Ызанов М. Екин қанхор. «Арал». Нөкис: 1994, 3-4-бб.

evolyuciyasi’n usi’layi’nsha yelespesiz tu’rde ha’m isenimli halda su’wretlep bere alg’an.

Jazi’wshi’ shi’g’armada a’debiy qaharmanlardi’n’ dialoglari’n wo’tkirlestirip beriw ha’m wolardi’n’ qi’ymi’l qozgali’slari’n sheberlik penen su’wretlew arqali’ wolardi’n’ ko’rkem obrazlari’n isenimli da’rejede ashqan. Solay yetip wolar ati’z basi’ndag’i’ muhabbat sebepli turmi’s quradi’. Studentler qalag’a qaytatug’i’n waqi’t bolg’an son’, Ayparsha da woqi’wi’na bari’wi’ kerek boladi’:

«Yene ruxsat berin’iz, men woqi’wi’ma barmaqshi’ yedim!-dedi toy wo’tken son’ bir-yeki ku’nnen keyin azanda ha’mme da’sturxan basi’na ja’m bolg’anda… Ayparsha meni tatli’ demleri menen demiktirip, wo’zinin’ a’lle qashannan berli hayal yekenligin mag’an bir wo’mirge sonda umi’tti’ri’p qoyg’an yedi.

Apam ne qi’lami’z degendey ag’ama qaradi’.

–Bara bersin,-dedi ag’am.-Woni’ woqi’wi’nan qaldi’ri’p ne qi’layi’n dep yedin’?! Bir ha’pte qalg’ani’ az ba?!

…–Ene, tag’i’ bir ga’pim bar yedi,-dedi Ayparsha a’dep saqlag’an boli’p.

–Ayta ber, qarag’i’m!

–Ag’am wo’zime atap u’sh bo’lmeli kvartira ali’p qoyg’an yedi. Qay wak shan’araq bolsan’, usi’ jay seniki degen.

–Wol qa’yerde?

–Mikrorayonda.

–Qudayi’m-aw, shan’araqti’ yerkek balag’a a’permey me?

–Uli’ da, qi’zi’ da men-g’oy, yene!

Apam aytqan ga’pine pushayman boli’p u’ndemey qaldi’.

–Ha’wittey jayda bir wo’zim qorqaman,-dedi Ayparsha tag’i’.-Yeger jibersen’iz, Meyirbekti de wo’zim menen birge ali’p keter yedim. Apam menen ag’am biraz waqi’t u’nsiz qaldi’.

–Meyli barag’oyi’n’,-dedi bir waqi’tlari’ ag’am.- yekewin’iz baxi’tli’ bolsan’i’z boldi’, qayerde ju’rgende ne.» (16-17-bb).

Meyirbek usi’laysha Ayparshani’n’ izine yerip, woni’n’ professor a’kesi ali’p bergen ko’p qabatli’ u’yindegi jayi’na jasawg’a keledi. Qi’zdi’n’ a’kesi:

«Qi’zi’mi’z yerkelew wo’sken, sen yerkeksen’, wo’zin’di qolg’a al…!» dep wog’an tuwri’ jol ko’rsetedi, aqi’l-parasatli’ ga’pler menen woni’ qollap quwatlaydi’. Meyirbek: «–Yeger wol menin’ deydime ko’nbese qa’ytemen?» degen ga’pti de ayti’p saladi’. Usi’ni’n’ wo’zi de Meyirbek penen Ayparshani’n’ ha’m woni’n’ ata-anasi’ni’n’ arasi’ndag’i’ jay ko’zge ko’rine bermeytug’i’n qarama-qarsi’li’qlardi’ an’lati’p turg’an si’yaqli’. Rasi’nda da, Ayparsha menen Meyirbek arasi’ndag’i’ konflikt kem-kemnen keskinlese baslaydi’ ha’m wol povesttin’ a’ste-a’ste basli’ konfliktine aylanadi’. Wolardi’n’ socialli’q shi’g’i’si’, du’nyag’a ko’zqarasi’, sawati’, krugozori’, qa’liplesken a’dep-ikramli’q qa’deleri arasi’ndag’i’ u’lken ayi’rmashi’li’q bull konfliktke tiykar boladi’. Ma’selen, Ayparsha sportsmen, qi’li’shlasi’w wo’neri boyi’nsha chempion, xosh kewilli, shoq qi’zlardi’n’ biri. Bul na’rse jas kelinshek penen ku’yewi arasi’ndag’i’ qayshi’li’qlardi’ bari’nsha shiyelenistirip bari’wg’a sebepshi bolg’anday si’yaqli’. Jumi’sti’ chempionli’q penen sport jari’slari’n ba’nelep, wolardi’n’ u’yine tu’rli-tu’rli qonaqlar kele baslaydi’. Sonday waqi’tlari’ Meyirbek bolsa awi’lda anasi’ awi’ri’wli’ waqi’tlari’ islegen «ka’rin»e kirisip ketedi: u’stine a’ljapqi’sh, iynine su’lgi jawi’p ali’p xi’zmetke qumbi’l boladi’. Bug’an Ayparsha ja’digo’ylenip ku’ledi. Jalatayli’q penen awi’l balasi’n aldarqati’w arqali’ Ayparsha wo’zinin’ aytqani’n boldi’radi’. Bara-bara Meyirbek, ha’tte kelinshegi buzi’q jolg’a tu’skenin bilse de, hesh na’rse bilmegendey boli’p ju’retug’i’n halg’a jetedi. Bulardi’n’ barli’g’i’n su’wretlewde jazi’wshi’ ta’sirsiz tu’rdegi avtorli’q su’wretlewler menen si’rttan turi’p bayanlawlarg’a tu’spesten, al Ayparshani’n’ wo’tken wo’mirine tiyisli bolg’an qosi’msha syujetlik bo’lekshelerdi, woni’n’ ki’sqa-qi’sqa awi’zeki gu’rrin’i arqali’-aq woqi’wshi’g’a jetkerip baradi’. Bul usi’l povesttin’ uli’wma syujet dinamikasi’n shi’yraqlasti’ri’p, ni’g’ayti’p barg’anli’g’i’n ko’riwge boladi’. Demek, usi’ usi’l arqali’ jazi’wshi’ tek g’ana syujetti ha’m qaharman obrazi’n ashi’wdi’n’ dinamikali’q usi’li’n yemes, al analitikali’q formasi’n da aktivlestirip, na’tiyjede a’debiy qaharmanni’n’ ishki minez qulq belgilerin teren’nen ashi’wg’a yerisip woti’rg’an.

Povestte Ayparsha menen Meyirbek arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qlardi’n’, yag’ni’y a’debiy konfliktten’ kem-kemnen shiyelenisip kiyati’rg’anli’g’i’n ko’rsetetug’i’n psixologiyali’q halatlar ju’da’ sheber berilgen. Shi’g’armani’n’ usi’nday dramatizmge toli’ ha’m bir tutas shi’g’armani’ kartinali’q, saxnali’q ko’rinislerge iye videofilmlerge ta’n su’wretlewler ko’pshilik wori’ndi’ quraydi’. Bizin’she bul na’rse povestte bir neshe janrlardi’n’ qa’siyetlerinin’ sheber sintezlenip berilgenligin an’latatug’i’n belgiler boli’p, wolardi’ unamli’ poetikali’q qubi’li’s dep bahalawg’a boladi’.

Biz povesttegi ishki monologli’q ha’m dialogli’q su’wretlew formasi’ni’n ko’p ushi’rasatug’i’nli’g’i’ wonda dramali’q, saxnali’q si’patlardi’n’ ko’p ja’mlengenin an’latatug’i’nli’g’i’n, bul bolsa wo’z gezeginde avtordi’n’ indvidual wo’zgesheliginen da’rek beretug’i’nli’g’i’n ayti’wi’mi’z kerek.

«Apamni’n’ mereksine qa’yin atami’z da, qa’yin yenemiz de keldi. Biraq Ayparsha joq yedi. Professor meni anami’z shi’g’i’p ketkennen keyin bir shetke shi’g’ari’p aldi’.

–Ayparsha qayda? – dedi wol.

–Jumi’si’nda…

–Nege kelmedi?

–Amerikadan bir topar biznesmenler kelip ati’r yeken…

–Ha’, biznesmende basi’ qalsi’n woni’n’! Barg’annan keyin firmadan shi’g’ari’p al. Mug’allim bolsa da ashtan wo’lmeydi.

Professor mag’an bul so’zlerdi shi’ni’ menen ayti’p turma dep hayran qaldi’m. Lekin wog’an menin’ qoli’mnan kelmeydi dep ayta almadi’…» (29-b).

Sezilip turg’ani’nday-aq sheberlik penen qollani’lg’an bul qi’sqa dialogte qaharmanlar obrazi’ni’n’ teren’nen ashi’li’p ati’rg’anli’g’i’ ayqi’n ko’zge taslanadi’. Tap usi’nday taqlettegi ashi’q aydi’n xa’m qi’sqa wo’tkir dialoglar Meyirbektin’ anasi’ jerlengennen son’ won ku’nnen keyin bir «Mersedes» mashinasi’na minip ku’yewin ali’p ketiwge kelgen Ayparsha menen ku’yewinin’ arasi’nda da boli’p wo’tkenligin jazi’wshi’ ju’da’ teren’lestirip ha’m ayqi’nlasti’ri’p su’wretlegen.

Jazi'wshi' povestte dialogqa u'lken funkciya ju'klegen. Mu'mkin woni'n' drama janri'nda u'lken ta'jiriybe toplag'ani' ja'rdem bergen shi'g'ar. Wo'ytkeni, povestte dialog a'piwayi' soraw-juwapti'n' shegarasi'nan shi'g'i'p, a'debiy qaharmanlardi'n' xarakterin ashi'wda konfliktti keskinlestiriwde, syujetti rawajlandi'ri'wda u'lken xi'zmet atqari'p tur. Maselen, Ayparcha menen Meyirbek arasi'ndag'i' mi'na dialogqa itibar berip qarayi'q. Meyirbek:

–Ba'ribir yendi men qalag'a barmayman,-dedim to'men qarap.

–Nege?-dep wol shorshi'p tu'sti.

–Anam wo'ler aldi'nda mag'an «atan'nan qalg'an shanaraqti'n' bosag'asi'na shen'gel ko'milmesin»-dedi.

–Kim wog'an shen'gel ko'meyin dep ati'r? Sati'p ketemiz!

–Yaq, mag'an awi'lda jasa, ata ma'kanda bol dedi.

–Himm, wotstali'y! Professorlar tu'sinbey ati'rg'anda sen qayaqqa barar yedin'?!

Wol bo'lmenin' ishinde arman-berman ju'rdi.

–Barasan'!-dedi wol buyi'ri'p. – Men seni sonsha jerden ali'p ketiwge kelgenmen.

Woni'n' ko'zleri shatnap ketti, mushlari' ga' tu'yildi, ga' jazdi'ri'ldi'. Tisleri shi'q-shi'q yetip bir-birine tiyer yedi…» (30-b).

Jazi'wshi' bul jerde wo'tkir ha'm qi'sqa dialoglarg'a qosa a'debiy qaxarmanni'n' qi'ymi'l qozg'ali'slari'n da sheberlik penen su'wretlew arqali' wolardi'n' ishki psixologiyali'q halatlari'n teren' ashi'wg'a yerisken. Usi' ko'zqarastan ataqli' wori's jazi'wshi'si' A.Tolstoydi'n': «Men adamlarda wolardi'n' ishki ruwxi'y jag'daylari'n ashi'p beriwshi qi'ymi'l qozg'ali'slardi' ko'riwge qushtarman, qi'ymi'l mag'an wolardi'n' psixologiyasi'n ashi'wg'a ja'rdemlesedi. …Qi'ymi'l-bul adamzat psixologiyasi'n ashi'wshi' gilt si'yaqli'», - dep jazg'ani' di'qqatqa i'layi'q[1].

Tap usi' pikirlerdi biz joqari'dag'i' ko'rsetip wo'tken M.Ni'zanovti'n' shi'g'armasi'nan ali'ng'an u'zindige ha'm usi'g'an uqsas basqa da wori'nlarg'a

[1] Қараңыз. Есенов ж. Шеберликтиң сырлары… Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986, 95-б.

qollani'p ko'rsek, shi'ni'nda da wolar arqali' jazi'wshi' a'debiy qaharmanlardi'n' ishki ruwxi'y psixologiyali'q halatlari'n–olardag'i' ga' tragediyali'q, ga' komediyali'q si'patqa iye jag'daylardi' bazda trago-komediyali'q momentlerdi, personajlardi'n ga' woylani'p-tolg'ani'wlari'n, bazda asi'g'i'p-u'sigip naqolay sharayatqa tu'siwlerin sheberlik penen su'wretlegenliginin' guwasi' bolami'z. Bul, bizin'she, tek M.Ni'zanovti'n' usi' povestindegi g'ana yemes, al usi'g'an uqsag'an sheberlik ni'shanlari'n woni'n' basqa da prozali'q shi'g'armalari'nan, satirali'q do'retpelerinen ushi'rati'wg'a boladi'. Bunday ko'rkem-poetikali'k qubi'li'slardi'n' jiyilesip bari'wi' bir tutas qaraqalpaq prozasi'ni'n' du'nya a'debiyati'ni'n' bu'gingi ku'ngi ko'rkem-realistlik proza jetiskenliklerin sheber men'gerip ati'rg'anli'g'i'nan da'rek beredi desek, asi'ra siltewshilik bolmaydi', bizin'she.

Povesttin' qosi'msha syujetlik bag'dari'ndag'i' waqi'yalar a'debiy qaharman Meyirbektin' tu'si menen woni'n' so'zlerinin' sintezi si'pati'nda su'wretlengen. Biraq ta, tiykarg'i' syujetlik liniyadag'i' waqi'yalar, ha'reketler, zamanlasi'mi'z Ayparsha qusag'an jalatay, jen'ilayaqli'q penen ku'neltip ju'rgen qi'zlardi'n' ha'reketlerine quri'lg'an boli'p, wolar avtor ta'repinen ju'da' isenimli tu'rde ha'm sheberlik penen ashi'lg'an. Meyirbek penen qi'zdi'n' ata-anasi', a'sirese, Ayparshani'n' a'kesi professor kisi si'yaqli' sabi'r-taqaatli', aqi'l-parasatli' insanlar da wo'mirde az yemes. Biraq, tilekke qarsi', wolardi'n' wo'z perzentlerine talapqa say ta'rbiya bere almag'anli'g'i' usi'nday awi'r aqi'betlerge ali'p kelgenligin jazi'wshi' tiykarg'i' mashqala retinde alg'a su'rgen. Ha'tteki, Ayparshani'n' a'kesi abi'royli' professor bolsa da jazi'wshi'ni'n' wog'an at qoyi'wdi' rawa ko'rmegenliginin' wo'zinde de u'lken ma'ni jasi'ri'ng'an, bizin'she.

Povesttegi usi'nday wo'mir qi'yi'nshi'li'qlari' ta'g'dir soqqosi' sebepli aljasi'w menen su'rnigiwler woralbay atli' jigittin' de basi'nan wo'tedi. Wol turmi'sta Meyirbek si'yaqli' qa'telespegeni menen de wolardi'n' ta'g'dirinin' belgisiz bir ku'sh ta'repinen tap aldi'n ala belgilenip qoyi'lg'an si'yaqli' wo'mir adi'mi'n qalay ha'm qa'ytip basa da wo'mir soqqi'lari'nan quti'la almaydi'.

Bulardi'n' ayi'rmashi'li'g'i' woralbaydi'n' su'ygen qostari' Genjegu'l shi'g'armadag'i' bunnan aldi'n'g'i' Ayparsha si'yaqli' jen'iltek hayal yemes, woni'n' ju'regi mehir muxabbatqa toli'. Wol bir sapari' Tashkentke ketip barati'rg'anda woralbaydi'n' aqsaq ayag'i'n qag'i'p ketip, wog'an an'lamay turpayi' so'zler ayti'p salg'ani' ushi'n jigitten keshirim soraydi'. Usi' qi'sqa waqi't merzimindegi qi'yan-kesti waqi'yalar sebepli qi'z woralbayg'a ashi'q boli'p qaladi'. A'lbette, bul sheshimge woni'n' jigit ag'asi'ni'n' ta'g'diri, ata-anasi'ni'n' Genjegu'lden basqa perzentinin' bolmawi', woralbaydi'n' balalar u'yinde ta'rbiyalang'anli'g'i', jurday jetimligi, qullasi', ha'mme waqi'yalar bug'an sebep boladi'. Biraq wolardi'n' yekewinin' baxti'na qi'zdi'n' a'kesi Serimbet g'arri'ni'n' wo'jet minezliligi, ashi'wshaqli'g'i' qatti' kesent yetedi. Wo'ytkeni woralbay Serimbet shopanni'n' qoylari'n bag'i'wg'a ja'rdem berip ju'rgende qi'zi'l qum ishinde wotarg'a qasqi'r shabadi'. Buri'n qoy bag'i'p ko'rmegen, ta'jiriybesiz woralbay ja'rdem sorap kelgende g'arri' jigitti de, arashag'a tu'sken yeki qabat qi'zi' Genjegu'ldi de wo'ltire sabaydi'. Usi'ni'n' aqi'betinde kelinshek keselxanada nabi't boladi'. Ashi'wg'a buwli'qqan g'arri' yendi usi' baxti' qarali'qqa sebepshi dep woralbaydi' ati'p wo'ltirmekshi bolg'anda, wol basi'ni'n' awg'an jag'i'na qaray qashi'p ketedi. Sol ketisi menen ali's rayonlardi'n' birindegi miymaxanalarg'a qarawi'l boli'p jumi'sqa wo'tedi, sol jerde Sa'wle degen kelinshek penen tani'sadi'. Keyinirek, woni'n' menen qoslas boli'w wog'an nesip yetedi. Wo'ytkeni, bul kelinshek woralbayg'a wo'zinin' iybeliligi, ta'rtip-intizami' menen unap qalg'an si'yaqli' yedi. Woni'n' u'stine wog'an ta'biyat ta'repinen berilgen si'n-si'mbat, xoshrey kelbet woralbaydi'n' ju'regine urg'an yedi.

«Yeki qanxor» povestindegi tiykarg'i' ideyani' beriwde jazi'wshi'ni'n' tragediyali'q ha'm komediyali'q su'wretlew usi'llari'ni'n' bir-birine wo'z-ara sintezlegen halda su'wretlewi u'lken a'hmiyetke iye. Usi' ko'zqarastan povesttegi ayi'ri'm tragediyali'q ha'diyselerdin' wo'zi de woqi'wshi'da bir jag'i'nan ku'lkili, yekinshi ta'repten qanday da bir qayg'i'li' sezim woyatatug'i'nli'g'i' di'qqatqa i'layi'k. Usi'layi'nsha jazi'wshi' povesttin' aqi'ri'na taman: «Oralbay pa't penen temir krovattan jerge lars yetip qulap tu'sti. Meyirbek ushi'n tu'rgeldi de woni'n'

qolti'g'i'nan su'yedi…» (72), -degen si'yaqli' so'zlerdi jazi'p, son'i'nan bir kamerada jati'rg'an ta'g'dirleske woralbaydi'n' ko'rgen tu'slerin aytqi'zi'p, woni'n' awzi'nan: «–Quwana ber, jora! Aman qaldi'q!!!» degen so'zleri aytqi'zadi'. Bul, a'lbette wolardi'n' tek g'ana wo'zlerinin' wo'mir jollari'ndag'i' yemes, al pu'tkil wo'mir menen ja'miyetlik kartinadag'i' haqli'q penen xaramli'q, nadanli'q, kewilsheklik penen sumli'q jaylap ketken jalatayli'q arasi'ndag'i' gu'reslerdegi ha'r bir insanni'n' jen'ip shi'g'i'w a'rmanlari' yedi. Buni' jazi'wshi' povesttin' yeki tu'rli qaharmani'ni'n' wo'mirindegi keskin buri'li's ha'm awi'r ta'g'dirlerdi nag'i'z realistlik teren'lik penen satirali'q usi'llarda su'wretlew, sol satirali'q bayanlaw ushi'n tabi'lg'an ta'sirshen' detallardi' duri's tan'lap tawi'p wolardi' shi'g'armani'n' negizgi syujetlik worayi'na aylandi'ra ali'w si'yaqli' ko'rkemlik poetikali'q komponentlerdi ti'g'i'z ja'mlestiriw, wolardi' negizgi maqsetke biriktirip sintezlep bir pu'tin du'nya do'retiw joli'nda ayri'qsha poetikali'q sheberlik ko'rsetip su'wretlegen. Bul si'patlar biz ayqi'ni'raq toqtap wo'tken da'slepki qaharman Meyirbektin' wo'mir soqpaqlari'ndag'i' su'rnigiwlerdegi satirali'q ha'm realistlik momentlerden de ti'sqari', yekinshi a'debiy qaharman, tag'i' bir «qanxor» jigit woleg-Oralbaydi'n' balalar u'yindegi ku'lkili ha'siretli waqi'yalari', woni'n' na'resteliginde anasi' jo'rgekke worap, sol balalar u'yine jaqi'n jerge taslap ketkenligin tag'i' bir qaharman tilinen qosi'msha syujetlik detal si'pati'nda qi'sqa ha'm i'qsham bayanlaw, wolegtin' sol «u'yde»gi qi'zi'qli' ha'm ha'siretli waqi'yalarg'a toli' wo'mirin qi'zi'qli' detallar menen beriwi woni'n' balalar tarti'si'p iyterisip turg'anda balkonnan qulap tu'sip, ayag'i' aqsaq boli'p pitiwin su'wretlewi, jigittin' Tashkente Genjegu'ller jasap ati'rg'an wori'nda gu'rtikti de qol menen jewdi bilmewi woni'n' balalar u'yinde ta'rbiyalang'anli'g'i'n an'lati'p su'wretlep, woni'n' qollari'nan qa'dimgi gu'rtik tu'sip kete beriwlerin sa'wlelendiriw ha'm tag'i' basqalar arqali' ju'da' sheberlik tabi'lg'an wori'nlar ha'm wolardi'n' barli'g'i' shi'g'armani'n' uli'wma realizmi menen satirali'q si'pati'n artti'ri'p tur.

## II.3. M.Ni’zanovti’n’ «Aqshagu’l» povestinde qaharman obrazi’n jasaw wo’zgesheligi

Jazi’wshi’ M.Ni’zanovti’n’ «Aqshagu’l» povestine de zamanago’y turmi’s shi’nli’g’i’na tiykarlang’an konfliktler tiykar yetip ali’ng’an ha’m woni’n’ izi tragediya menen tamamlani’wi’ da ta’biyg’i’y shi’qqan. Bas qaharman Aqshagu’l bu’gingi bazar ekonomikasi’ da’wirinin’ barli’q qi’yi’nshi’li’qlari’ menen qarama-qarsi’li’qlari’n wo’z boyi’na sin’irgen obraz. Woni’n’ minez-qulqi’ni’n’ qa’liplesiw menen rawajlani’w evolyuciyasi’na totalitar du’zimnin’ barli’q unamsi’z si’patlari’ wo’z ta’sirin tiygizgen. Wol awi’ldi’n’ qara puxara qi’zi’. Aqshagu’l mektep turmi’si’n basqa da balalar si’yaqli’ qa’dimgishe bastan keshiredi, yer jete kele muhabbatti’n’ jumbaqli’ soqpaqlari’nan wo’tedi. A’debiy qaharmanni’n’ woqi’wshi’li’q, jasli’q da’wirlerindegi waqi’yalar povestte geyde yumorli’q si’patlari’ basi’m detalli’q su’wretlewlerdin’ ja’rdemi menen de berilip bari’ladi’. Qaran’i’z:

«Wol Sapar yekewinin’ wortasi’na papkasi’n qoyi’p woti’ratug’i’n boldi’. Partani’n’ u’stin bildirmey qa’lem menen ten’ wortasi’nan si’zdi’.

–Mi’na si’zi’qtan shi’g’anag’i’n’ bermen wo’tpesin!-dedi Saparg’a.

Sapar bayg’us di’m u’ndemey basi’n iyzedi. Ba’ri bir tez-tez uri’si’p qala beretug’i’n yedi.

–Ayag’i’n’di’ tart!-dep jilinshegine tewip jiberedi Aqshagu’l joq jerden shan’ shi’g’arg’i’si’ kelip.

Sapar awi’rsi’ni’p turadi’ da, tag’i’ bildirmey partani’n’ yerneginen tu’sip keteyin dep woti’radi’»[1].

Haqi’yqati’nda da, bular mektep jasi’ndag’i’ balalarg’a ta’n psixologiyali’q halatlar boli’p, wolar povestte ayqi’nlasti’ri’li’p sa’wlelediriwshi detallar ja’rdemi menen sheber tu’rde su’wretlengen. Qaran’i’z:

«Balali’q degen-a’!

---

[1] Нызанов М. Ақшагүл. Повесть. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2004, 16-б (endigi mi’sallar usi’ basi’li’mnan ali’nadi’, qawi’s ishinde tek beti ko’rsetiledi).

–Nurjan!-dedi wol bir ku’ni ta’nepiste., –Sag’an bir zat aytayi’n ba? Nurjan ayt degendey ti’n’lap turdi’.

–Sapardi’n’ bir tu’rli iyisi bar ya?

–Bilmeymen.

–Qasi’nda woti’rsan’ bilesen’.

–O’ytip men qi’z yemespen-g’o dedi Nurjan. Sonda «sen nege menin’ menen woti’rmaysan’» dep aytayi’n-aytayi’n dep turdi’ Aqshagu’l, biraq bati’na almadi’» (17-bet).

Demek, bul dialogta Aqshagu’ldin’ tuwri’ sozliligi menen woni’n’ Nurjang’a degen i’qlasi’, ashi’q kewilliligi, shaqqanli’g’i’ sezilse, al Nurjandag’i’ nati’qli’q penen si’payi’li’q, tarti’nshaqli’q ayqi’n ko’rinip turadi’. Wolar u’y a’tirapi’ndag’i’ boyannan kishkene-kishkene i’lashi’qlar sag’i’p, Aqshagu’ldin’ payi’na Sapar menen bir «u’y» boli’w tu’skende de, qi’z narazi’ boli’p, boyannan sog’i’lg’an «u’y»di de tas-talqan yetip buzi’p keter yedi. Usi’lar arqali’ jazi’wshi’ Aqshagu’ldegi shaqqanli’q, tirishen’likti woni’n’ Nurjang’a bolg’an muhabbat sezimlerin satira-yumorli’q si’pati’ basi’m qatarlar, waqi’yali’q detallar ja’rdemin menen sa’wlelendirip bergen. Usi’ni’n’ na’tiyjesinde, povesttin’ bayanlaw poetikasi’ni’n’ woqi’wshi’g’a degen ta’sirshen’ligin, wondag’i’ lirizmdi artti’ri’wg’a yerisip woti’rg’an.

Jazi’wshi’ povest syujetin bastan aqi’ri’na deyin izbe-iz bayanlawg’a quri’wdi’ abzal ko’rmegen. Al woni’ Aqshagu’ldin’ qaharmanni’n’ manti’ menen somsa sati’p ju’rgen ku’nlerinen baslaydi’ da, son’i’nan woni’n’ woqi’wshi’li’q da’wirin yeske tu’siriw usi’li’ menen su’wretleydi. Son’i’nan woni’n’ «biznesmenlik» islerine baylani’sli’ qi’zi’qli’, biraq wol ushi’n azapli’, qorli’qli’ waqi’yalardi’ su’wretleydi. Son’i’nan, Nurjanni’n’ balali’q, Aqshagu’l menen jan’a qosi’lg’an da’wirlerindegi wori’n alg’an wo’reski ha’diyselerdi keyin jas shan’araqti’n’ qalali’ boli’wg’a ma’jbu’r bolg’an waqi’tlari’ndag’i’ ku’n ko’ris ushi’n juwi’ri’p jortsa da, bir tapqani’ bir tapqani’na jetpewine baylani’sli’ wo’mir qi’si’lshan’li’qlari’, yerinin’ qamali’p kelgeninen son’, tek u’ydin’ aldi’ndag’i’ biyda’wlet qon’si’lari’ menen tek soqta woynawdan basqani’ bilmeydi, qa’pelimde

Aqshagu'ldin' ayli'qli' jumi'si'na kiriwi si'yaqli' syujet waqi'yalari'n jazi'wshi' waqi't boyi'nsha ilgerli-keyinli tu'rde jaylati'ri'p, wolardi' qaharmandi'n' yadqa tu'siriwleri, wo'z-o'zine ishinen yesap beriwleri, geyde ta'wbege kelse, birde nali'p ah uri'wi' gu'rsiniwleri ha'm t.b. psixologiyali'q tolg'ani'slar arqali' su'wretlewi povesttegi sheberliktin' a'dewir da'rejede joqari' yekenliginen da'rek beredi.

Jazi'wshi' Aqshagu'ldin' yadqa tu'siriwleri arqali' son'g'i'li'g'i'nda woni' wo'limge griptar yetken Saqbay atli' ha'meldar jigittin' kim yekenligin woqi'wshi'g'a bildirip wo'tedi. Saqpay mektepte Aqshagu'lden sa'l u'lken, woni'n' menen bir mektepte woqi'g'an. Wol mektepte ju'rip -aq usi' qi'zg'a qatti' ashi'q bolg'ani' menen wog'an qoli' jetpegen. Wo'ytkeni, Aqshagu'l su'ygen jigiti Nurjan menen turmi's quradi'. Yeri Nurjan ata joli'n quwi'p awi'lda traktorshi'li'q yetedi, keynin ala brigadirdin' zorli'g'i'na ushi'rap, No'kiske ko'ship ketedi. Buni'n' u'stine qaladag'i' ko'gallandi'ri'w mekemesinde traktor aydap ju'rgen ku'nleri baxi'tsi'z ha'diyse ju'z berip Nurjan jazi'qsi'zdan jazi'qsi'z qamali'p ketedi. Qamaqtan na'renjan boli'p shi'qqan wol xojali'q mashqalasi' menen wonday aylani'sa bermeydi. Barli'q awi'rmanli'q bir qi'z benen yeki uldi' asi'rap saqlaw Aqshagu'ldin' moyni'na sho'gedi. Qamali'p ketkenligin si'ltawlap hesh bir mekeme Nurjandi' jumi'sqa alg'i'si' kelmeydi. Buni'n' u'stine jigit bir biznesmen kelinshekke jallani'p temir tirsek-ji'ynap ju'rip awi'ri'w artti'ri'p aladi'. Usi' qi'yi'nshi'li'qlar sebepli Aqshagu'l bir neshe ken'senin' qarawi'li' menen sipsekeshlerinen, basli'qlari'nan so'z yesitip ju'rip, wo'zine mektep da'wirinen ashi'q bolg'an jigit Saqbaydi'n' qarawi'na jumi'sqa wornalasi'wg'a ma'jbu'r boladi'. Da'slep, wog'an Saqbay wog'ada saldamanli', aqi'lli', isker ha'm g'amxor jigit si'yaqli' boli'p ko'rinedi, Aqshagu'lge ko'p jaqsi'li'q isleydi, wo'tkendegi waqi'yalar haqqi'nda tis jari'p awi'z ashpaydi' da. Sog'an qosa Saqbay shaqqan kelinshek Aqshagu'lge ko'plegen xojali'q islerin isenip tapsi'radi', ken'sedegi biykar yetilgen zatlardan (perde, dorojka, mebeller ha'm t.b.) wog'an mol-moldan berip saqi'yli'q ko'rsetedi. Al, aradan bir ji'l wo'tkennen keyin g'ana Saqbay Aqshagu'ldi ken'senin' kishkene miymanxanasi'nda xi'zmet yetiwin wo'tinedi,

woni’ ma’s halg’a tu’sirip, wo’z bildigin islep ti’nadi’, na’tiyjede kelinshek wo’zinin’ ko’z ashi’p ko’rgen yerine qi’lapli’q qi’li’p qoyg’ani’n bilmey-aq qaladi’.

«… yekinshi, keyninen u’shinshi, to’rtinshi ryumkadag’i’ kokteyller ketti. Sanawli’ waqi’tlardan keyin Aqshagu’l wo’zin basqari’wdi’ jog’altqan yedi. Wol usi’ ku’ni ko’p na’rse jog’altqani’n’ keyin bildi. Lekin kesh yedi...

Wol geygu’m arada Saqbaydi’n’ mashinasi’na shashlari’ uypa-juypa boli’p minip ati’ri’p, birinshi ma’rte yesten ayi’ri’li’p qali’p yerine islegen qi’yaneti ushi’n ishinen qan ji’ladi’. Yesikti ishten ilip, u’rpeyisip woti’rg’an balalari’ni’n’ ju’zine qalay qaraytug’i’nli’g’i’ jani’n jegidey jedi. Al rulde kiyati’rg’an Saqbay wo’z isine wo’zi riyza, qasi’nda u’n-tu’nsiz kiyati’rg’an Aqshagu’lge woylani’p ali’wg’a pursat berip, «ba’ri bir yendi men ko’zine i’si’q ko’rinemen, yele bul wori’nli’qqa wo’zin’nen-o’zin’ naz yetip kelip woti’ratug’i’n bolasan’» degendey keyipte. Wol uzaq ji’llar a’rman yetken maqsetine bu’gin yerisken yedi» (87-bet).

Syujetlik rawajlani’wi’ndag’i’ bul sheshiwshi ma’writler povesttegi waqi’yalardi’n’ bari’si’ menen qaharmanlar xarakterinin’ ishki logikasi’nan ta’biyg’i’y halda kelip shi’qqan. Wo’ytkeni, avtor «muhabbat» demlerin ayi’ri’m jazi’wshi’larday natural ha’m turpayi’ tu’rde su’wretlemesten waqi’ya ha’m ha’diyselerdin’ ta’biyg’i’y ag’i’si’na su’yenip is yetkenligi di’qqatqa i’layi’k.

## II.4. M.Ni’zanovti’n’ «Aqi’ret uyqi’si’» povestinde ko’rkem sheberlik

Talantli’ qa’lem iyesi M.Ni’zamovti’n’ ja’ne bir sa’tli do’retilgen shi’g’armalari’ni’n’ biri-bul «Aqi’ret u’yqi’si’» povestinde satira-yumorli’q obraz do’retiwdin’ ayqi’n u’lgileri menen yen’ jaqsi’ ni’shanlari’ joldan tabi’ladi’. Uli’wma tutas alg’anda shi’g’armani’n’ toli’q satirali’q do’retpe de atamag’ani’mi’z benen de povesttin til quri’li’si’ menen syujetinen de satira ha’m yumorli’q motivler ko’birek sezilip turadi’. Sebebi jazi’wshi’ni’n’ wo’zi tiykari’nan alg’anda usi’ qa’lem terbetkenlikten de wol qa’legen prozali’q shi’g’armalari’nda da turmi’s haqi’yqatli’g’i’ menen adam, insan wo’mirin satira yumorli’q tu’rde su’wretlep ashi’wg’a beyimlik ko’rsete beredi. Bul bizin’she

zan'li' qubi'li's ha'm wol a'debiyat ushi'n paydali' ta'replerinen ti'sqari' zi'yan keltirmese kerek.

Jazi'wshi'ni'n' «Aqi'ret u'yqasi'» dep atalg'an povestinin' ati'ni'n' wo'zi bir qansha ku'lkige, komediyali'li'q penen satira jaqi'n motivte qoyi'lg'ani' birden-aq sezimtal woqi'wshi'lar ushi'n ayqi'n an'g'ari'lsa kerek. Sonday-aq woni'n' uli'wma syujetlik kompoziciyali'q bari'si' menen til quri'li'slari'nda da tragediyali'q qa'siyetler de joq yemes. Sonli'qtan da povesttin' baslamasi'nan aq jazi'wshi'ni'n' Bazargu'l kempirdin', yag'ni'y basli' a'debiy qaharman bolg'an wo'temuratti'n' kempir apasi'ni'n' qartayg'an wag'i'ndag'i' wo'mir tragediyasi'n sa'wlelendiriwinen de sarras ko'zge tu'sedi. Shi'nli'g'i'nda wol wo'mir tragediyasi'nda hesh kimnen qorli'q ko'rmeydi, azap-aqi'ret yesitpeydi, al biraq zan'li' tu'rdegi adam wo'mirinin' qartayg'an ji'llari'ndag'i' qi'yi'nshi'li'qli' ku'nlerinen bastan keshiriwi menen de tragediyag'a megzes turmi's keshiredi. Wog'an az da bolsa wo'z ku'ndesi Genjegu'l kempir ton'qi'ldag'an da boladi', buni' yesitip wolardi'n' kelini A'njimnin' ju'regi si'zlaydi'. Haqi'yqati'nda da bulardi'n' barli'g'i' insan balasi'ni'n' qa'legeninin' qartayg'anda bastan keshiretug'i'n, uli'wma wo'mir atli' u'lken wokeanni'n' zan'li' tragediyasi' dep tu'siniwge tuwra keledi. Mine bulardi'n' barli'g'i'n jazi'wshi' ga'de yumorli'q, ga'de satirali'q, bazda tragikomediyali'q kartinali'q ko'rinisler arqali' da sa'wlelendirip uli'wma do'retpenin' emocionalli'g'i'n artti'ri'wg'a, poetikali'q sheberligin ko'teriwge yerisip woti'rg'anli'g'i' bayqaladi'. Mi'sali', qartayi'p seksennen asi'p ketken Bazargu'l kempirdi wonnan kishkene Genjegu'l kempir ko'terip a'kelip saralatadi', wo'jirenin' bir mu'yeshine apari'p woti'rg'i'zi'p awqati'n aldi'na qoyi'p ketedi, bunday da wol geyde awqati'n to'gip shashi'p alsa, geyde qasi'q uslag'an qollari' mudami' qalti'rap ta woti'rar yedi. SHaydi' bolsa wol wo'zliginen suwi'ti'p ta ishe almaydi', al buni' Genjegu'l kempir qam ji'li'm yetip suwi'ti'p boli'p aldi'na qoyadi'. Shi'g'armani'n' basli' qaharmani', wo'z waqti'nda professorli'q da'rejege jetisken wo'temurat, balali'g'i'nda mine, usi'nday ha'diyselerdi ko'rip wo'sken insan yedi. Bulardi'n' barli'g'i'n jazi'wshi'

sol wo'temuratti'n' yeslew ma'writleri si'pati'nda su'wretlep mi'naday ga'plerdi jazadi':

«…Buni'n' biletug'i'ni' ha'mme ballardi'n' bir kempir apasi' bar, al bunda yekew… Baza kempir qartayg'anli'qtan ba, yesi kiresili shi'g'asi'li' yedi. Woni' shaydi'n', ya awqatti'n' waqti'nda kempir apasi' Genjegu'l kempir jas Balani' tosayi'n dep ati'rg'anday yetip ko'terip a'keledi de, bir mu'yeshke woti'rg'i'zi'p, aldi'na awqati'n, shayi'n qoyadi'. Woni' da'sturxan basi'ndag'i'lardi'n' ko'zi tuspeytug'i'n yetip bir qi'yalap woti'rg'i'zadi'. Birotala arman qarap woti'rg'i'zi'wga qudaydan qorqadi'»[1].

Mine, usi' so'zlerdin' wozinde wo'mir tragediyasi' ja'mlengen yemes pe?! A'sirese bundag'i' til quri'li'si' menen avtordi'n' uli'wma su'wretlew, bayanlaw manerasi'nda satira-yumorli'q motiv birden-aq ko'zge tu'sip turg'anli'g'i'n an'g'ari'w wonsha qi'yi'n bolmasa kerek. Usi' bag'i'tta jazi'wshi'ni'n' bi'laysha jazi'wi' da wo'zinshe poetikali'q jaqtan ali'p qarag'anda jarasi'mli' ha'm teren' ma'nili, wo'mir qubi'li'slari' haqki'nda ha'r bir insandi' woylandi'ratug'i'n jag'daylarg'a quri'lg'an: «…oni'n' awqatlani'wi'ni'n' wo'zi ha'mmenin' ishteyin buzatug'i'n yedi. Awzi'nda tisi bolmag'ang'a ma, urtlag'an tamag'i'ni'n' yari'mi' yeki yeziwinen ag'i'p ketedi. Woni' ji'ynap ali'wg'a kempirdin' aki'li' ali'spay ma, buyag'i'n wo'temurat bilmeydi. Shaydi' bolsa… wo'zliginen suwi'ti'p ishe almaydi'. Wo'zinin' ko'p jasap ko'p boli'p ati'rg'ani'na nali'ni'p ati'rg'anday kemlik kelip ji'laydi'. Aqi'ri' ha'mme wori'nlari'nan turi'p-turi'p ketiwge ma'jbur boladi'… Bala da ta'wir, ku'n wo'tken sayi'n yesin ji'ynaydi', al buni'ki kerisinshe…» (8).

Bizin'she, bulardi'n' barli'g'i'nda tek g'ana jen'il ku'lki yamasa wo'tkinshi g'ana jen'il-jelpi woylar yemes, al wo'mir zan'li'li'qlari' haqqi'nda teren' pikirler ja'mlengen dewge boladi'. Sonli'qtan ba usi' Bazar atli' kempir apasi' waqti'-waqti' wo'temuratti'n' bala waqi'tlari': «Toqsan jasayi'n degen jasi'm ba yedi, arap taqan isheyin degen asi'm ba yedi»–degen qosi'q qatarlardi' azi' kem yesi du'ziw waqi'tlari' jiyi-jiyi qaytalay beretug'i'n yedi. Wo'temurat bala waqi'tlari'

---

[1] Нызанов м. Ақырет уйқысы Повесть.. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2009.

yesitken usi’ qosi’q qatarlardi’n’ yadlap qalg’an ha’m woni’n’ teren’ filosofiyali’q mag’anasi’n wo’zinin’ jasi’ da toqsang’a shamalasqan waqi’tlari’ jaqsi’raq an’lap jetisedi. Rasi’nda da buda teren’ wo’mir filosofiyasi’ bar yeken. Sebebi bulardi’n’ barli’g’i’n wo’temurat wo’z basi’nan keshirdi. Jaslayi’nda a’kesi qayti’s boli’p kaldi’, anasi’ ha’m a’japalari’ menen qalg’an jetim jesirlerdi yen’ aldi’ menen woni’n’ ag’ayin tuwi’sqanlari’, wo’mirinshe jan qon’si’ boli’p ta woti’rg’an Beqan qoti’r, Xojamurat brigadirge shekem kemsitip, qarap qorlawg’a shekem ali’p keldi. Woni’n’ iyesiz qalg’an bag’ ha’remlerin jarg’i’lap kesip, woti’n qi’li’w menen turmay, al wog’an tegislep jiberip yegin yekti, tegin ag’i’p turg’an sol ta’repten keletug’i’n salmani’n’ qulag’i’n baylap taslap, bulardi’n’ ati’zi’na bermey de ja’bir ko’rsetti. Solardi’n’ barli’g’i’na i’zasi’ keletug’i’n wo’temurat jaslayi’nan-aq woyshan’ ha’m aqi’lli’ boli’p wo’sse kerek. Biraq woni’ jetispewshilik, yekinshiden zamanni’n’ geypara naduri’s ag’i’slari’ da qi’ynap azaplar yedi. Atap aytqanda wog’an bir ku’nleri anasi’ bazardan shuberew botinka sati’p a’pergende, wol ayag’i’na ken’ boli’p, buni’ anasi’ da bolsa «sen wo’sip barati’rg’an balasan’, son’i’nan shaqlasi’p ketedi» dep jubatqan bolsa, buni’ mekteptegi klasslaslari’ da usi’ tufoiyi ushi’n mazaqlap ku’le beredi. Usi’dan quti’li’w ushi’n wo’temurat bir sapari’ mektepke barati’rg’anda taza tufliydi joldag’i’ boyanli’qti’n’ arasi’na jasi’ri’p ketedi. Tap sol ku’ni mektepke qaladan tekseriwshi doktorlar kele me… Bekniyaz atli’ taz keselxanasi’ni’n’ vrachi’ buni’ tazdan xabari’n’ bar yekenge jori’p ha’tteki u’yine de yeskertpesten, jabi’q mashinag’a sali’p Shi’mbay qalasi’na ali’p ketedi. Wol waqi’tlar ushi’n Shi’mbay qayda, Kegeylidegi «Xoja awi’l» qayda…? Al sondag’i’ jas wo’spirimnin’ boyanli’qti’n’ arasi’nda qali’p ketken ayaq kiyimi tuwrali’ woylap qi’ylang’ani’ wo’z aldi’na.

Usi’ rehimsiz doktordi’ wo’temurat qartayi’p, yesi kirerli-shi’g’arli’ boli’p, yag’ni’y M.Ni’zanovti’n’ tili menen aytqanda, aqi’ret u’yqi’si’nda jati’rg’anda ko’z aldi’na yelesletip, woni’n’ gallyucinaciyali’q qubi’li’s halatta a’n’gimelesken de g’ana wol sol sapari’ wo’temuratti’ tek tazlardi’ tawi’p joq yetiw jobasi’n wori’nlaw ushi’n g’ana ali’p ketkenin moyni’na aladi’. Anasi’ izinen sol sapari’ barg’anda doktorlardi’: «balama bali’q quwi’rdaq jegizip keleyin» degen si’ltaw

menen aldap, urlap ali'p ketkenin yesleydi. Wo'temurat qayti'p kelip bayag'i' jasi'ri'p ketken tufliyin izlep barsa, wol jerden taba almaydi', boyanli'qti' ati'z benen qosi'p su'rip jibergen boli'p shi'g'adi'.

Povestte su'wretlengen bul quramali' sharayat sol awmali'-to'kpeli zaman, siyasattag'i' bir ta'replemelik ha'm qa'telikler sebepli kelip shi'qqan boli'p, jazi'wshi'ni'n' woni' teren' an'lap, asa serlilik penen, satira-yumorli'q si'pati' basi'm usi'llar menen su'wretlegenligi ko'zge taslanadi'. Bizin'she usi' satira-yumorli'q si'patti'n' basi'mli'g'i' povesttin' realistlik bag'i'ti'n teren'letiwge xi'zmet yetip, woni'n' bayanlaw poetikasi'na ayri'qsha jag'i'mli' poetikali'q qa'siyetler yendirip tur. M.Ni'zanovti'n' povest baslanardan-aq joqari'dag'i'day satirali'q si'patlarg'a ayri'qsha kewil bo'liwi, izan ara da'rriw bas a'debiy qaharman wo'temuratti'n' qan basi'mi' ko'terilip, miyi aylani'p ji'g'i'li'p aqli'g'i'nan ja'rdem ku'tip turg'an ma'writlerin su'wretlewleri, wonnan son'g'i' woni'n' ko'z aldi'na yelesletiwleri, saldi'raqlawi', alji'li'-bulji'li' ko'rinisler, awi'ri'w insanni'n' psixologiyasi'ni'n' barli'q jaqsi'li'-jamanli' qa'siyetlerin wo'z boyi'na sin'irgen gallyuciyanaciyali'q processler ha'm t.b. ha'diyselerdin' ko'pshiligi avtor ta'repinen satira-yumorli'q si'pati' basi'm su'wretlew usi'llari' menen berilgen. Wolardi'n' barli'g'i' da bazda ku'lkili ha'reketler, geyde teren' wo'mir tolg'ani'slari'na toli' psixologiyali'q keshirmeler, geyde wo'mir shi'nli'g'i'ni'n' tragediyali' si'patlari'n wo'zinde ja'mlewshi kartinali'q ko'rinisler si'pati'nda woqi'wshi'ni'n' ko'z aldi'nda yeleslep turadi'. Bular wo'z gezeginde shi'g'armani'n' sheberlik da'rejesinin' arti'wi'na xi'zmet yetedi. Mi'sali':

«Da'rwaza jabi'q yeken. U'yge kire almadi'. Ali'si'raqta woynap ju'rgen bir bala ko'rindi. Shamasi' aqli'g'i' Asqar bolsa kerek… Asqar basqa aqli'qlari'na qarag'anda sa'l suwqi'ytlaw. Qas qag'i'mda aldap ketedi.

–Ata, ha'zir kelemen dedi me,-tamam, keshte bir ko'resen'! Mu'mkin wol jalatayshi'li'q yemes, biyzar bolatug'i'n shi'g'ar. Bir ayag'i' bir ayag'i'nan wozbaytug'i'n g'arri'ni'n' kewlin tabi'w,-ko'kiregi ali'p ushi'p turg'an balag'a an'sat pa?!

…Wol bir zaman diywalg'a su'yenip turdi' da, qoli'ndag'i' iymek tayag'i'n da'rwazani'n' qaptali'na su'yep, skameykag'a qol uzatti'. Biraq usi' waqi'tlari' birden ko'shenin' bati's ta'repi bir qi'yalap aspang'a ko'terilip ketti».

Juwmaqlap aytqanda «Aqi'ret uyqi'si'» povesti avtordi'n' qaharman obrazi'n jasawdag'i' jan'asha izlenislerinin' jemisi boli'p, wol jazi'wshi'ni'n' realizminin' mol mu'mkinshiliklerinen turmi's haqi'yqatli'g'i'n ko'rkem haqi'yqatli'qqa aylandi'ri'wda ilaji' bari'nsha ken' paydalani'wg'a umti'li'p ati'rg'ani'nan da'rek beredi.

## III bap. M.Ni'zanovti'n' «Dushpan» romani'nda syujet quri'w wo'zgeshelikleri

### III.1. Roman janri'nda qaharman obrazi'n jasawdin' wo'gesheligi

«Obraz-ko'rkem a'debiyat penen ko'rkem wo'ner shi'g'armalari'nda turmi's haqi'yqatli'g'i'n belgili bir usi'llarda sa'wlelendirgen ja'miyetlik qubi'li'slar, ta'biyiy ko'rinisler ha'm adamlardi'n' minez qulqi', a'dep-ikramli'li'g'i' (xarakteri). A'debiy do'retpelerde ko'birek obraz atamasi'nda jazi'wshi' ta'repinen su'wretlengen insan minez-qulqi', woni'n' du'nyag'a ko'zqarasi', woy-pikiri ha'm sezimler a'lemi tu'siniledi»[1]. Jazi'wshi' ko'rkem obraz arqali' du'nyani' an'laydi', wo'zi an'lag'an tu'sinikti ha'm wo'zinin' an'lap ati'rg'an na'rsege yemocionalli'q mu'na'sibetin sa'wlelendiredi. Usi' ko'zqarastan obraz a'debiyat ha'm iskusstvoni'n' pikirlew formasi', usi'li' yesaplanadi'. A'debiyatta jazi'wshi'lar obraz arqali' tek g'ana ja'miyetlik rawajlani'wdi'n' uli'wmali'q, wortaq bolg'an basil' belgilerin sa'wlelendirip qoymastan, al shi'g'armag'a qatnasi'wshi' qaharmanlardi'n' jeke minez-quli'q belgilerin de ashi'p beredi ha'm sol sebepli wol a'debiyattag'i' «qaharman» tu'sinigi menen ti'g'i'z baylani'sli'. Al, bul na'rse bolsa wo'z gezeginde jazi'wshi'ni'n' qaharmanlardi'n' ishki ruwhi'y a'lemin ashi'p beriwdegi sheberligin keltirip shi'g'aradi'. Wo'ytkeni, M.Gorkiy ayi'tqani'nday «birew-saqi'y, birew-si'qmar, birew-mi'lji'n', birew az so'yleydi, birew-mehriban, birew-tas bawi'r». Mine, bulardi' wo'z worni'nda do'retpenin' negizgi bag'dari'na baylani'sli' ashi'p ko'rsete biliw jazi'wshi' ushi'n an'sat yemes. Demek, obraz terminin konkret insang'a qollani'liwi'na qarap, obraz tu'sinigin to'mendegishe ta'riyiplew mu'mkin: jazi'wshi'ni'n' baqlawlari' tiykari'nda payda bolg'an, woni'n' fantaziyasi' na'tiyjesinde do'regen, belgili bir ideyani' tasi'wshi' insan wo'mirinin' konkret ha'm uli'wmalasqan ko'rinisi obraz dep ataladi'.

Yeger de buri'n ko'pshilik a'debiyatshi'-ilimpazlar ta'repinen obrazlar jazi'wshi'ni'n' yestetik ideali'na sa'ykes keliwi yaki sa'ykes kelmewine

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша қысқаша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: «Билим», 1994, 148-б.

baylani'sli' sha'rtli tu'rde yekige: unamli' ha'm unamsi'z obrazlar dep bo'linip ju'rgen bolsa, ha'zir bul atamalardi'n' ilimde ha'm ko'rkem a'debiyatta ma'nisinin' tarayi'p barati'rg'anli'g'i'n ko'remiz. Sebebi turmi'sti'n' wo'zinde de tap yerteklerdegidey su'tten aq, suwdan taza adamlardi' tabi'w qi'yi'n. Sonli'qtan da biz obrazlardi' shi'g'armada tutqan worni' ha'm wazi'ypasi'na qarap a'debiyattani'wda tu'rlishe: personaj, bas qaharman, yekinshi da'rejeli qaharman, xarakter, tip si'yaqli' terminler menen ataladi'.

Ko'rkem shi'g'armadag'i' obrazlar wo'zinin' shi'g'armadag'i' worni' ha'm atqaratug'i'n wazi'ypasi'na qarap, yeki tu'rli boladi'. Yeger personaj shi'g'arma waqi'yalari'ni'n' worayi'nda turi'p, syujet waqi'yalari'n ha'reketke keltirse, shi'g'arma konfliktinin' sheshiliwinde jetekshi ro'l woynasa, jaziwshi'ni'n' alg'a qoyg'an ideyasi'n ashi'p bere alsa, bunday personaj shi'garmani'n' bas qaharmani' boli'p yesaplanadi'. Ko'p jag'daylarda ko'rkem shi'g'arma worayi'nda bir yemes, bir-biri menen ten' wazi'ypani' atqaratug'i'n bir neshshe obrazlar turadi'. Bunday obrazlardi'n ha'r qaysi'si' bas qaharman boli'p yesaplana beredi. Yeger personaj ko'rkem shi'g'armani'n' worayi'nda turmasa da, qa'legen bir ta'repi menen jaziwshi'ni'n' alg'a qoyg'an ideyasi'n ju'zege shi'g'ari'wg'a, woni' tolti'ri'wg'a xi'zmet qi'lsa, bunday obrazlar yekinshi da'rejeli obrazlar boli'p sanaladi'.

Ko'rkem obrazdi'n' belgileri haqqi'nda so'z ketkende, birinshi gezekte, woni'n' indviduallasti'ri'lg'an uli'wmali'q si'pati'nda ko'rinetug'i'nli'g'i'na toqtali'w kerek. Barli'qtag'i' ha'r bir na'rse-ha'diysede tu'rge ta'n uli'wmali'q belgiler ha'm soni'n' menen birge woni'n' wo'sine g'ana ta'n belgileri bar. Roman ushi'n obraz jarati'wda ko'rkem obraz to'mendegi belgige iye boli'wi kerek: uli'wmali'li'q, konkretlilik, indvidualli'q, ko'rkem toqi'madan paydalani'w, su'wretlewde ta'sirshen'likke yerisiw. Bular ko'rkem obrazdi'n' belgileri boli'p, wolardi' sha'rtli tu'rde, ha'r bir jazi'wshi'ni'n' obraz jasawdag'i' tiykarg'i' qurallari' dep atasaq qa'telespeymiz.

Biz, joqari'da keltirilgen pikirlerge su'yengen halda bul bo'limde M.Ni'zanovti'n' «Dushpan» romani'ndag'i' obrazlar sistemsi'na toqtap wo'temiz.

Jazi'wshi' du'nyani' obrazlar arqali' ko'redi. Woni'n' ushi'n janli'-jansi'z zat ha'm qubi'li'slardi'n' ha'mmesi de obrazlar du'nyasi'. «Obrazli' pikirlew barli'qta janli' baqlawdan, seziwden baslanadi' ha'm Sali'sti'ri'w na'tiyjesinde tuwi'latug'i'n jan'dan-jan'a sezimler ha'm qa'liplesip, rawajlani'p baratug'i'n ideyalar, pikirlerdin' sheksiz ag'i'mi'nan ibarat boladi'»[1]

1930-50-ji'llardag'i' qaraqalpaq xalqi'ni'n' basi'nan wo'tken mashaqatli' turmi'si' haqqi'nda jazi'lg'an shi'g'armalar az yemes. Biraq, g'a'rezsizlik da'wirine deyin wo'tmish waqi'yalari' siyasi'y ideologiyani'n' won'' qoli' bolg'an socialistlik realizm metodi' talaplari'na say su'wretlengenlikten, jazi'wshi'lari'mi'z wo'tmish waqi'yalari'n qali's ha'm haqi'yqat tu'rde su'wretledi dep ayti'w qi'yi'n. A'lbette, bul da'wir waqi'yalari'n su'wretlewde wo'tkinshi ideologiya talaplari'nan bas tarti'p, g'a'rezsizlik zaman ko'zqarasi'nan qa'lem terbetip ati'rg'an jazi'wshi'lari'mi'z da joq yemes. Solardi'n' biri, belgili jazi'wshi' Muratbay Ni'zanov boli'p tabi'ladi'. Wol wo'zinin' 2010-ji'li' jari'q ko'rgen «Dushpan» romani'nda usi' da'wir haqi'yqatli'g'i'n qali's tu'rde su'wretlewge umti'lg'anli'g'i'n ko'remiz.

## III.2. M.Ni'zanov romanlari'nda qaharman obrazi'n jasawda syujettin' tutqan worni'

M.Ni'zanov qaraqalpaq a'debiyati'na 80-ji'llar kirip keldi. Wol woqi'wshi'lar ja'miyetshiligine wo'tkir saterik jaziwshi, belsendi telejurnalist si'pati'nda tani'lg'an bolsa, bu'gingi ku'nge kelip wol proza, dramaturgiya, teatr, radio-televidenie, jurnalistikag'a belsendi tu'rde aralasi'p, wo'z talanti'ni'n' ko'p tu'rliligin tani'ti'p u'lgerdi. Wol «prozada da, milliy ma'deniyati'mi'z benen jurnalistikami'zda da belgili worni, wo'zinshe qol tan'basi' bar nishteri wo'tkir saterik-jazi'wshi', xalqi'mi'zg'a ken'nen tani'lg'an belsendi publicist, teren' ma'nili ku'lki sheberi»[2]. Woni'n' «Aqshagu'l», «Aqi'ret uyqi'si'» povestleri sa'tli

---

[1] Худайбердиев Е. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, 2003, 47-б.
[2] Есенов Ж. Танылған тулғалар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2001, 31-б.

jazi'lg'an do'retpeler boli'p, 2009-ji'li' jazi'lg'an «Dushpan» romani' da woqi'wshi'lar ta'repinen ji'lli' ku'tip ali'ndi'.

Biz usi' bo'limde jazi'wshi'ni'n' «Dushpan» romani'ni'n' syujetlik wo'zgesheligin ilimiy talqi'g'a tartami'z. «Syujet-bul, a'piwayi' yetip aytqanda, qaharman obrazi'ni'n' ashi'li'wi'na sebepshi bolatug'i'n waqi'yalar, is-ha'reket, sha'rayat ha'm tag'i' basqalardi'n' ji'yi'nti'g'i' bolsa, al, kompaziciyasi' usi' komponentlerdin' ha'r bir ko'rkem shi'g'armada wo'z wo'zgeshelikleri menen wornalasi'w principleri, wolardi'n' jaylasi'w ta'rtibi yamasa jazi'wshi' ta'repinen xarakterdi ashi'wg'a sebepshi bolatug'i'n waqi'yalardi' ha'm tag'i' basqada ja'miyetlik ha'm jeke subektivlik ha'reketler summasi'n montajlaw usi'llari' boli'p yesaplanadi'»[1]. Ko'rkem syujet turmi'sli'q material, do'retiwshilik fantaziya-ko'rkem toqi'ma ha'm ideya-estetikali'q idealdi'n' jarati'li'wi'nan payda boladi'. «Dushpan» romani'ni'n' tiykargi' problematikasi' XX a'sirdin' 30-50-ji'llari'nda ha'm uri's ji'llari'nda xali'qti'n' basi'na tu'sken awi'r ku'nlerdi ashi'p beredi. Syujet worayi'nda bas qaharman Qudaynazar obrazi' turadi'. Woni'n' tuwi'li'wi', jigitlik waqti', u'yleniwi, worta jasar ha'm aqi'ri'nda jetpisten wo'tip qaza tabi'wi' syujetlik liniya menen qatarma-qatar rawajlandi'ri'li'p woti'ri'ladi'. Avtor sheginislerden ju'da' ko'p paydalang'an. Waqi'yani' bayanlap keledi de, sol jerge shekemgi qaharmanlardi'n' turmi'si' yamasa sol waqi'yani'n' kelip shi'g'i'w sebeplerin izge qayti'w arqali' bayanlaydi' ha'm usi'layi'nsha woqi'wshi'larg'a tu'sindirme berip wo'tedi.

M.Ni'zanovti'n' «Dushpan» romani'ndag'i' syujetlik waqi'yalardi' avtor kompoziciyali'q ko'zqarastan bes bo'limge bo'lip jayg'asti'rg'an. Roman syujeti milliy prozami'zdag'i' ju'da' ko'p qollani'li'p kelgen da'stu'riy syujetten pari'q qi'ladi': waqi'yalar buri'ng'i' romanlardag'i'day dizip, birinen son' biri kelgen halda su'wretlenbesten, al wolar uti'mli' ha'm ta'sirshen' poetikali'q formalar bolg'an dialog, qaharmanlardi'n' awi'zeki gu'rrin'leri, xat ha'm ko'rkem psixologiyali'q su'wretlewdin' monolog, yeske tu'siriw, tu's ko'riw ha'm

[1] Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы (композияциялык, жанрлық-стиллик өзгешеликлери). Нөкис: «Билим», 2008, 8-б.

qaharmanlardi'n' ha'r qi'yli' gallyucinaciyali'q jag'daylari'n su'wretlew arqali' jasalg'an. Mi'sali', romanni'n' birinshi bo'limi bas qaharman Qudaynazardi'n' balasi'ni'n' du'niyag'a keliw tariyxi'n su'wretlew menen baslanadi'. Avtor bul jerde xalqi'mi'zdi'n' qorshag'an du'nyag'a degen sada tu'sinigin, u'rp-a'detin, salt-da'stu'rlerin su'wretlew arqali' qaharman ha'reket yetetug'i'n wortali'qti'n' jasaw ta'rizin, adamlardi'n' bir-biri menen wo'z-ara qatnasi'n su'wretlew arqali' syujettin' bunnan bi'lay rawajlani'wi'na tiykar jaratadi'. Jazi'wshi'ni'n' su'wretlegenindey Wo'tenazardi'n' aqli'g'i' I'ri'snazardi'n' du'nyag'a keliwinde wolardi'n' U'bbi ata qoyi'mshi'li'g'i'na jeti ma'rte ziyarat yetiwi sebepshi bolg'an. Jazi'wshi'ni'n' su'wretlegenindey, U'bbi ata qoyi'mshi'li'g'i' ka'ramatli' wori'n. Woqi'wshi'g'a isenimli boli'wi' ushi'n avtor waqi'yalardi' keyinge shegindirip su'wretlew arqali' U'bbi atani'n' kim yekenligin woni' ne ushi'n adamlar si'ylaytug'i'nli'g'i'n ju'da' si'rli' ha'm tarti'mli' tu'rde su'wretlew joli' menen beredi. Wol ju'zi i'si'q, ba'rhama ku'limsirep, mi'yi'q tarti'p ju'retug'i'n adam bolg'an. Tiri gezinde ha'mme wonnan aybi'ng'an. Sebebi wol qapa boli'p shi'qqan u'yde izinshe bir kewilsizlik ju'z bergen. Avtor U'bbi atani'n' qa'birine wo'sip shi'qqan toran'g'i'ldi' da ju'da' ila'hiylestirip, si'rli' yetip su'wretleydi. Toran'gi'l qartayi'p quwrasa, woni'n' tu'binen yeki nart wo'sip shi'g'i'p u'lken na'rwang'a aylanadi'. Qullasi' U'bbi ata qoyi'mshi'li'g'i' sol do'gerektegi adamlar ushi'n bir karamatli' wori'n si'pati'nda qa'liplesip ketken. Jazi'wshi' syujet waqi'yalari'n bulay su'wretlew arqali' wo'tken a'sirdin' 20-30-ji'llari'ndag'i' adamlardi'n' qorshag'an wortali'qqa degen sada tu'sinigin, isenimin su'wretlewdi maqset yetip qoyadi'. Romanni'n' bas qaharmani' Qudaynazar usi'nday wortali'qta wo'sip kamalg'a kelgen. Jazi'wshi' qaharman obrazi'n jasag'anda woni'n' jasaw sharayati'ni'n' wo'zgesheligine, adamlar menen qari'm-qatnasi'na u'lken di'qqat qaratadi'. Bul na'rse qollap-quwatlawg'a turarli'q. Wo'ytkeni qaharman xarakterin woni' qorshag'an wortali'g'i'ndag'i' sharayat penen ti'g'i'z baylani'sli' tu'rde su'wretlegende g'ana wol woqi'wshi'lar ushi'n isenimli boli'p shi'g'adi'. Qi'zi'q jeri sonnan ibarat jazi'wshi' Qudaynazardi'n' Aysarag'a u'yleniw tariyxi'n da keyin shegindirilgen halda su'wretleydi. Wo'ytkeni

qaharmandi' tayar qa'liplesken xarakter hali'nda beriw menen sheklenip qali'w woqi'wshi'da isenimsizlik woyatatug'i'ni'n jazi'wshi' ju'da' jaqsi' biledi.

Romanni'n' birinshi bo'liminde I'ri'snazardi'n' tuwi'li'wi'na baylani'sli' berilgen toydi' su'wretlew bas qaharman Qudaynazardi'n' xarakterinin' ja'ne bir qi'ri'n woqi'wshi'g'a jetkeriwde u'lken a'hmiyetke iye. Bul toydi' su'wretlew arqali' jazi'wshi' Qudaynazardi'n' jas waqti'nan baslap-aq shabandoz bolg'anli'g'i'n, wo'zinin' Qarabayi'r atli' ati'n jaqsi'lap seyislewi arqali' ba'ygiden wozi'p keliwin, usi' arqali' Qudaynazardi'n' abi'royi'ni'n' kem-kemnen wo'siwin su'wretlewge yerisedi. Jazi'wshi' xalqi'mi'zdi'n' toy ma'resimin ko'terin'ki pafosta su'wretleydi. Usi' arqali' xali'qti'n' paraxat turmi'sta qanday do'retiwshilik islerge uqi'pli' yekenligine ishara yetip turg'anday.

Qaran'i'z:

«Toy dese quw bas jumalaydi'» degen. A'sirese, bul awi'llardi'n' toyi'ni'n' dawri'g'i' uzaqqa jetedi. Buyaqta shamasi' kelgen toy beredi. Toy berdi me-ha'mme tamashasi' ten'nen boladi'. Qoshqarpazlar qoshqarlari'n du'gistiriwge tayarlaydi'. Shabandozlar atlari'n seyisleydi. Palwanlar belbewin qatti'raq buwadi'…

Qumardi'n' basqa tu'rleri de sonday. Shabandoz balashag'asi' ash woti'rsa da ati'n toydi'radi'. Palwan ha'r sapar ji'g'i'lsa da, belbew baylap wortag'a shi'qqani'n bilmey qaladi'. Qoshqarpaz qoshqari'na buri'sh-piyaz jegizip, ku'nnen-ku'nge ashi'wshaq yetip tayarlaydi'. Wolardi'n' ha'mmesi ti'ri'satug'i'ni'-bayraq yemes, ar-nami's jari'si'[1]». Bul qatarlardi' keltiriw arqali' jazi'wshi' a'debiy personajlar Wo'tenazar ha'm woni'n' balasi' Qudaynazarlardi'n' jasaw sharayati'n, wondag'i' adamlardi'n' bir-biri menen wo'z-ara qatnasi'n su'wretlew arqali' qaharmanlardi'n' buri'n ashi'lmay ati'rg'an qi'rlari'n woqi'wshi'g'a jetkeriwge umti'ladi'. Misali', Wo'tenazar wo'zinin' ati'n Mang'i'ttan kelgen Ma'diyar ko'k jaldi'n' ati' menen jari'sti'ri'wdi' maqul ko'rmeydi. Wol «Kelip-kelip bar ji'ynag'an bar abi'royi' menin' toyi'mda

---

[1]Нызанов М. Душпан. Роман. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010, 17-б (yendigi mi'sallar da usi'basi'li'mnan ali'nadi', qawi's ishinde tek betleri ko'rsetiledi).

to'gilmesin»-deydi. Usi' arqali' Wo'tenazardi'n' miymandosli'g'i', hadal adam yekenligi bilinedi. Ha'tteki wol Qarabayi'r ati'n Ayti'mbettin' u'lken balasi', Won bir jasar A'met jeti aylawda shawi'p wozi'p kelgende, bas si'yli'q qoshqardi' jas wo'zpirimge beriwdi buyi'radi'. Sonday-aq, palwanlar gu'resinde wo'zinin' awi'li'ni'n' palwani' Qazaqbay hadal gu'respey, g'a'rremshilik joli' menen abi'roy artti'ri'wg'a ti'ri'sqanda, bas bayraqti' Saparbayg'a beriwin talap yetedi. Demek bul arqali' da jazi'wshi' Wo'tenazardi'n' a'dalatli'li'g''in, hadalli'g'i'n belgilep wo'tedi. Bul arqali' avtor usi'nday joqari' adamgershilik pazi'yletlerine iye adamni'n' balasi' Qudaynazardi'n' da keleshekte adamgershilikli, haqi'yqatshi'l, miyirman, yel si'ylaytug'i'n adam boli'p jetisetug'i'nli'g'i'na ishara yetip turg'anday. Demek, jazi'wshi' bas qaharman Qudaynazardag'i' joqari' adamgershilik pazi'yletlerdin' da'reklerin ko'rsetiw arqali' woni'n' obrazi'ni'n' isenimli shi'g'i'wi'na sebepshi boladi'.

Yekinshi bo'limde ken'es hu'kimetinin' naduri's siyasati' sebepli yelde siyasi'y quwdalawdi'n' ha'wij ali'wi', iyshan-ulama, bay ha'm yeldin' bas ko'tergen adamlari'ni'n' quwg'i'ng'a ushi'rawi' sebepli awi'l adamlarini'n basi'na tu'sken mu'siybetli ku'nlerdi su'wretlenedi. Bunda «Qaraqulaq» laqbi'n alg'an A'bdikerim bati'raq penen Qudaynazardi'n' arasi'ndag'i' konfliktti su'wretlew arqali' jazi'wshi' syujetlik waqi'yalardi'n' bunnan bi'lay da tez pa't penen rawajlani'wi'na yerisedi. Da'slep A'bdikerim Qudaynazardi'n' hasi'l biyesin hu'kimet ushi'n tarti'p aladi'. Yendi Qudaynazar qoli'ndag'i' Qarabayi'r ati'nan ayi'ri'li'p qali'wdan qorqadi'. So'ytip ju'rgende awi'llasi' ha'm jasi' u'lkeni Ayti'mbettin' tusawlani'p suwatta ju'rgen ati'n, A'bdikerimnin' aldi'na sali'p qamshi'lap aydap kiyati'rg'ani'n ko'redi. A'bdikerim menen Qudaynazar wortasi'ndag'i' dramatizmge toli' qarama-qarsi'li'q u'lken konfliktlerge wo'sip wo'tte baslaydi'. Buni' avtor bi'layi'nsha ju'da' isenimli ha'm tarti'mli' tu'rde su'wretleydi:

«–A'y, miyrimsiz! Yen' bolmasa tusawi'n sheshsen'-o!-dedi Qudaynazar A'bdikerimge. –Adam degen de bunday qudaybiyzar boladi' yeken?!

–Ne dep tursan’? Kim menen so’ylesip turg’ani’n’di’ bilesen’ be?-A’bdikerim atti’n’ u’stinde shi’renip aybat shekti.

Qudaynazar attan tu’sip, jiyrennin’ ayag’i’ndag’i’ tusawi’n jazdi’ra basladi’.

–Aqmaq! Sen yele quday bar dep ju’rsen’ be? Qudayi’n’ menen birge qosi’p Sibirge aydatayi’n ba?

A’bdikerim jiyrennin’ won’ ta’repinen aylani’p Qudaynazarg’a qamshi’ siltedi. Bul hu’jimge Qudaynazar tayar tur yedi. Wol qamshi’ni’n’ tilin bilegine bir worap aldi’ da, tarti’p jiberdi. A’bdikerim yerden abi’ni’p bari’p, zorg’a wo’zin uslap qaldi’. Qamshi’ qoli’nan shi’qti’.

–Ha’ddin’nen aspa Qudaynazar! Hu’kimetten mallari’n’i’zdi’ jasi’ri’p, tog’ay ishine jiberip qoyg’ani’n’i’z ushi’n yele juwap beresiz! Ken’es hu’kimetinin’ siyasati’ tog’ayg’a jetip kelmeydi dep woyladi’n’ ba? Bilip qoy, bul hu’kimettin’ ilgir na’zeri ti’shqanni’n’ inilewine deyin jetip baradi’!

Qudaynazardi’n’ qani’ qaynap turdi’ da, biraq, yeki ga’pinin’ birinde hu’kimetti aralasti’ri’p turg’an son’ bir na’rse dewgw bata almadi’.

–Yele pushayman bolasan’! Kerek bolsa, ana Qarabayi’ri’n’di’ ko’z aldi’n’da soydi’ri’p, go’shlerin iytlerge jegizemen!

–Wol ushi’n a’dep meni wo’ltirip ali’wi’n’ kerek.

–Asi’qpa! Wol ku’nler de yele ali’s yemes!

A’bdikerim taqi’mi’n qi’mi’p, Qudaynazardi’ aylani’p wo’tip shawi’p ketti. Wol usi’nnan keyin ko’p waqi’tlarg’a deyin bul awi’lg’a dari’madi’. Lekin, Qudaynazar ku’tti. Jaqsi’ ko’rgen ati’ ushi’n wo’z basi’n tigiwge tayi’n turi’p ku’tti» (28-bet).

Jazi’wshi’ A’bdikerim menen Qudaynazar wortasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qti’ shaig’armani’n’ a’debiy konfliktin du’ziwde sheber paydalani’ladi’. Usi’ arqali’ avtor wo’tken asirdin’ 30-40-ji’llari’ndag’i’ alasapi’ranli’ ji’llardi’n’ haqi’yqatli’g’i’n, shash al dese bas alatug’i’n bolsheviklik siyasatti’n’ unamsi’z aqi’betlerin-yeldegi awi’zbirshiliktin’, bir-birewge degen si’ylasi’qti’n’, qon’si’-qobashi’li’q, ag’ayin-tuwg’anli’q qusag’an adamgershilik normalari’ni’n’ a’ste-a’ste buzil’a baslawi’n isenimli tu’rde su’wretleydi. Bul na’rse bir jag’i’nan

A’bdikerim qusag’an miyrimsiz, jawi’z adamlardi’n’ xarakrerin ashi’p beriwge xi’zmet yetse, yekinshi jag’i’nan Qudaynazar qusag’an joqari’ adamgershilik pazi’yletlerine iye insanlardi’n’ qanday awi’r sharayatta da wo’zlerinin’ ko’pshilikke ibrat bolarli’q islerin dawam yettirgenligin su’wretlew ushi’n xi’zmet yetedi.

Jazi’wshi’ syujetlik waqi’yalardi’ wo’zinin’ tilinen bayanlay bermesten, ko’binese qaharmanlardi’n’ wo’zine so’z berip, wo’mir tariyxi’n wo’zlerine aytqi’zi’w arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ isenimine yerisip woti’radi’. Avtor tek g’ana unamli’ qaharmanlarg’a xarakterin wolardi’n’ wo’zlerinin’ so’zleri, awi’zsha gu’rrin’leri, waqi’yalardi’ ayti’p beriwleri arqali’ toli’q tu’rde ashi’p qoymastan, unamsi’z qaharmanlardi’n’ da wo’mir tariyxi’n wo’zlerine aytqi’zi’w arqali’ wolardi’n’ qarama-qarsi’li’qli’ turmi’si’n, qi’yi’r-shi’yi’r ha’diyselerdi isenimli tu’rde su’wretlewge yerisedi. Mi’sali’, ulama-iyshanlar menen baylardi’ tuqi’mqurt yetiwde ken’es hu’kimetine u’lken ja’rdem bergen A’bdikerim bati’raq Qudaynazar menen da’slepki tosi’nnan ushi’rasi’wi’ndag’i’ wolar arasi’ndag’i’ qi’sqa dialogtan keyin A’bdikerim wo’zinin’ wo’mir trariyxi’ haqqi’nda to’mendegilerdi ayti’p beredi.

«Sizler ba’rin’ «Seytimbet maqsi’m meni kele qi’ldi’» dep woylaysi’z. duri’s, tamaq berdi, lekin, tamaqti’ tek iytten g’ana buri’n ishetug’i’n yedim. Keyindirdi-biraq, maqsi’mni’n’ ter sin’ip qalg’an go’ne ba’shpenti menen irip tu’seyin dep turg’an ko’yleginen basqa duri’sli’ kepin iynime tiygen joq. U’ylendirgeni de i’ras, biraq, basi’nan torag’i’ aqqan taz, shori’ qi’zg’a u’ylendirdi. Men almasam woni’ tek a’wliye alatug’i’n yedi. So’ytken maqsi’mg’a men awzi’m asqa tiygende aldi’na bari’p qulli’ yetiwim kerek pe yedi? Mag’an «A’lipti» u’yretiwdi qi’zg’ang’an maqsi’mg’a, lekbizden sawat ashi’p kelip minnetdarshi’li’q bildiriwim tiyis pe yedi? Ya-aq men minnetdarshi’li’qti’ bir ha’rip u’yretkenge isleymen, ta’n’ir jari’lqasi’ni’mdi’ awzi’ma as salg’an, ast’ima at mingizgen taza hu’kimetke aytaman. Al, sizlerdi birim-birim joq qi’laman!

Qudaynazar woylani’p qaldi’» (59-bet). A’bdikerimnin’ bul ga’plerinen keyin Qudaynazardi’n’ Seytimbet maqsi’m haqqi’ndag’i’ tali’p-ilimli, wog’i’ri’ bawi’ri’

ken’, kishipeyil insan degen ko’pshiliktin’ pikirine gu’man menen qaray baslaydi’. Demek unamsi’z qaharman A’bdikerimnin’ awi’zsha gu’rrin’i’ A’bdikerimnin’ wo’zinin’ ha’m woni’ shori’ qi’zg’a u’ylendirip, u’lken shan’araq qi’ldi’m degen ba’ne menen mal du’nya ji’ynag’an Seytimbet maqsi’mni’n’ xarakterinin’ woqi’wshi’g’a belgsiz ta’replerinin’ ashi’li’wi’na xi’zmet yetedi.

A’bdikerimnin’ wo’zi haqqi’ndag’i’ awi’zsha gu’rrin’i romanni’n’ yen’ keyingi besinshi bo’liminde de dawam yetedi. Biraq ta jazi’wshi’ bunda basqasha usi’ldi’-qaharmanni’n’ tu’s ko’riw usi’li’n qollanadi’. Awi’ri’p, qatti’ boldi’ri’p wo’lim to’seginde jatqan Qudaynazar tu’s ko’redi. Tu’sinde woni’n’ ruwxi’ denesinen bo’linip shi’g’i’p, pa’lpeldep ushi’p, maqaw kesel bolg’anli’g’i’ sebepli yelden bo’lek, taslandi’ bir qaqi’ra jayda jasap ati’rg’an A’bdikerimge baradi’ ha’m wonnan bar haqi’yqatli’qti’ yesitedi:

«–Siz payg’ambar yemessiz, Qudaynazar ag’a. aytsan’i’z–ayti’psi’z! Ha’mme meni Seytimbet maqsi’m adam qi’ldi’, Seytimbet maqsi’m u’ylentirdi, keyninde sol si’qi’lli’ adamdi’ sati’p berdi dep gu’nalaydi’.

–Duri’s aytadi’.

–Bilmeysen’-da’! Bilmegennen keyin duri’s dey beresen’? seytimbet maqsi’m mag’an kim yedi? Bilsen’ aytshi’?

–Bayari’n’!

–Duri’s, bayari’m! Tag’i’ ne?

–Basqa ne qatnasi’ boli’wi’ mu’mkin?

–Wol menin’ a’kem yedi!

–Yag’a’y?!

–I’ras aytaman–a’kem yedi wol menin’! Men taza hu’kimetke xi’zmet yetiwdi baslag’anda birinshi boli’p a’kemdi tuti’p bergenmen! Sol waqi’tlari a’kesin bolshoylarg’a uslap Bergen won yeki jasar Pavel Morozov degenlerdin’ dan’qi’ jer jari’p ati’r yedi. ...Men birinshi xi’zmetimdi Seytimbet maqsi’mnan wo’sh ali’wdan basladi’m.

–Wo’z a’ken’nen ya?

-Wo'z a'kemnen! Hesh waqta a'keligin ta'n almag'an, wo'zinin' bir zamanli'q ta'n la'zzeti ushi'n meni du'nyag'a keltirip, iyt worni'na taslap qoyg'an na'kas atadan wo'sh aldi'm!» (253-bet). Bunnan son' A'bdikeriman asi'ni'n' jetim qi'z bolg'anli'g'i', wol Aqtubada Xojabergen iyshanni'n' yesiginde ju'rgende wol jerge tez-tez bari'p turg'an Seytimbet maqsi'mni'n' ko'zine tu'skenligi, gezektegi qi'di'ri'spalardi'n' birinde suli'w biraq a'mengersiz jetim qi'zdi'maqsi'mni'n' bassi'ng'ani', usi' sebepli woni'n' ha'mledar boli'p wonnan wo'zinin' tuwi'lg'anli'g'i', tog'iz jasqa shi'qqang'a shekem jas balani'n' anasi' Xadisha menen ha'r kimnin' yesiginde ju'rgeni, yen' izinde awi'ri'w anani'n' wo'zinin' wo'mirinin' tawsi'li'wg'a shamalasqani'n bilip, balani' Seytimbet maqsi'mni'n' yesigine aparg'anli'g'i', sol waqi'ttan baslap A'bdikerimnin' tu'rli azaplardi' basi'nan keshirip, maqsi'mni'n' mal-hali'na qaraytug'i'n quli'na aylang'anli'g'i', yer jetken son' maqsi'm woni' Patpa degen jari'mes qi'zg'a u'ylendirgenligi, ha'tteki anasi'ni'n' wo'lgenligin ko'p waqi't keyin yesitkenligi tuwrali' Qudaynazarg'a ku'yip-pisip woti'ri'p ayti'p beredi. Demek, A'bdikerimnin' awi'zsha gu'rrin'in woqi'w arqali' woqi'wshi' woni'n' ne ushi'n maqsi'mlarg'a, ulama-iyshanlarg'a wo'shpenli bolg'anli'g'i'ni'n' ma'nisin tu'sine baslaydi'. Jazi'wshi' A'bdikerimnin' awmali'-to'kpeli wo'mir joli' haqqi'nda woni'n' wo'z gu'rrin'i arqali' mag'li'wmat beriwi ju'da' sheber tu'rde isletilgen bayanlaw formasi' boli'p tabi'ladi'. Wo'ytkeni bir ta'repten woqi'wshi' ha'mme qudayday isenip ju'rgen Seytimbet maqsi'mni'n' miyrimsiz, du'nyaparaz adam yekenligi haqqi'nda tu'sinikke iye bolsa, yekinshiden, ken'es hu'kimetine jan-ta'ni menen xi'zmet qi'li'p, awi'rg'anda qarawsi'z qalg'an A'bdikerimnin' tragediyali' wo'miri tuwrali' woyg'a batadi', 1930-40-ji'llardag'i' awi'r sharayat jo'ninde belgili bir woy-juwmag'i'n shi'g'ari'wg'a sebepshi boladi'.

Romanni'n' syujetinde qaharmanlardi'n' awi'zsha gu'rrin'lerinen ti'sqari' wolardi'n' bir-birine jazi'sqan xatlari' da u'lken a'hmiyetke iye. Romanda I'ri'snazardi'n' ha'm woni'n' awi'llasi' Uzaqbaydi'n' sawash maydani'nan ata-anasi'na jibergen xatlari' sol da'wirdin' qi'yi'n sharayati'n su'wretlewde u'lken a'hmiyetke iye. Bul yeki xatta da jawi'ngerlerimizdin' nemec fashistlerin jen'iwge

degen bekkem isenimi, wolardi'n' ata-anasi'na, yari' doslari'na degen sag'i'ni'shi' ju'da'isenimli su'wretlengen. Al, usi' xatlardi' woqi'p berip ati'rg'an waqti'ndag'i' jawi'ngerlerdin' ata-analari'ni'n' halati'n su'wretlew arqali' a'piwayi' g'ana adamlardi'n' shi'damli'li'g'i', balalari'na degen sag'i'ni'shi' teren' lirizm menen su'wretlenedi. Bunnan basqa jawi'ngerlerden kelgen qara xatlar ha'm wolardi' iyelerine quwi'sti'ri'w ma'writleri romanda ju'da' sheber su'wretlenip, bul na'rse uri's da'wiri haqi'yqatli'g'i'n ko'rkem haqi'yqatli'qqa aylandi'ri'wda u'lken a'hmiyetke iye bolg'an.

Romanda avtorli'q si'patlama arqali' nemec qi'zi' Margaritani'n' Iri'snazarg'a ha'm Kalmikova awi'li' turg'i'ni' Lilyag'a, Lilyani'n' Margaritag'a jazi'sqan xatlari' tuwrali' ayti'ladi'. uri'stan qaytqannan son' wo'zin wo'limnen qutqarg'an nemec qi'zi' Margaritani' awi'li'nan taba almay ju'rgende, sol awi'l turg'i'ni' Lilyag'a jazg'an xati' arqali' Margaritani'n' anasi' menen qayaqqa ko'ship ketkenligi tuwrali' mag'li'wmatqa iye boladi'. Bul xatlar da shi'g'arma syujetinde salmaqli' funkciya atqaradi'. Wolardi' woqi'w arqali' biz ha'r qi'yli' millet adamlari'ni'n' bir-biri menen awi'zbirshiligin, wo'z watani'n qorg'awg'a degen umti'li'si'n, bir-birine degen mehir-muhabbati'n an'lawi'mi'zg'a boladi'. Demek romanni'n' syujetlik qurami'nda a'debiy qaharmanlardi'n' bir-birine jazi'sqan xatlari'n su'wretlew turmi's shi'nli'g'i'n ko'rkem haqi'yqatli'qqa aylandi'ri'wda u'lken a'hmiyetke iye bolg'an.

Romanni'n' yekinshi bo'limindegi g'ayi'ptan kelgen i'si'rapi'l dawi'l bolajaq uri'sti'n' metaforasi'. Sebebi, dawi'l awi'ldi'n' astan-kestenin shi'g'ari'p, bir shan'araqti'n' tiregin ali'p ketedi, al uri's bolsa pu'tkil yeldin' basi'na qayg'i'li' ku'nlerdi saladi'. Awqamdi' u'lken bir shan'araq desek uri's woni' mayi'ri'p ketedi. Qaran'i'z:

«Ku'n bati'stan uyi'tqi'p kiyati'rg'an a'tirapti' demde tas tu'nek yetip, u'ylerge jaqi'nlap qaldi'. Aldi'nan sap alqi'n samal yesti… boranni'n' izin wo'kshelep ku'shli sel quydi'… sel jawi'nni'n' izi burshaqqa aylandi'. Burshaqti'n' u'lkenligi bas barmaqtay bolsa bar da', wonnan kishi yemes yedi…

-Haw qora qayda?

-Ya?! Qora joq g'oy!

-Astapi'ralla! Qudani'n' qu'diretisen' toba» (31-32-bet).

Ilimpaz P.Nurjanov ayi'tqani'nday: «…qaraqalpaq romanlari'nda syujet du'ziwde buri'ng'i'day turmi's waqi'yalari'n jadag'ay, sadali'q penen yag'ni'y tek g'ana «obektiv» usi'lda su'wretlep beriw kem-kemnen azayi'p, shi'garmani'n' ha'r bir ko'rkem bo'lekshesine shekem simvolikali'q-metaforali'q ha'm ti'msali'yli'q ma'ni ju'klep su'wretlew, wolardag'i' dialogli'q ha'm monlogli'q usi'llarg'a da syujetlik funkciya ju'klew, ha'tteki, syujetlik rawajlani'w bari'si'nda absurd waqi'yalardi' da madern usi'li'na jaqi'n formada su'wretlew h.t.b. qa'siyetler ku'sheygenligi ko'zge taslanadi'»[1]. Romanda simvolikali'q-metaforali'q usi'ldan sheber paydalani'lg'an.

U'shinshi bo'limde uri's baslanadi', yeldin' bereketi qashadi', jas jigitlerdin' ba'ri uri'sqa ketip, awi'ldi'n' quti' ketedi. Izli-izinen qara qag'az kele baslaydi'. Bul adamlardi'n' psixologiyasi'na unamsi'z ta'sirin tiygizedi' (u'sh balasi'na qara qag'az kelgen Qanbiybi jin uri'p wo'ledi):

«-Menin' sori'm quri'p qaldi'g'o, bajban-aw! Yeki birdey sun'qari'mnan ayi'rildi'm g'o! Tun'g'i'shi'mni'n' ju'regime salg'an jarasi' jazi'lmay ati'rg'anda bul ne da'rt boldi'…

Qa'pelimde ishten shaqalaq atqan hayal ku'lkisi yesitildi…

-Qaynag'a quri'p qaldi'q g'oy,-dep Aymereke si'rtqa juwi'ri'p shi'qti'.-Sheshem aqi'ldan azdi'…

Qanbiybinin' shashi tozan'g'i'p ketken. Bas woramali' bir qoli'nda. Ti'nbay ku'ledi. Ga' so'yleydi, ga' ku'ledi.

-Anan'qara! Kiyati'rg'oy, menin' A'metjani'm! Woy, boylari'n'nan aylananyi'n senin'! Ha'y toqta! U'kelerin' qayda?!...

-A'met kiyati'r!

-Na'met kiyati'r!

-Ra'met kiyati'r!

-Samelet minip kiyati'r!

---

[1] Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы (сюжет ҳәм конфликт поэтикасы). Нөкис: «Билим», 2009, 24-б.

-Ha-ha-ha!!!...

Yerkekler u'ylerine tarqasti'. To'rt-bes kempir Qanbiybini bag'i'p qaldi'…

Tan' aldi'nda Qanbiybinin' jani' u'zildi» (146-149-betler).

Mine, bunday miynetli ku'nlerdin' baslani'wi'nda avtor awi'lg'a sharapati' tiyip turg'an U'bbi atani'n' qa'biri basi'ndag'i' qos qaramanni'n' dawi'l menen qulap qali'wi' metaforasi'n simvolli'q obraz si'pati'nda sheber qollang'an. Mi'sali', «U'bbi atag'a kelgen jerde Qudaynazar diz sho'gip woti'ri'p qaldi'. Atani'n' basi'ndag'i' qos qaraman dawi'l menen qulap ati'r yedi. Wol qulap ati'rg'an qos daraqqa alaqanlari'n qoyi'p, yeki iyni selkildep ji'ladi'. Kesheden beri wol bu'ytip yegitilip ji'lamag'an yedi» (71-bet). Demek, avtor usi' bir g'ana «qos qaramanni'n' qulawi'» arqali' pu'tkil yeldin' basi'na tu'sejaq mu'siybettin' simvolikaliq tu'rde su'wretlewge miyassar bolg'an. Demek, roman syujeti qurami'ndag'i' simvoliko-metaforali'q obrazlar sistemasi' su'wretlenip ati'rg'an da'wirdin' ashshi' haqi'yqatli'g'i'n woqi'wshi'g'a isenimli tu'rde jetkeriwde, wolardi'n' woqi'wshi'larg'a degen yemocionalli'q ta'sirshen'ligin artti'ri'wda salmaqli' funkciyani' atqarg'an.

## III.3. M.Ni'zanovti'n' «Dushpan» romani'nda konflikt ha'm qaharman obrazi'.

Ko'rkem shi'g'armani'n' syujetlik waqi'yalari'ni'n' rawajlani'wi'nda qaharman obrazi'ni'n' sheber jasali'wi'nda konflikt u'lken a'h'miyetke iye. Konflikt shi'g'armani'n' woqi'wshi'g'a degen ta'sirshen'ligin artti'radi', woni'n' tarti'mli'li'g'i'n ku'sheytedi. Sonli'qtan da, wol shi'g'armni'n' ko'rkemlik ha'm ideyali'q quni'n wo'siriwge xi'zmet isleydi. Konflikt a'sirese yepikali'q shi'g'armalarda soni'n' ishinde, turmi's shi'nli'g'i'n ken' yepikali'q masshtabta su'wretleytug'i'n roman janri'nda salmaqli' wori'n tutadi'. «Konflikt jeke minezler (personajlar), socialli'q toparlar, klasskar arasi'nda payda boli'wi' mu'mkin ha'm wolardi'n' maqsetine, waqi'yalardi'n' rawajlani'wina qaray ha'wij ali'wi' mu'mkin. Personajlardi'n' arasi'ndag'i' qatnasi'qlar a'bden shiyelenisip, waqi'yalardi'n' rawajlani'wi' birotala shegine (kulminaciyag'a) jetken son'

konflikt wo’z sheshimin tabadi’»[1]. Demek, bul ilimiy-teoriyali’q pikirlerden sol na’rseni an’lawg’a boladi’, a’debiy shi’g’armani’n’ konflikti ha’r qi’yli’ boli’wi’ mu’mkin. Usi’ ko’z qarastan, «Dushpan» romani’ndag’i’ konfliktlerdin’ tu’rleri ha’m wolardi’n’ qaharman obrazi’n jasawdag’i’ a’hmiyetine toqtaw maqsetke muwapi’q boladi’. Roman joqari’da aytqani’mi’zday bes bo’limnen ibarat. Ha’r bir bo’limnin’ waqi’yalari’n rawajlandi’ri’wg’a tu’rtki bolatug’i’n wo’zine jarasa konfliktleri bar. Mi’sali’, romanni’n’ birinshi bo’liminde aytarli’qtay keskin konfliktler ko’zge taslanbasa da, Wo’tenazardi’n’ kempiri Jumagu’ldin’ kelinimdi U’bbi ata a’wliyesine zi’yarat yetsem perzentli boli’p keter degen niyeti menen shi’yi’qshi’ Begmuratti’n’ du’nyatani’mi’ wortasi’nda ma’lim da’rejedegi qarama-qarsi’li’q ju’zege shi’g’adi’. Buni’ to’mendegi dialogtan biliwimizge boladi’:

«–Ha’, Wo’tenazar ag’a, atadan ne tilep kiyati’rsan’?-dedi Begmurat wolar jaqi’nlasi’wdan-aq.

–Begmuratjan, a’dep sa’lem ber, keyin ziyarati’n’ qabi’l bolsi’n de…

–Qabi’l bolama, bolmayma-wol menin’ aytqani’ma qarap turg’an joq!

–Wo’ydeme, shi’yi’qshi’ bala,-dep Jumagu’l Begmuratti’n’ kewlin baqqan boldi’. –Quda qa’lese, ziyarati’mi’z qabi’l boli’p, U’bbi atani’n’ a’rwaqlari’ qollasa kelinime qoshqarday bir ul tilep kiyati’rman!

–Him! U’bbinin’ sag’an qundaqlap woti’rg’an balasi’ bar shi’g’ar! Woni’n’ worni’na ta’wipke apar, qarat, qaqti’r, alasla…» (6-bet). Usi’ keltirilgen qi’sqa dialogta bir jag’i’nan, a’piwayi’ awi’l adamlari’ Wo’tenazar, woni’n’ balasi’ Qudaynazar, kempiri Jumagu’llerdi’n’ kelini aqli’qli’ boli’wi’ ushi’n jan-ta’ni menen umti’li’si’, ata-babalardi’n’ ruwxi’na sheksiz isenimi sa’wlelengen bolsa, yekinshi jag’i’nan kelip shi’g’i’si’ belgisiz Begmurat shi’yi’qshi’ni’n’ qopalli’g’i’, wo’zin bag’i’p woti’rg’an ziyaratshi’larg’a degen hu’rmetsizligi su’wretlengen. Begmurat wo’zinin’ usi’ qopalli’g’i’ ha’m pa’msizligi sebepli ziyaratshi’lar, qon’si’las awi’l adamlari’ arasi’nda izzet-abi’rayg’a yerise almaydi’. Sol sebepli wol uri’sti’n’ qi’tkershilik waqti’nda jewge nan tappay ashtan wo’ledi. Demek,

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша қысқаша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: «Билим», 1994, 104-б.

jazi'wshi' kishkene bir dialogta a'piwayi' bir qarama-qarsi'li'qti' su'wretlew arqali'-aq, syujettin' keleshektegi rawajlani'w bag'darlari'n belgilep berip ati'rg'anday boladi'. Romanni'n' birinshi bo'limindegi ja'ne bir konfliktlik sharayat Wo'tenazardi'n' aqli'qli' boli'wi'na baylani'sli' berilgen toy ma'resiminde kelip shi'g'adi'. Mi'sali', toyda gu'resiwshi Saparbay ha'm Qazaqbay atli' palwanlar haqi'yqatli'q jol menen gu'respey aldi'n ala woylasi'p Saparbay Qazaqbayg'a ji'g'i'li'p beredi. Biraq ta kelisilgen wa'de boyi'nsha Qazaqbay qoshqardi' Saparbayg'a beriwden bas tartadi'. Usi' sebepli kelip shi'qqan kelispewshilikti awi'l ka'tqudasi' ha'm toy iyesi Wo'tenazar to'mendegi jol menen sheshedi.

«–Ballar, Qazaqbaydi'n' bayraqqa alg'an qoshqari'n aldi'n'i'zg'a sali'p, Saparbayg'a a'kelip berin'. Saparbay, Qazaqbay yendi yekewin' de mag'an qaran'. Bu'gingi gu'res sizzler ushi'n aqi'rg'i' gu'res. Yendi qayti'p belin'izge belbaw baylag'ani'n'i'zdi' ko'rmeyin, yesitpeyin!

–Bular palwan yemes,-dedi ja'ne jurtshi'li'qqa qarap. –Bular haram! Bular-ma'rez! Bulardi'n' g'a'rremligi keyingi a'wladqa wo'tpesin!» (23-bet). Demek, joqari'dag'i' qi'sqa dialogta bir jag'i'nan Wo'tenazardi'n' haqi'yqatgo'yligi, qatti' qolli'li'g'i', g'a'rremlik penen gu'resetug'i'n palwanlardi' jazalawdag'i' tuwri' so'zliligi sa'wlelengen bolsa, yekinshi jag'i'nan wonda g'a'rrem palwanlar Saparbay menen Qazaqbaydi'n' xalqi'mi'zdi'n' palwanli'q wo'nerin wo'zlerinin' jeke ma'pine paydalani'wg'a umti'li'wshi'li'g'i', du'nyaxorli'g'i' ko'zge taslanadi'. Demek, jazi'wshi' romanni'n' birinshi bo'liminde-aq, bas qaharman Qudaynazardi'n' a'kesi Wo'tenazar haqqi'nda woqi'wshi'g'a toli'q mag'li'wmat berip u'lgere alg'an. Usi' sebepli biz, Qudaynazardi'n' tosi'nnan ka'tquda, haqi'yqatgo'y, miynetkesh ha'm miyirman adam boli'p jetispegenligin tu'sine alami'z.

Romanni'n' yekinshi bo'liminde konflikttin' keskinligi artadi'. Sebebi, yendi konflikttin' qatnasi'wshi'lari' birinshi bo'limdegidey a'piwayi' g'ana awi'l adamlari g'ana yemes, wog'an shora hu'kimetinin' belsendisi A'bdikerim arlasadi'. A'bdikerim menen Qudaynazar wortasi'ndag'i' konflikt tosi'nnan payda

bolg'an joq. Qudaynazar wo'zinin' a'kesi Wo'tenazardan miynetkeshlikti, haqi'yqatgo'ylikti, a'zzilerdi quwatlawdi', nahaqli'qqa qarsi' gu'resiwdi miyras yetip alg'an. Usi' duri's ta'rbiya woni'n' awi'lda bolsheviklerdin' belsendisi A'bdikerimnin' wori'nsi'z ha'reketlerine tosqi'nli'q yetiwine iytermeleydi. Wolar wortasi'ndag'i' konflikt A'bdikerimnin' awi'ldag'i' Ayti'mbet shabandozdi'n' ati'n suwatqa ayag'i'n baylap jiberip qoyg'an jerinen aldi'na sali'p qamshi'lap kiyati'rg'an jerinde baslanadi'. Bul konfliktlik sharayat romanda to'mendegidey formada sheber su'wretlengen.

«–Tur-r!-dep atti' keseledi Qudaynazar. Jiyren ya qaptalg'a uri'p keterin bilmedi, ya sekkirip wo'terin…

–A'y, miyrimsiz! Yen' bolmasa tusawi'n sheshsen'-o!-dedi Qudaynazar A'bdikerimge. –Adam degen de bunday qudaybiyzar boladi' yeken?!

–Ne dep tursan'? Kim menen so'ylesip turg'ani'n'di' bilesen' be? –A'bdikerim atti'n' u'stinde shirenip aybat shekti.

Qudaynazar attan tu'sip, jiyrennin' ayag'i'ndag'i' tusawi'n jazdi'ra basladi'.

–Aqmaq! Sen yele quday bar dep ju'rsen' be? Qudayi'n' menen birge qosi'p Sibirge aydatayi'n ba?

A'bdikerim jiyrennin' won' ta'repinen aylani'p, Qudaynazarg'a qamshi' siltedi. Bul hu'jimge Qudaynazar tayar tur yedi. Wol qamshi'ni'n' tilin bilegine worap aldi' da tarti'p jiberdi. A'bdikerim yerden abi'ni'p bari'p, zorg'a wo'zin uslap qaldi'. Qamshi' qoli'nan shi'qti'.

–Ha'ddin'nen aspa Qudaynazar! Hu'kimetten mallari'n'i'zdi' jasi'ri'p, tog'ay ishine jiberip qoyg'ani'ni'z ushi'n yele juwap beresiz! Ken'es hu'kimetinin' siyasati' tog'ayg'a jetip kelmeydi dep woyladi'n' ba? Bilip qoy, bul hu'kimettin' ilgir na'zeri ti'shqanni'n' inlewine deyin jetip baradi'!» (28-bet). Bul keskin dialogtan ko'rinip turg'ani'nday Qudaynazar awi'llas jasi'u'lkeni Ayti'mbettin' abi'royi' ushi'n A'bdikerim menen ayqasi'wg'a sebepshi boladi'. Bul na'rse woni'n' haqi'yqatgo'yliginen, a'da'latli'q ushi'n gu'resinen da'rek beredi. Al, A'bdikerim buni'n' kerisinshe miyrimsiz, qopal, bolsheviklerdin' siyasati'nan paydalani'p awi'llaslari'ni'n' bari'-jog'i'n qoli'nan tarti'p ali'wshi' bir kimse

si'pati'nda konfliktte attan-ani'q sa'wlelengen. Demek, biz romanni'n' yekinshi bo'liminde-aq tiykarg'i' konflikttin' baslani'p, syujettin' keleshek rawajlani'wi'na tiykar bolatug'i'nli'g'i'n abaylay alami'z. A'bdikerim menen Qudaynazar wortasi'ndag'i' konflikt romanni'n' syujetinin' bunnan bi'lay da rawajlani'wi'na tu'rtki boladi'.

A'bdikerim menen Qudaynazar wortasi'nda konflikt yekinshi ma'rte Qudaynazardi'n' A'dilbek penen Begmurat shi'yi'qshi'ni' A'bdikerim menen woni'n' jani'ndag'i'lardan qorg'ayman dep umti'lg'anli'g'i' sebepli ju'z beredi. Bul konfliktlik sharayat jazi'wshi' ta'repinen to'mendegishe su'wretlenedi:

«…Qudaynazar-bajban ni'qabi'n jami'lg'an, maqsi'mni'n' quyri'g'i'. hasli' bay. Make-Madinada ag'ayinleri bar. Ken'es hu'kimetin awdaraman dep ju'rgen baylardi'n' biri usi'.

Qudaynazar ashi'wdan tisi-tisine tiyip g'i'shi'rladi'.

–A'bdikerim! Ko'z-ko'reki jalg'an so'ylewge uyalmaysan' ba? Men senin' a'ken' menen jasli'man bilesen' be?!

–Bilemen!-dep i'zg'arli' ku'ldi A'bdikerim. –Meni ku'yew bala yetkin' kelip, ha'r kimnen aytqi'shlag'ani'n'nan da xabari'm bar. Biraq, bir na'rsege aqi'li'n' ali'spapti'. –Bolshevik, hesh waqi'tta baydi'n' qi'zi'n almaydi'!

Qudaynazar bunnan arti'q shi'day almadi'. Attan sekirip tu'sip, A'bdikerimnin' shekesine bir shappat urdi'. Boldi' uli' shawqi'm! Qaraqulaqti'n' qasi'ndag'i' yeki jigit Qudaynazardi'n' qoli'na asi'ldi'» (36-bet). Bul dialogtan da su'wretlenip woti'rg'an da'wirdegi siyasi'y quwdalawdi'n' adamlarg'a tiygizgen zi'yanli' ta'siri, A'bdikerim ha'm wol qusag'an kimselerdin' Qudaynazar qusag'an adamlarg'a islegen qi'si'mi' jazi'wshi' ta'repinen ju'da' isenimli su'wretlengen.

Romanni'n' u'shinshi bo'liminde a'debiy konflikt uli'wmali'q si'pat ali'p, wol nemec fashistlerinin' yelimizge basi'p kiriwine baylani'sli' buri'ng'i'dan da ken' tu's aladi'. Jazi'wshi' uri'sti'n' mashaqatli' da'wirinde «ha'mme na'rse front ushi'n» dep miynet islegen ti'ldag'i' adamlardi'n' ibratli' islerin su'wretlew arqali' bul da'wirde de adamlar arasi'nda hu'kim su'rgen qarama-qarsi'li'qli' waqi'yalardi', a'sirese, A'bdikerim, Nuri'm qusag'an adamlardi'n' bul da'wirde de

Qudaynazar, A’dil qusag’an a’piwayi’ adamlardi’ wori’nsi’z azaplag’anlari’n, frontqa azi’q-awqat ji’ynaymi’z degen ba’ne menen awi’l adamlari’ni’n’ yen’ aqi’rg’i’ nani’ menen kiyim-kenshegine shekem tarri’p alg’anli’g’i’ su’wretlenedi.

Romanni’n’ to’rtinshi bo’liminde Qudaynazardi’n’ balasi’ I’ri’snazardi’n’ aman-yesen uri’stan qayti’wi’, wo’zi menen birge nemec qi’zi’ Margaritani’ wo’zine wo’mir joldas retinde ali’p keliwi, da’slep pu’tkil awi’ldi’ quwani’shqa bo’lese keyin ala Joldas mug’a’llim qusag’an ayi’ri’m go’rsawat ha’m qi’zg’anshaq adamlar sebepli I’ri’snazardi’ wo’limnen aman ali’p qalg’an Margaritani’ dushpan qi’zi’ si’pati’nda qabi’l yetiwi ha’m bul na’rseni pu’tkil yelge ja’riya yetiwi, Qudaynazardi’n’ shan’arag’i’ menen awi’ldi’n’ ko’pshilik adamlari’ arasi’nda konfliktlik sharayatti’ keltirip shi’g’aradi’. Na’tiyjede, wori’s tili ha’m a’debiyati’ sabag’i’n mektepte a’p-a’nedey woqi’ti’p ati’rg’an Margaritani’n’ jumi’stan shi’g’ari’li’wi’, Qudaynazardi’n’ bajbanli’qtan bosati’li’wi’, awi’l adamlari’ni’n’ wolarg’a degen tu’sinbewshilik ko’zqaraslari’ bul shan’araqti’n’ pu’tkilley awi’ldan tog’ay arasi’na ko’ship ketiwine ali’p keledi. Bul konfliktlik sharayatti’n’ jazi’wshi’ ta’repinen sheber su’wretleniwi uri’stan keyingi mashaqatli’ da’wir shi’nli’g’i’n woqi’wshi’g’a isenimli tu’rde jetkeriwge xi’zmet yetedi. Usi’nday qi’yi’n sharayatta da Qudaynazardi’n’ woni’n’ kempiri Aysarani’n’, balasi’ I’ri’snazar menen kelini Margaritani’n’ wo’zlerine degen isenimin joytpawi’, bir-birin quwatlap ha’reket yetiwi woqi’wshi’da wolarg’a degen u’lken hu’rmet sezimin woyatadi’. Demek, bul a’debiy personajlardi’n’ obrazlari’ni’n’ isenimli tu’rde jasali’wi’nda jazi’wshi’ ta’repinen quri’lg’an a’debiy konfliktlerdin’ worni’ salmaqli’ boldi’ degen juwmaqqa keliwge boladi’.

Romanni’n’ yen’ keyingi besinshi bo’liminde psixologiyali’q konflikt aldi’ng’i’ wori’ng’a shi’g’adi’. Qudaynazardi’n’ shan’arag’i’ni’n’ tog’ay arasi’na ko’ship bari’p, jalg’i’z u’y si’pati’nda jasay baslawi’, woni’n’ u’stine balasi’ I’ri’snazardi’n’ mug’a’llimshilik woqi’wg’a ketiwi Qudaynazardi’n’ wo’mirinin’ zerigerli tu’s ali’wi’na ali’p keledi. Wol qiula du’zde birwo’zi ju’rip, wo’zi menen wo’zi so’ylesip, wo’tken wo’mirin ko’z aldi’na yeleslete baslaydi’. Jazi’wshi’ni’n’ an’i’z-a’n’gimelerdegi adamni’n’ yeki iyninde yeki perishte woti’radi’, wolar

wobal sawabi'n'di' jazi'p baradi' degen yerteklik syujetten sheber paydalani'p, jalg'i'z qalg'anda Qudaynazar g'arri'ni'n' bir-birine qarama-qarsi' pikirleytug'i'n shep ha'm won' jag'i'ndag'i' perishteler menen so'ylesiwi, shep jag'i'ndag'i'si'ni'n' awi'ldan ketip duri's isledin' dese, won' jag'i'ndag'i'si'ni'n' qula du'zge ko'ship kelip ne utti'n' degen so'zleri Qudaynazardi' qarama-qarsi'li'qli' jag'dayg'a saladi'. Demek, qaharmanni'n' psixologiyasi'ndag'i' arpali'slardi', keshirmelerdi su'wretlew arqali' jazi'wshi' ha'r qi'yli' psixologiyag'a iye adamlar arasi'ndag'i' tu'sinbewshilikti, wolar arasi'ndag'i' ha'r qi'yli' pikirlewlerdin' hu'kim su'riwin su'wretlew arqali' su'wretlenip woti'rg'an da'wir qi'yi'nshi'li'g'i'n sheber tu'rde ashi'wg'a usi'ni'n' arqasi'nda Qudaynazar, Aysara, I'ri'snazar, Margarita ha'm A'liy qusag'an personajlardi'n' obrazi'n sheber tu'rde jasawg'a yerisedi.

Ko'rkem shi'g'armada qaharman obrazi'n ashi'wda monologlardi'n' tutqan worni' ayi'ri'qasha. Monolog grekshe «monos» ha'm «logos» so'zlerinen ali'ng'an boli'p, bizin'sha «bir so'z» degen ma'nini anlatadi'. Basqasha aytqanda, monolog bul ko'rkem shi'g'armada qaharmanni'n' ko'pshilikke yamasa wo'zine qarata aytqan so'zleri[1] boli'p tabi'ladi'. Al diolog bolsa, grekshe «dialogos» so'zinen ali'ng'an boli'p, bizin'she «yeki adamni'n' wo'z-ara so'ylesiwi» degen ma'nini an'latadi'. Wol ko'rkem shi'g'armada waqi'yani' tu'sindiriwge, xarakterdi ashi'wg'wa ja'rdem beretug'i'n usi'llardi'n' biri[2] boli'p tabi'ladi'.

M.Ni'zanovti'n' «Dushpan» romani'nda qaharman obrazi'n isenimli tu'rde ashi'wda, wolardi'n' kewil-keshirmelrin isenimli tu'rde beriwde monologti'n' ha'r qi'yli' tu'rlerinin' jazi'wshi' ta'repinen sheber qollani'g'ani'n ko'remiz. Monolog qaharmanni'n' qanday psixologiyali'q jag'dayda boli'wi'na baylan'sli' birese qi'sqa, birese ken' tu'rde beriliwi mu'mkin. Monolog birese taza qaharman so'zleri arqali' berilse, birese wol avtor so'zi menen qaharman so'zlerinin' aralasi'p keliwi arqali' da beriliwi mu'mkin. «Dushpan» romani'ni'n' birinshi babi'nda tiykari'nan avtor so'zi menen dialoglar basi'm wori'ndi' iyelegen bolsa, yekinshi bapti'n'

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша қысқаша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: «Билим», 1994, 138-б.
[2] Бул да сонда, 63-б.

aqi'ri'na taman qaharmanlardi'n' awi'zsha gu'rrin'leri, buni'n' woni'n' sa'wbetlesine degen ta'siri ko'zge taslana baslaydi'. Na'tiyjede jazi'wshi'da monologti' qollani'li'w za'ru'rligi payda boladi'. Mi'sali', romanni'n' yekinshi bo'liminin' aqi'ri'na taman A'bdikerim menen Qudaynazar wortasi'nda keskin dialog kelip shi'g'adi'. Bunda A'bdikerimnin' wo'zin bag'i'p shan'araq qi'lg'an Seytimbet maqsi'mg'a degen g'a'zebi sonday ku'shli beriledi, Qudaynazar tek ti'n'lawshi'g'a aylani'p qaladi'. A'bdikerimnin' monologi' ishley yemes, al Qudaynazarg'a yesittirilip ayti'ladi'. Biraq ta wog'an Qudaynazar so'z qosa almaydi'. A'bdikerimnin' monologi'nda Seytimbet maqsi'mni'n' haqi'yqi'y kelbeti woqi'wshi'ni'n' aldi'na jayi'p sali'nadi'.

Romanda Qudaynazardi'n' ishki psixologiyali'q halati' da monolog ja'rdemi menen beriledi. Bunda avtor, monologti'n' original formasi'n woylap tapqan-Qudaynazar qi'yali'nda yeki iynindegi perishteler menen sa'wbetlesedi. Shep jag'i'ndag'i' perishte Qudaynazardi'n' kelini sebepli awi'ldan ko'ship ketiwin quwatlap so'ylese, won' jag'i'ndag'i' perishte bug'an keskin qarsi' shi'g'adi'. Jalg'i'z wo'zi qalg'an Qudaynazar ne islewdi bilmey, basi' shi'ri'lduwg'a tu'sedi. Qudaynazardi'n' usi' sharayattag'i' halati' woni'n' perishteler menen to'mendegi so'ylesiginde ani'q ko'rinedi:

«-Sen Qudaynazar, naduri's qi'ldi'n'?-deydi won' iynindegi perishte wog'an ha'r ku'ni.

Qudaynazar moyi'nlag'i'si' kelmeydi.

-Qashan? Qay jerinde naduri's qi'ldi'm?

-Usi' ketisin'de.

-Nege?

-Usi' ketisin'nin' jo'ni bar ma, yaxshi'? Bala yemessen', shag'a yemessen', jasi'n' jetpisten asqan wotag'asi'san! Qala berdi yeldin' biyi, ka'tqudasi'san'? Usi' is sag'an jarasa ma?...» (228-bet). Won' iynindegi perishte menen bolg'an so'ylesik Qodaynazardi'n' yelge kerek yekenligin, awi'lg'a qayta worali'wi' za'ru'r yekenligin aytadi'. Al, shep iynindegi perishte bolsa buni'n' kerisin aytadi':

«I’rasi’nda da men qa’te isledim be? Jan’i’li’sti’m ba?-dep gu’birlenedi ishinen.

-Yaq! Sen tup-tuwri’ isledin’?-deydi shep iynindegi Perishte. –Qa’dirin’ ketip baslag’an jerde tag’i’ ne maqset penen jasamaqshi’ yedin’? Sen aqi’ri’ sol awi’l dep jan ku’ydirmedin’ be? Atqa mingen belsendiler menen shayday ayqaspadi’n’ ba? Kimdi dep isledin’ solardi’?! «Qanatli’g’a qaqti’rmay, tumsi’qli’g’a shoqi’tpay» pa’rmana bolg’ani’n’di’ kim bildi awi’lda?...» (231-bet).

Qudaynazar bajbanni’n’ ishki monologinin’ bunday usi’lda quri’li’wi’ jazi’wshi’ni’n’ sheberliginen da’rek beredi. Perishte-musi’lman dininde qudaydi’n’ yelshisi. Qudaynazar musi’lman dininin’ wa’kili. Woni’n’ ati’ni’n’ ma’nisi de qudaydi’n’ na’zeri tu’sken degen ma’nini bildiredi. Musi’lman dinin joq yetiwdey islerdin’ ha’wij ali’p turg’an bir da’wirinde «woni’n’ perishte»ler menen so’ylesiwi –qaharmanni’n’ ruwxi’y jaqtan haqi’yqi’y tuwri’ so’zli adam yekenligin ko’rsetedi. Soni’n’ menen birge bul monologta Qudaynazardi’n’ ishki debdiwleri sa’wlelengen. Qaharman ha’r qi’yli’, bir-birine qarama-qarsi’ pikirlerdin’ qorshawi’nda qali’p, ne islewin bilmeytug’i’n da’rejege tu’siwi woni’n’ nemquraydi’ adam yemes yekenliginen, shan’arag’i’ndag’i’ jag’daydi’ awi’llaslari’ni’n’ tu’sinbegenligi sebepli ruwxi’y jaqtan azap ko’rip, jeke ma’p penen ja’miyetlik sharayat arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’q sebepli awi’r woy ten’izine sho’kken insanni’n’ psixologiyasi’ jazi’wshi’ ta’repinen ju’da’ sheber berilgen. Monologti’n’ bunday formasi’ milliy prozami’z poetikasi’nda yele isletilmegen yedi. Demek, bul na’rse jazi’wshi’ni’n’ qaharmanni’n’ ishki psixologiyasi’n su’wretlew bag’dari’ndag’i’ sheberliginen da’rek beredi.

Qullasi’, «Dushpan» romani’nda monologti’n’ a’lwan tu’rleri qaharman obrazi’n jasaw bag’dari’nda avtor ta’repinen ju’da’ sheber isletilgen. Woni’n’ qi’sqa, i’qsham, tek qaharmanni’n’ wo’zinin’ tiline ta’n so’zler menen beriliwi de, geyde avtor so’zi menen qaharmanni’n’ so’zlerinin’ aralasti’ri’li’p berilgen formasi’ da jiyi-jiyi ushi’rasadi’. Ha’tte, romanni’n’ aqi’rg’i’ bo’liminde isletilgen a’debiy qaharmanni’n’ perishteler menen sa’wbetlesiw formasi’ da monologti’n’ wo’zine ta’n bir tu’rin an’latadi’. Di’qqatqa i’layi’q jeri sonda monolog romanda

tiykari’nan bas qaharman Qudaynazardi’n’, I’ri’snazardi’n’ ha’m unamsi’z qaharman A’bdikerimnin’ tilinde g’ana ushi’rasadi’. Qalg’an a’debiy qaharmanlardi’n’ obrazi’n ashi’wda avtor so’zi menen dialoglar basi’m wori’ndi’ iyeleydi. Bul na’rse su’wretlenip woti’rg’an da’wirdin’ shi’nli’g’i’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wg’a qarati’lg’an avtordi’n’ ko’rkem koncepciyasi’ni’n’ wo’zgesheligine baylani’sli’ bolsa kerek.

Romanda qaharman obrazlari’n jasawda monologlarg’a sali’sti’rg’anda dialoglar salmaqli’ wori’ndi’ iyeleydi. Roman tiykari’nan avtor so’zi menen dialoglardan turadi desek te asi’ra siltewshilik bolmaydi’. Avtordi’n’ dramali’q shi’g’armalardi’ jazi’w arqali’ mol ta’jriybe toplawi’ woni’n’ dialoglardi’ keskin, wo’tkir ha’m ta’sirshen’ formada quri’wi’na tiykar jarayqan. Bul na’rse woni’n’ prozali’q shi’g’armalari’nda, a’sirese, «Dushpan» romani’nda da’wir qarama-qarsi’li’g’i’n wo’tkir konfliktler arqali’ beriw sheberliginin’ arti’wi’na ta’sir jasag’an. Buni’ biz romanni’n’ ko’rkem tekstin woqi’w arqali’ ani’q bile alami’z. Romanda dialogti’n’ a’lwan tu’rleri bar. Yeki adamni’n’ a’piwayi’ sa’wbetlesiwi tipindegi dialoglardan baslap, a’debiy qaharmanlar wortasi’ndag’i’ keskin konfliktlik sharayatlardi’ sa’wlelendiretug’i’n dialoglar da ko’plep tabi’ladi’. Romanni’n’ bayanlaw poetikasi’nda dialog salmaqli’ wori’ndi’ iyeleydi. Wol shi’g’armani’n’ ha’mme bo’limlerinde de aktiv qollani’ladi’. Bir jag’i’nan qaharmanlardi’n’ psixologiyasi’n, du’nyatani’mi’ni’n’ wo’zgesheligin sa’wlelendiriwge xi’zmet qi’lsa, yekinshi jag’i’nan qaharman xarakterin ashi’wg’a, su’wretlenip woti’rg’an sharayatti’n’ wo’zgesheligin beriwge xi’zmet yetedi. Mi’sali’, to’mendegi dialogqa itibar bereyik:

«–Woti’r mi’a jerge,-dedi Quaynazar I’ri’snazarg’a. I’ri’snazar anasi’nan to’menirekke dize bu’kti.

–Jan’a awi’l aqsaqali’ kelip, ha’mmenin’ hu’jjetin tekserip ketti. Nege mag’an a’depten aytpadi’n’? Nege aldadi’n’? Men a’ken’men be, ya qawi’n qaraqshi’man ba?!

–Ag’a, neni aytpadi’m? Ne dep aldadi’m? Tu’sinbey ati’rman.

–Ba’leni-a’m tu’sinip turi’psan’!

–Wollager, ag'a!

–Kelin nemic pe yedi?! Nemec yekenin biletug'i'n ba yedin'?!

–He-e, sol ma?-dedi I'ri'snazar suwi'q demin ali'p. «Hesh ga'p yeken g'oy» degendey, anasi' da sa'l bosasayi'n dedi.

–A'y, senin' denin' saw ma? «Sol ma» degenin' ne?! Jeti ji'l boyi'na sol nemicler menen uri'sqan joqsan' ba?!Bayag'i'da yawmi'tlar awi'ldi' shapqang'a qi'zlardi' wolja yetip ali'p ketetug'i'n yedi, ya bul da senin' dushpannan ali'p qaytqan woljan' ba yedi?

–Ag'a biz nemec xalqi' menen uri'sqani'mi'z joq, fashistler menen uri'sti'q. Qala berdi, Maryam woyaqti'n' nemici yemes. Wo'zimizdin' yelde tuwi'li'p wo'sken. Kerek desen' nemic tilin de bilmeydi.

–Teris bilsin! Ba'ribir dushpanni'n' milleti me–milleti! Dushpanni'n' na'sili me–na'sili! Sag'an wonnan arti'q ne kerek yendi?!» (194-bet). Biz keltirip wo'tken dialog Qudaynazar menen I'ri'snazardi'n' nemic qi'zi' Margaritag'a u'yleniwine baylani'sli' woni'n' awi'li'nda kelip shi'qqan qarama-qarsi'li'qli' sharayatti' wo'zinde sa'wlelendiredi. Pu'tkil insaniyatti' qul qi'li'wg'a umti'lg'an fashizm menen a'piwayi' nemic xalqi'ni'n' wortasi'nda hesh qanday uli'wmali'qti'n' joq yekenligin tu'sinbegen ayi'ri'm awi'l adamlari', mektep direktori', awi'l aqsaqali' h.t.basqalar Qudaynazardi'n' shan'arag'i'na gu'man menen qaray baslaydi'. Bug'an shi'damag'an Qudaynazar menen balasi' I'ri'snazar wortasi'nda joqari'dag'i'day keskin dialog kelip shi'g'adi'. Keyin ala a'ke menen bala biri-birin tu'sinisken menen de, bul dialog syujettin' keleshek rawajlani'w bag'dari'n aldi'n ala belgilep berip turg'anday. Qudaynazardi'n' shan'arag'i' menen awi'l adamlari' arasi'ndag'i' qarama-qarsi'li'q birden jumsara qoymaydi'. Usi' sebepli Margarita mektepten jumi'stan ketedi, uli'wma Qudaynazarlar shan'arag'i' awi'ldan ko'shiwge de ma'jbu'r boladi'. Ko'rinip turg'ani'nday, bul keskin dialog shi'g'armani'n' konflikti menen syujetinde salmaqli' wori'n iyeleydi. Wonda bir jag'i'nan uri's da'wirinin' keskin sharayati' sa'wlelengen bolsa, yekinshiden, ha'r tu'rli millet, ha'r tu'rli qatlam, ha'r tu'rli ko'zqarasqa iye adamlardi'n' basi'n biriktirip, wolardi' dushpandi' jen'iwge bag'darlaw ju'da' qi'yi'n bolg'anli'g'i'n

bul dialogtan an'lawg'a boladi'. U'shinshiden, uri's ji'llari'nda da siyasi'y quwdalawdi'n' toqtamag'anli'g'i', A'bdikerim, sonday-aq awi'l aqsaqali' usag'an ayi'ri'm adamlardi'n' watandarli'q uri'stan wo'z ma'pine paydalani'p qali'wg'a abaylawg'a boladi'. Turmi'sti'n' dramatizmge toli' sharayati'n, insane balasi'ni'n' ha'r qanday pa'slikke de qa'dir yekenligin ko'rsetetug'i'n ayi'ri'm jag'daylar romanda dialoglardi'n' ja'rdemi menen sheber tu'rde su'wretlengen.

A'sirese romanda iyshan-ulamalardi'n', maqsi'mlardi'n', uli'wma islam dini wa'killerinin' a'debiy obrazlari'n jasawda g'a'rezsizlik da'wirine deyin bir ta'replemelikke jol qoyi'lg'anli'g'in, wolardi'n' obrazlari'n jasawda tiykari'nan qara boyawlardan paydalani'lg'anli'g'i' hesh kimge si'z yemes. Biraq ta, g'a'rezsizlik da'wirinen keyin wolardi'n' obrazlari'n jasawda ja'ne de bir ta'replemelikke tu'sip ketkendeymiz. Qa'legen ma'nsaptag'i' din iyelerinin' ha'mmesi kemshiligi joq, ideyal qaharmanlar si'pati'nda sa'wlelene basladi'. Basqasha aytqanda islam dini wa'killerinin' obrazi'n jasawda jazi'wshi'lari'mi'zg'a ani'qli'q, konkretlilik, jetispaytug'i'ni'nday. Buni' duri's tu'singen jazi'wshi' M.Ni'zanov islam dini wa'killerinin' obrazi'n jasawda wolardi'n' ha'r qaysi'si'na individual qatnas jasawg'a umti'ladi'. Ma'selen, wol romanda Porxan maqsi'm menen woni'n' yeltisi Sari'gu'ldin' ibratli' isleri haqqi'nda isenimli tu'rde su'wretlegen yedi. Soni'n' menen birge jazi'wshi', maqsi'mlar arasi'nda da tu'rli iplasli'qlar menen shug'i'llani'wshi', adam ta'g'dirine woyi'nshi'q si'pati'nda qarawshi', ha'tteki, qorg'ani'shi' joq adamlardan wo'zinin' jeke ma'pi ushi'n paydalani'wdan qaytpaytug'i'n adamlardi' Seytimbet maqsi'm obrazi' mi'sali'nda sheber su'wretleydi. Joqari'dag'i' dialog bizge A'bdikerimnin' ayani'shli' ta'g'diri woni'n' a'kesi Seytimbet maqsi'mni'n' jerkenishli isleri haqqi'nda attan-ani'q mag'li'wmat bere aladi'.

Juwmaqlap aytqanda, «Dushpan» romani'nda a'debiy konflikttin' sheber tu'rde quri'li'wi' jazi'wshi'g'a qaharman obrazi'n isenimli tu'rde jasawg'a, turmi's shi'nli'g'i'n ko'rkem haqi'yqatli'qqa aylandi'ri'wg'a xi'zmet yetken, dialogti'n' a'lwan tu'rleri su'wretlenip woti'rg'an da'wir shi'nli'g'i'n ko'rkem haqi'yqatli'qqa aylandi'ri'w maqsetinde ju'da' sheber paydalana alg'an. Wolardi'n' biri qi'sqa

bolsa, yekinshi biri ken’ tu’rde isletilgen. Ayi’ri’mlari’ jay-paraxat jag’daydag’i’ dialoglar bolsa, basqalari’ keskin sharayatti’n’ jemisi si’pati’nda isletiledi. Uli’wma sol na’rse ani’q, romandag’i’ dialoglar ha’r qi’yli’ qatlamdag’i’ adamlardi’n’ ko’zqaraslari’n bir-birine degen qatnasi’n beriwde, turmi’s shi’nli’g’i’n ha’r qi’yli’ a’debiy personajlardi’n’ ko’zqarasi’ boyi’nsha su’wretlewde u’lken a’hmiyetke iye. Sonli’qtan da wolar roman poetikasi’nda salmaqli’ wori’ndi’ iyeleydi.

# JUWMAQ

G'a'rezsizlik da'wirimiz sebepli a'debiyati'mi'zg'a jarati'lg'an imkaniyatlardan mol paydalani'p kiyati'rg'an jazi'wshi'lari'mi'zdi'n' biri, O'zbekistang'a miyneti sin'gen ma'deniyat g'ayratkeri, belgili dramaturg ha'm kinoscenarist M.Ni'zanov boli'p tabi'ladi'. Wol satir-yumorli'q gu'rrin'ler, povestler jazi'w menen birge, «Dushpan», «Ashi'q bolmag'an kim bar» romani'n ko'pshilikke usi'ndi'. Jazi'wshi'ni'n' gu'rrin', povest, romanlari' ko'pshilikte qi'zi'g'i'wshi'li'q woyatti'. Biz magistrli'q dissertaciya jumi'si'mi'zda M.Ni'zanov prozasi'n izertlew obekti si'pati'nda tallay woti'ri'p to'mendegidey juwmaqlarg'a keldik.

1. M.Ni'zanovti'n' qa'lemine tiyisli bir qansha gu'rrinleri talqi'lani'p, wolardag'i' qaharman obrazi'ni'n' jasali'w wo'zgesheligi boyi'nsha ayi'ri'm ilimiy-teoriyali'q pikirler alg'a su'rildi. Mi'sali', jazi'wshi'ni'n' «**Pashshayi' ko'ylegim**» gu'rrin'inde a'debiya qaharman si'pati'nda Toti'gu'l Tajievani'n' obrazi' yumorli'q su'wretlew usi'llari' menen jasalg'an. Wol usi' qosi'qti' wo'mir boyi' aytadi'. Basqa qosi'q u'stinde islemeydi. Ha'tteki, pensiyag'a uzati'p shi'g'ari'wg'a arnalg'an ji'yi'nda da usi' qosi'qti' aytadi'. Demek, «Pashshayi' ko'ylegim»de talantsi'z, yerinshek, wo'z u'stinde islemeytug'i'n adam u'stinen avtor ku'ledi. «**Shonti'q shayi'r**»dag'i' ayi'ri'm shayi'r si'maqlardi'n' yersi qi'lwalari', «**Darwaza**» gu'rrin'inde geypara basshi'lardi'n' hu'kimet, xali'q mu'lkin, qa'rajetlerin ji'ri'p jew usi'llari', «**Zi'yapat**» gu'rrin'indegi bizin' bu'gingi turmi'si'mi'zdag'i' i'si'rapxorshi' li'q, ruwxi'y azg'i'nli'q, den sawli'qti'n' qa'dirine jetpewdin' aqi'beti, «**Qa'tesiz jazatug'i'n adam**» gu'rrin'inde maqtanshaq mashinistka kelinshektin' yersi qi'lwalari' ha'm t.b. kemshilikler ju'da' ku'lkili detallar, ironiyag'a bay so'z ha'm so'z tirkesleri, qi'sqa syujetlik waqi'yalar arqali' sheber su'wretlengen. Jazi'wshi'ni'n' ja'ne bir tabi'sli' shi'qqan shi'g'armalari'ni'n' biri **«Bizler direktor sayladi'q»** gu'rrin'inde awi'l adamlari'ni'n' sadali'g'i', ja'riyali'q dep atalg'an ji'llardi'n' ko'plegen siyasi'y-ja'miyetlik qa'telikleri bati'lli'q penen a'shkaralang'an bolsa, **«Shi'pabag'i'sh suw»** atli' gu'rrin'nin' qaharmani'n da jazi'wshi' yeshkinin' i'lag'i'ni'n'

awi'ri'wdan ishtegi jegi qurtlari'nan da'ryani'n' i'lay suwi'n iship ta'wir bolg'anli'g'i', al bunnan aldi'n ana yeshkisinin' menshik ogorotda wo'sken g'arbi'zdi' jep wo'lgenligin yumorli'q usi'lda su'wretlew arqali' ekologiya temasi'n ju'da' sheber alg'a su'rgenligin ko'remiz. Sonday-aq, jazi'wshi' **«Ja'nnetten sa'lemnama»** shi'g'armasi'nda a'debiya qaharmanni'n' ken' peyillik, aq ko'kireklik, haqi'yqatshi'lli'q qusag'an qa'siyetlerin su'wretlew arqali' yen' a'hmiyetli ideyalardi' wortag'a taslag'anli'g'i' ayqi'n ko'zge taslanadi'. «**Shegirtke**» atli' gu'rrin'inde qarapayi'm awi'l adamlari'ni'n' ashi'q peyilliligi, aq ko'kirekliligi, al ayi'ri'm basshi' xi'zmetkerlerimizdin' ko'p so'zliligi menen maqtanshaqli'g'i', wa'depazli'g'i' jaqsi' ashi'p berilgen. «**Awi'ri'p qaldi'n'i'z ba?**» gu'rrin'i bir dastu'rxan basi'nda qan basi'mi' ba'lent bolg'an u'sh ma'keme basli'g'i'na xi'zmet qi'laman dep wo'zi de usi'nday da'rtke shali'ng'an bir jas jigittin' halati' ku'lki asti'na ali'ng'an. «**Qan basi'mi'**» satirasi' bolsa, jas u'lkenlerdin' u'git-na'siyatlari'n naduri's tu'sinip, wolardi' yeskishe pikirlewde, zamannan artta qalg'anli'qta ayi'plap, u'stinen ku'letug'i'n jaslardi'n' is-ha'reketleri si'ng'a ali'ng'an. «**Adamni'n' yeskisi**» ha'm t.b. bir du'rkin gu'rrin'lerindegi satirali'q halatlardi'n' su'wreleniwi ju'da' turmi'sshan' ha'm teren' ma'nige iye.

2. «Yeki qanxor» povestindegi tiykarg'i' ideyani' beriwde jazi'wshi'ni'n' tragediyali'q ha'm komediyali'q su'wretlew usi'llari'ni'n' bir-birine wo'z-ara sintezlegen halda su'wretlewi u'lken a'hmiyetke iye. Usi' ko'zqarastan povesttegi ayi'ri'm tragediyali'q ha'diyselerdin' wo'zi de woqi'wshi'da bir jag'i'nan ku'lkili, yekinshi ta'repten qanday da bir qayg'i'li' sezim woyatatug'i'nli'g'i' di'qqatqa i'layi'q. Bul si'patlardi' biz a'debiy qaharman Meyirbektin' wo'mir soqpaqlari'ndag'i' su'rnigiwlerdi tragediyali'q su'wretlew usi'llari' ja'rdemi menen berse, yekinshi a'debiy qaharman Oleg-Woralbaydi' anasi' na'resteliginde jo'rgekke worap, balalar u'yine jaqi'n jerge taslap ketkenligin tag'i' bir qaharman tilinen qosi'msha syujetlik detal si'pati'nda qi'sqa ha'm i'qsham tilde bayanlanadi'. Olegtin' sol balalar u'yindegi mashaqatli' ha'm ha'siretli

waqi’yalarg’a toli’ wo’mirin jazi’wshi’ni’n’ detallar ja’rdemi menen sheber beriwi shi’g’armani’n’ uli’wma realizmi menen komediyali’q si’pati’n artti’ri’p tur.

3. M.Ni’zanovti’n’ «Aqshagu’l» povesti syujetine wo’mir dramatizmine tiykarlang’an qarama-qarsi’li’qli’ waqi’yalar tiykar yetip ali’ng’an. Syujettin’ sheshimi tragediya menen tamamlani’wi’ da ta’biyg’i’y shi’qqan. Povesttin‘ bas qaharmani’ Aqshagu’l bu’gingi bazar yekonomikasi’ da’wirinin’ barli’q qi’yi’nshi’li’qlari’ menen qarama–qarsi’li’qlari’n wo’z boyi’na sin’irgen personaj. Woni’n’ minez–qulqi’ni’n’ qa’liplesiwi ha’m rawajlani’wi’na totalitar dizimnin’ barli’q unamsi’z faktorlari’ wo’z ta’sirin tiygizgen. Wol a’piwayi’ qara puxara awi’l qi’zi’. Qi’zdi’n’ ata–anasi’ da awi’ldi’n’ yen’ to’mengi qatlami’na tiyisli insanlari’nan dese de boladi’. Aqshagu’l mektep turmi’si’n basqa balalar si’yaqli’ qa’dimgishe bastan keshiredi, yerjete kele balali’q muhabbatti’n’ si’rli’ ha’m jumbaqli’ soqpaqlari’nda basi’p wo’tedi. Povestte Aqshagu’ldin’ woqi’wshi’li’q, jasli’q da’wirindegi waqi’yalar geyde yumorli’q si’patlari’ basi’m detalli’q su’wretlewler menen de berilip barg’an.

4. Jazi’wshi’ni’n’ «Aqi’ret u’yqasi’» uli’wma syujetlik-kompoziciyali’q bari’si’ menen til quri’li’slari’nda tragediyali’q ha’m komediyali’q qa’siyetlerdin’ bir-biri menen yesilip ketiwin an’law qi’yi’n yemes. Ma’selen, buni’ povesttin’ baslamasi’nan aq jazi’wshi’ni’n’ bas a’debiy qaharman Bazargu’l kempirdin’, yag’ni’y, Wo’temuratti’n’ kempir apasi’ni’n’ qartayg’an wag’i’ndag’i’ biysharali’q halati’n sa’wlelendiriwinen ko’riwge boladi’. Negizinde Bazargu’l kempir hesh kimnen qorli’q ko’rmeydi, azap-aqi’ret yesitpeydi, biraq qartayg’an ji’llari’ndag’i’ wo’zin uslap tuta almay biysharali’q awhalg’a tu’siwi woqi’wshi’da belgili bir ayani’shli’ sezimlerin oyatadi’. Woni’n’ u’stine wo’z ku’ndesi Genjegu’l kempirdin’ ton’qi’ldi’si’ qosi’ladi’. Buni’ yesitip wolardi’n’ kelini A’njimnin’ ju’regi si’zlaydi’. Haqi’yqati’nda da bulardi’n’ barli’g’i’ ha’r bir insan balasi’ni’n’ qartayg’an shag’i’nda basi’na tu’siw mu’mkin bolg’an, wo’mir atli’ u’lken okeanni’n’ zan’li’ tragediyasi’nday boli’p povestte su’wretlenedi. Bulardi’ jazi’wshi’ ga’de yumorli’q, ga’de satirali’q, bazda tragikomediyali’q kartinali’q ko’rinisler arqali’ sa’wlelendiriw arqali’ uli’wma do’retpenin’ woqi’wshi’g’a

degen emocionalli'q ta'sirin artti'ri'wg'a, poetikali'q sheberligin ko'teriwge xi'zmet yetip tur.

5. M.Ni'zanovti'n' «Dushpan» romani' su'wretlenip woti'rg'an da'wir shi'nli'g'i'n ko'rkem haqi'yqatli'qqa aylandi'ri'wda wo'zinin' woriginal syujeti menen ko'zge taslanadi'. Shi'g'arma milliy prozami'zdi'n' ko'pshilik romanlari'ndag'i'day xronologiyali'q syujetke quri'lmastan, al waqi'yalar subektiv-psixologiyali'q princip arqali' su'wretlengen. Basqasha aytqanda, waqi'yalardi' su'wretlewde qurg'aq avtor so'zi basi'm bolmastan wolar qaharmanni'n' so'zleri, bayanlawshi'ni'n' gu'rrin'leri, ayti'p beriwleri, ha'tteki tu's, xat formalari' da sheber qollani'lg'an. Bul na'rse roman syujetinin' tarti'mli' boli'wi'na xi'zmet yetken. Buni' biz romanni'n' bas qaharmanlari' Qudaynazar, I'ri'snazar, woni'n kelinshegi Margaritani'n', A'bdikerim ha'm tag'i' basqa a'debiy qaharmanlardi'n' mi'sali'nan ko'riwimizge boladi'. Romanda jazi'wshi'ni'n' qaharman obrazi'n jasaw principleri di'qqatqa i'layi'q. Avtor bul bag'darda buri'ng'i' da'stu'riy usi'ldan-unamsi'z qaharmandi' qara boyawlar, unamli' qaharmanlardi' jarqi'n boyawlar menen bezep su'wretlewden wo'zin awlaq tutadi'. Ha'r bir qaharmandi' avtor wo'zinin' ta'biyg'i'y ag'i'si' menen su'wretlewge umti'ladi'. Wol buni'si'z woqi'wshi'ni' isendire almaytug'i'nli'g'i'n tu'sinedi. Mi'sali', romanni'n' bas qaharmanlari' Wo'tenazar, Porxan maqsi'm, Sari'gu'l kempir, Ayi'mbet, Qudaynazar, Aysara, I'ri'snazar, Margarita h.t.basqalar avtorli'q simpatiya menen su'wretlengeni menen de, jazi'wshi' za'ru'r jerinde wolardi'n' kemshiligin, yekileniwlerin, qorqi'ni'shi'n, albi'rap sasi'wlari'n h.t.b insani'y pazi'yletlerin jasi'rmay su'wretlewdi abzal k`o'redi. Bul na'rse ati' atalg'an a'debiy qaharmanlardi'n' turmi'sshan'li'q si'pati'n joqari'lati'p, wolarg'a degen woqi'wshi'ni'n' isenim da'rejesin artti'radi'.

Juwmaqlap aytqanda, M.Ni'zanov prozasi' qaraqalpaq milliy prozasi'na belgili u'les boli'p qosi'ldi'. Woni'n' gu'rrin'leri, povestleri, romanlari' buri'n prozami'zda qolg'a ali'nbag'an tema, ideya, obrazlardi' jatati'wda belgili rol oynaydi'. A'sirese, woni'n' gu'rrin'leri yumor-satirali'q usi'lda ja'miyetshiligimizdegi unamsi'z illetlerdi su'wretlewge xi'zmet yetse, al povestleri

menen romanlari’ totalitar du’zim da’wiri illetlerin sa’wlelendiriwde, adam ta’g’dirinin’ ju’da’ quramali’ bolg’anli’g’i’n, sonda da insanlardi’n’ ata-babalari’mi’zdan kiyati’rg’an qa’diryatlardi’ saqlaw, wolardi’ wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladqa jetkeriwde u’lken xi’zmet islegenligin ashi’q aydi’n su’wretlegen.

## PAYDALANI'LG'AN A'DEBIYATLAR

### I. Siyasi'y ha'm ja'miyetlik a'debiyatlar.


1. Каримов И.А. Жаңаша ойлаў-дәўир талабы, Нөкис: «Қарақалпақстан», 1991;
2. Каримов.И. Руўхый тиклениў жолында. Ташкент, «Өзбекстан» баспасы, 1996;
3. Karimov I. A. Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. Tashkent, «Manaviyat», 2008;
4. Миллий ғәрезсизлик идеясы тийкарлары: түсиниклер ҳәм принциплер. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2001


### II. Ilimiy-metodikali'q a'debiyatlar


5. Адабий турлар ва жанрлар. I том. Тошкент, «Фан», 1991.
6. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.
7. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994.
8. Алламбергенов К. Дәўир, әдебият ҳәм талап. 1986-жылдың әдебий жыл жуўмағы // Әмиўдәрья, 1987. № 5.
9. Бахадырова С. Гүрриң ҳәм жаслар творчествосы//«Әмиўдарья», 1970, №3.
10. Баҳадырова С. Гүрриңлерде шеберлик мәселеси//«Әмиўдәрья», 1970 №10.
11. Баҳадырова С. Шеберликтиң сырларына//«Әмиўдәрья», 1971, №11.
12. Баҳадырова С. Ҳәзирги қаракалпақ әдебиятында аўыл турмысының сүўретлениўи//«Әмиўдәрья», 1978 №4.
13. Баҳадырова С. Дәслепки қарақалпақ гүрриңлери ҳаққында//«Вестник ККФанӨзССР», 1970 №4.
14. Баҳадырова С. Гүрриң жанрының гейпара өзгешеликлери//«Вестник КК Фан ӨзССР», 1970 № 3.
15. Баҳадырова С. Бүгинги гүрриңшилигимиз ҳаққында-Қарақалпақ әдебияты мәселелери, I топлам. Дүзген ҳәм баспаға таярлаған Ж.Нарымбетов, Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975.

16. Баҳадырова С. «Китабы дедам Қорқыт», «Едиге», «Қоблан» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
17. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, 2002.
18. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары (ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде көркем психологизм проблемасы). Нөкис. «Қарақалпақстан», 1986.
19. Есенов Ж. Таныլған тулғалар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2000.
20. Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. No’kis: «Qaraqalpaqstan», 2013;
21. Камалов Қ. Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1999.
22. Камалов Қ. Қарақалпақ повести (жанрдың эволюциясы). Нөкис. «Қарақалпақстан», 1978.
23. Мамбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995.
24. Қожықбаев Ә. Қарақалпақ роаны (конфликт ҳәм қаҳарман образы). Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
25. Қурамбаев К. Қорақалпоқ сатирасининг дарғалари-К.Қурамбаев. Адабиё жараён. Ижод маъсуляти. Адабий алоқалар. Тошкент, 2009.
26. Мәмбетов К. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебияты ҳәм оның гейпара мәселелери // «Еркин Қарақалпақстан», 2001, 16-январь.
27. Мирвалиев С. Ўзбек романи. Тошкент: «Фан», 1969.
28. Нарымбетов Ж. Жаңа эстетикалық шеклерге қарай. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985.
29. Нарымбетов Ж. Вопросы каракалпакской литературы. Нукус, «Каракалпакстан», 1989.
30. Нуржанов П. Көркем прозаның баянлаў усылы ҳәм оны изертлеўдиң айырым теориялық мәселелери // Әмиўдәрья. – Нөкис, 2002. - № 5.
31. Нуржанов П., Турдымуратова М. Ҳәзирги қарақалпақ повестин изертлеўдиң айырым мәселелери // Устаз газетасы, 2003, 4-декабрь.
32. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, «Билим», 2003.
33. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, «Билим», 1993

34. Нуржанов П. Қарақалпақ романы поэтикасы. Нөкис: «Билим», 2008.
35. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы (сюжет ҳәм конфликт поэтикасы). Нөкис: «Билим», 2009.
36. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М., ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011.
37. Расулов А. Танқид. Талқин. Баҳолаш. Тошкент: «Фан», 2006.
38. Сағидуллаева Ж. Жазыўшы лабораториясы ҳәм индвидуал стил (Жазыўшы ҳәм көркем текст мәселеси) // «Әмиўдәрья», 2008, №3
39. Сағидуллаева Ж. «Ақырет уйқысы»ндағы кеўил толғаныслары // «Еркин Қарақалпақстан», 2009, 21-май.
40. Султанов Қ. Прозаның раўажланыў жоллары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977.
41. Умуров Ҳ. Адабиёт назарияси. Тошкент: «Шарқ», 2002
42. Оразымбетов Қ. Тынышсыз руўх толғаныслары. Алғы сөз-М.Нызанов. Ақырет уйқысы. Повесть. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2008.
43. Оразымбетов Қ. Кеўил дүньямызға ҳүжим (жазыўшы дөретиўшилигине штрихлар)-Ҳәзирги филология илиминиң әҳмийетли мәселелери. Нөкис: 2011, 122-126-bb.
44. Оразымбетов Қ. Инсаннын руўхый кеширмелери ямаса жазыўшы дөретиўшилигине штрихлар // «Еркин Қарақалпақстан», 2011, 14-май.
45. Оразымбетов Қ. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебияты ҳаққында ойлар. // «Еркин Қарақалпақстан», 2008, 25-сентябрь.
46. Оразымбетов Қ. Ғәрезсизлик ҳәм әдебият// «Қарақалпақ әдебияты», 2014, сентябрь.
47. Худайбердиев Е. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, 2003;
48. Нурмухаммедов М. Шығармаларының еки томлығы. I-II том. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984;

**III. Avtoreferatlar**

49. Баҳадырова С. Современный каракалпакский рассказ (1956-1964). Автореф…кан….дис…, Тошкент, 1970
50. Кожыкбаев А. Конфликт и герой в каракалпакском романе. Автореф…кан….дис…, Тошкент, 1971.
51. Сагидуллаева Ж. Қорақалпоқ қиссаларида услубий изланишлар. Филол. фан. номз. … дис. автореф. Нукус. 2010.

**IV. Ko'rkem a'debiyatlar**

52. Нызанов М. Еки қанхор. Повестьлер. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1998
53. Нызанов М. Ақшагүл. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2004;
54. Нызанов М. Ақырет уйқысы. Повесть. Нөкис: «Билим», 2006;
55. Нызанов М. Таңламалы шығармалары. IV томлық. I том. Гүрриңлер. Нөкис: «Билим», 2008;
56. Нызанов М. Таңламалы шығармалары. IV томлық. II том. Гүрриңлер. Нөкис: «Қарақалпақстан» 2009;
57. Нызанов М. Таңламалы шығармалары. IV томлық. III том. Нөкис: «Қарақалпақстан» 2015;
58. Нызанов М. Душпан. Роман. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010;
59. Нызанов М. Ҳаўа кемесиндеги екеў. Повесть. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2015;